

# ФIЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯIЭУ ГАЛАТИЕ ХЭКУМ ИСХЭМ АПОСТОЛ ПАУЛ ЯХУИТХА ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сыапостол Паулщ. Апостол сыхъуну сыкъыхэзыхар цIы-
хухэракъым, цIыху гуэрми сыкъигъэкIуакъым, сыкъыхэзыхар
Хьисэ Мэссихьрэ ар лIахэм къахэзыгъэтэджыкIыжа Тхьэуэ Адэ
лъапIэмрэщ. 2 Сэри сэ си гъусэ къуэш псоми Галатие хэкум*
щыIэ члисэ зэхуэсхэм фIэхъус фыдох.
3 Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ къа-
бгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлърес.
4Хьисэ Мэссихьщ иджырей дунейм и тепщэныгъэм дыкъыIэ-
щIихыжын, ди Тхьэуэ икIи ди Адэ лъапIэм зэрыфIэигъуам тету,
ди гуэныхьхэр ипшыныжын щхьэкIэ, зи псэр зытар. 5 МыкIуэ-
дыжын щIыхьышхуэр абы ейщ. Iэмин.

1:2 Галатие хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. А хэкур иджырей Тыркум и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм итащ.

*НэгъуэщI хъыбарыфI щыIэкъым*

6 Мэссихь и нэфI щыхуэныгъэкIэ Тхьэуэ зи бынхэм ящыщ
фыхъуну фыкъыхуезыджам и гъуэгу фытекIыу, апхуэдэу псын-
щIэу нэгъуэщI хъыбарыфIу жыхуаIэм и гъуэгу фызэрытехьар
ину согъэщIагъуэ. 7 НэгъуэщI хъыбарыфI* щыIэкъым. ЦIыху
гуэрхэм фи щхьэхэр зэIагъэхьэ, Мэссихь теухуа хъыбарыфIри
зэрахъуэкIыну хуейщ. 8 ХъыбарыфIу дэ фхуэтIуэтам фIэкIа
нэгъуэщI хъыбарыфIу жыхуаIэр къыфхуэзыIуатэм, дэрами
уафэм щыщ мелыIычырами, Тхьэм и ней къыщрехуэ. 9ИпэкIэ
къыжытIэгъар аргуэру къыжызоIэж: фэ къабыл фщIа хъыба-
рыфIым фIэкIа нэгъуэщI хъыбарыфIу жыхуаIэр къыфхуэзыIуа-
тэм Тхьэм и ней къыщрехуэ.

10 Иджы цIыхухэм сыкъызэрадэным сыхэт, е Тхьэм сыкъы-
зэридэныр ара сызыхэтыр? Е цIыхухэм я гум сызэрырихьы-
ныра сызыхэтыр? ЦIыхухэм я гум сызэрырихьыным иджыри
къэс сыхэтатэмэ, Мэссихь сыхуэлажьэу сыщытынтэкъым.

*Паул апостол зэрыхъуар*

11Си къуэшхэ, сэ фхуэсIуэта хъыбарыфIыр цIыхум къызэ-
рыбгъэдэмыкIар фщIэну сыхуейщ. 12 Зы цIыху гуэрым а хъыба-
рыфIыр къеIысхакъым, зыми ар сигъэщIакъым, езы Хьисэ
Мэссихь къысхуигъэнэхуащ а хъыбарыфIыр.

13 Журт диным сыхэту згъэкIуа гъащIэр зыхуэдэм и хъыба-
рыр зэхэфхащ. Тхьэм и члисэ зэхуэсхэм щыщхэм гугъуехьы-
шхуэ езгъэшэчу, згъэкIуэдыну и ужь ситащ. 14 Сэ си лъэпкъым
щыщу, си ныбжьэгъу куэдым я пэ ситащ журт диным сызэры-
хэтамкIэ. Ди адэжьхэм къытхуагъэна хабзэхэм си фIэщу са-
хэтт. 15,16Ауэ си анэм и пкъым силъу Тхьэм сыкъыхихащ. И
нэфI щыхуэныгъэкIи и бынхэм ящыщ сыхъуну сыкъыху-
риджащ. ИтIанэ и Къуэм теухуа хъыбарыфIыр хамэ лъэпкъ-
хэм* ялъэзгъэIэсын щхьэкIэ, и Къуэр сигъэлъагъуну Тхьэм
игъуэу щилъытэм, зы цIыху чэнджэщэгъу сщIакъым. 17 Сэ сяпэ
апостол хъуа цIыхуу Ерусалим дэсахэм я деж сыкIуакъым, ауэ
Аравие къэралым* сыкIуэри, Дамаск къалэм згъэзэжащ итIанэ.

---

1:15-16 хамэ лъэпкъхэр – мыжуртхэр арщ.

1:17 Аравие къэралыр – ар наватейхэм я пащтыхьыгъуэр арагъэнкIи мэхъу. А пащтыхьыгъуэр Палестинэ къэралым и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм итащ. А пащтыхьыгъуэм и къалэшхуэу щытар Петрэщ.

[18] Илъэсищ щыдэкIым, дызэрыщIэн щхьэкIэ Петр деж Еру-
салим сыкIуащ, абы деж махуэ пщыкIутху сыщыIащ. [19] Зиусхьэ-
ным и къуэш Екъуб* нэмыщI, адрей апостолхэм ящыщ зыри
слъэгъуакъым. [20] Ныфхуэстхар зэрымыпцIымкIэ Тхьэ соIуэ.
[21]Абы и ужькIэ Сирие, Киликие хэкухэм* сыкIуащ. [22] Мэссихь
и члисэ зэхуэсу Иудей хэкум щыIэхэм си нэкIу ялъэгъуатэкъы-
ми, сацIыхуртэкъым. [23]Абыхэм цIыхухэм мыпхуэдэу къызэры-
жаIэр зэхахыу щыта къудейщ: «Нэхъапэм гугъуехь дэзыгъэшэча
лIыуэ ди фIэщхъуныгъэр зыгъэкIуэдыну и ужь иту щытам а
фIэщхъуныгъэм и хъыбарыфIыр иджы цIыхухэм яхуеIуатэ».
[24]Арати, сэр щхьэкIэ Тхьэм щIыхьышхуэ хуащIырт.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Адрей апостолхэм Паул къабыл зэращIар*

ИтIанэ, илъэс пщыкIуплI дэкIа нэужь,* Ерусалим сыкIуащ
Варнавэ* си гъусэу. Тити* здэсшащ. [2] Ерусалим сыкIуэн хуейуэ
Тхьэм къызгуригъэIуати, сыкIуащ. Хамэ лъэпкъхэм яхуэсIуатэ
хъыбарыфIыр унафэщI къуэшхэм я закъуэу я пащхьэм щысIуэ-
тащ, сэ злэжь икIи злэжьа Iуэхур пщIэншэ мыхъун щхьэкIэ.
[3] Титу си гъусар алыдж лъэпкъым щыщ пэтми, сунэт заригъэ-
щIын хуейуэ абыхэм хагъэзыхьакъым. [4] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
къуэш нэпцI гуэрхэу ди къуэшхэм захэзыгъэзэрыхьахэр арат
зыхуеяр. Мэссихь Хьисэ ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, диIэ
щхьэхуитыныгъэм еплъакIуэу, Торэт хабзэм и бжьым дыщIа-
гъэувэжыну и ужь итт ахэр. [5]Ауэ хъыбарыфIым и щыпкъагъэр
мыкIуэду къыфхуэдгъэнэн щхьэкIэ, а цIыхухэм дахуикIуэ-
такъым икIи дахуэIурыщIакъым.

---

1:19 Зиусхьэным и къуэш Екъуб – Ерусалим щыIэ члисэ зэхуэсым и унафэщI къуэшхэм ящыщу щытащ. Еплъ Апостол. 15:13.

1:21 Киликие хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. А хэкур иджырей Тыркум и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм итащ. А хэкум и къалэшхуэу щытар Тарсщ. Апостол Паул а къалэшхуэм къыщалъхуащ.

2:1 илъэс пщыкIуплI дэкIа нэужь – Паул Хьисэ и гъуэгу щытехьам къыщыщIэдзауэ аращ.

2:1 Варнавэ – еплъ 1 Кор. 9:6.

2:1 Тит – еплъ 2 Кор. 2:13.

[6] Къуэшхэм пашэу ялъытэу щытахэр, пашэу щытахэми щы-
мытахэми, си зэхуэдэщ; Тхьэр цIыхухэм я фэм емыплъу, цIыху
псори и зэхуэдэу щытщ – а пашэхэм сэ цIыхухэм езгъащIэ хъы-
барыфIым зыри хагъэхъуакъым. [7]Ауэ сунэт ящIахэм* хъыба-
рыфIыр ялъигъэIэсыну Тхьэм Петр и пщэм къызэрыдилъхьам
хуэдэу, сунэт ямыщIахэм* хъыбарыфIыр ялъэзгъэIэсыну Тхьэм
си пщэм къызэрыдилъхьар ягурыIуащ. [8] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Петр сунэт ящIахэм апостолу Iуэху яхуищIащ, сэри сунэт
ямыщIахэм сыапостолу Iуэху яхуэсщIащ, а зы Тхьэр Петри сэри
къыддэлэжьащ. [9] Къуэшхэм пашэ пкъоууэ ялъытэу, Екъуб,*
Кифэ, Иуан* сымэ Тхьэм и нэфI къызэрысщыхуар ящIати, ахэ-
ри, сэри, Варнавэри дызэрызэдэлажьэм и нэщэнэу ди Iэхэр
къаубыдащ: Дэ хамэ лъэпкъхэм я деж дыкIуэн хуеящ, ахэр сунэт
ящIахэм я деж кIуэн хуеящ. [10] «Ди тхьэмыщкIэхэм фадэIэпы-
къуну зыщывмыгъэгъупщэ», жаIэу, а зы закъуэрщ къызэрыдэ-
лъэIуар. А Iуэхум си фIэщу сыхэтащ.

*КифэкIэ зэджэ Петрым Паул зэрыпэувар*

[11] Кифэ Антиохие къалэм* къыщыкIуам, IуэхугъуэгуэркIэ
къуаншэ хъуати, и пащхьэм сихьэри, сыпэуващ. [12] Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Екъуб деж лIы гуэрхэр къикIын и пэкIэ, Петр мыжурт-
хэм ядэшхэу щытащ. Ауэ а лIыхэр къыщыкIуэм, Петр къикIуэ-
тыжри, и щIыбагъыр мыжуртхэм яхуигъэзащ, сунэт ящIахэм
ящышынати. [13]Адрей журтхэми Петр и фитIнагъэ Iуэхум зыд-
рагъэшэхащ. Уеблэмэ Варнави абыхэм я фитIнагъэм зыIэпи-
шащ.
[14] ХъыбарыфIым и щыпкъагъэм зэрытемытыр щыслъагъум,
псоми я пащхьэм Петр щыжесIащ: «Уэ ужурт пэтми, журт хабзэ-
хэм утемыту, хамэ лъэпкъхэм я хабзэхэм утету уопсэу. АтIэ
сыт журт хабзэкIэ мыжуртхэр бгъэпсэуну ущIыхэтыр?»

---

2:7 сунэт ящIахэр – журтхэр арщ.

2:7 сунэт ямыщIахэр – мыжуртхэр арщ.

2:9 Екъуб – еплъ 1:19.

2:9 Кифэ, Иуан – КифэкIэ зэджэр Петрщ. А тIур Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ лIы пщыкIутIым ящыщт.

2:11 Антиохие къалэр – Сирие хэкум иту щыта Антиохие къалэр аращ. Еплъ Апостол. 11:19-26.

### *Адрей лъэпкъхэм яхуэдэу, Хьисэ МэссихькӀэ журтхэми фӀэщхъуныгъэ яӀэмэ, мыкӀуэду къелынущ*

[15] Дэ журту дыкъалъхуащ. Гуэныхь зыщӀэ хамэхэм дащыщ-
къым. [16]Ауэ дэ дыжуртми, мыр дощӀэ: ЦӀыху гуэрым Торэт
хабзэм итхэр зэригъэзащӀэм щхьэкӀэ Тхьэм абы щыпкъагъэ иӀэу
илъытэнукъым, атӀэ Хьисэ МэссихькӀэ фӀэщхъуныгъэ зэриӀэм
щхьэкӀэщ щыпкъагъэ иӀэу щӀилъытэр. Аращи, дэри МэссихькӀэ
фӀэщхъуныгъэ диӀэ хъуащ, МэссихькӀэ фӀэщхъуныгъэ диӀэ зэ-
рыхъуам щхьэкӀэ Тхьэм щыпкъагъэ диӀэу дилъытэн папщӀэ.
Торэт хабзэм итхэр дгъэзэщӀэным и Ӏуэху абы хэлъкъым, сыт
щхьэкӀэ жыпӀэмэ, цӀыху гуэрым Торэт хабзэм итхэр зэригъэ-
защӀэм щхьэкӀэ Тхьэм а цӀыхум щыпкъагъэ иӀэу илъытэну-
къыми.
[17]Ауэ Мэссихь ди псэм зэрыщыщым щхьэкӀэ, Тхьэм щы-
пкъагъэ диӀэу дызэрилъытэнум дыщыгугъыурэ, гуэныхь
зытелъ цӀыхуу дыкъыщӀэкӀамэ, Мэссихь гуэныхь дигъэщӀауэ
хъунутэкъэ? Хьэуэ, апхуэдэу хъункӀэ Ӏэмал иӀэкъым. [18] Сыт
щхьэкӀэ жыпӀэмэ сэ зэхэскъутар зэхэзгъэувэжмэ,* абы щыгъуэ
Тхьэм и унафэхэм сызэрытекӀар хьэкъщ. [19] Торэт хабзэм и Ӏуэху
къысхэмылъыжу, Торэт хабзэм дежкӀэ цӀыху лӀа сыхъуащ – ар
къызыпкърыкӀар Торэт хабзэр арщ – Тхьэм сыхуэпсэун щхьэ-
кӀэ. Мэссихь сригъусэу жорым сраӀулӀащ. [20]Аращи, иджы псэур
сэракъым, атӀэ си псэм щыщ Мэссихьыр арщ. Мы дунейм
щызиӀэ гъащӀэр Тхьэм и КъуэмкӀэ фӀэщхъуныгъэ си гум илъу
сиӀэщ. Абы фӀыуэ силъагъури, и псэр сэр щхьэкӀэ итащ. [21] Тхьэм
и нэфӀ щыхуэныгъэм сыхуэмейуэ щыткъым, сыт щхьэкӀэ жыпӀэ-
мэ Тхьэм Торэт хабзэм итхэр зыгъэзащӀэ цӀыхум щыпкъагъэ
иӀэу илъытатэмэ, абы щыгъуэ Мэссихь пщӀэншэу лӀауэ хъунт.

---

2:18 зэхэскъутар зэхэзгъэувэжмэ – «Торэт хабзэм итхэр бгъэзащӀэкӀэ Тхьэм дежкӀэ щыпкъагъэ уиӀэ хъунукъым», жысӀауэ, къыжысӀэгъа псалъэхэр зэсхъуэкӀыурэ, иджы «Торэт хабзэм итхэр бгъэзащӀэмэ, Тхьэм дежкӀэ щыпкъагъэ уиӀэ хъунущ», жысӀэмэ, Тхьэм и унафэхэм сатекӀауэ мэхъу.

# 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Торэт хабзэм и гъуэгу дрикIуэн,*
*хьэмэ фIэщхъуныгъэм и гъуэгу дрикIуэн?*

Акъылыншэ Галатие цIыхухэ! Хэт фыдэзыхьэхар! Зэпкъры-
хауэ фхуэтIуэтэжакъэ Хьисэ Мэссихь жорым зэрыраIулIар? [2]Мы
зы закъуэр сывгъэщIэну сыхуейщ: Тхьэм и Псэ ЛъапIэр фи гум
илъ зэрыхъуар Торэт хабзэм итхэр вгъэзэщIэным и гъуэгукIэ,
е зэхэфха хъыбарыфIымкIэ фIэщхъуныгъэ фиIэным и гъуэгукIэ?
[3]Апхуэдизу фыакъылыншэхэ? Къыщывублам щыгъуэ Тхьэм и
Псэ ЛъапIэм фыщыгугъащ, иджы цIыху нэгъэса фызэрыхъу-
ным фи лъэкIыныгъэкIэ фыхунэсыну фыхуей? [4] Апхуэдиз гу-
гъуехь куэд пщIэншэу фшэча? Хьэуэ, ар пщIэншэу щытакъым,
пэжкъэ? [5] Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэр фигухэм кърелъхьэ, Iуэху
телъыджэхэри фи деж щелэжь. Апхуэдэу щIищIэр Торэт хабзэм
итхэр вгъэзэщIауэ ара, е зэхэфха хъыбарыфIымкIэ фIэщхъу-
ныгъэ фиIэ зэрыхъуар ара?

[6]Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,* «Ибрэхьим
ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ хъуати, Тхьэм абы щыпкъагъэ иIэу
илъытащ». [7]Аращи, фIэщхъуныгъэ зиIэхэр Ибрэхьим и бын
пэжу зэрыщытыр зэвгъащIэ. [8] Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ*
хамэ лъэпкъхэм ящыщхэми езымкIэ фIэщхъуныгъэ зэраIэм
щхьэкIэ, Тхьэм абыхэм щыпкъагъэ яIэу зэрилъытэнур. Апхуэдэу
щыхъукIэ, Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ,* Тхьэм Ибрэхьим хъы-
барыфIыр къызэрыжриIар, «Лъэпкъ псоми си нэфI ящыхуэнущ
уэ уи хьэтыркIэ», жиIэурэ. [9]Аращи, ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ
Ибрэхьим Тхьэм и нэфI къызэрыщыхуам хуэдэу, ТхьэмкIэ фIэщ-
хъуныгъэ зиIэ псоми абы и нэфI къащыхуэнущ.

[10] Торэт хабзэм итхэр ягъэзащIэмэ, Тхьэм щыпкъагъэ яIэу
зэрилъытэнум щыгугъ цIыху псоми Тхьэм и ней къащыхуащ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ:* «Торэт хаб-
зэм и тхылъым ит псори сыт щыгъуи зымыгъэзащIэм Тхьэм и
ней къыщохуэ». [11] Торэт хабзэм итхэр зэрагъэзащIэ гъуэгукIэ
Тхьэм дежкIэ зыми щыпкъагъэ зэримыгъуэтыр нахуэщ, сыт

3:6 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ 1 Мусэ 15:6.

3:8 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ 1 Мусэ 12:3.

3:10 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ 5 Мусэ 27:26.

щхьэкІэ жыпІэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,*
«ФІэщхъуныгъэ зэриІэм щхьэкІэ Тхьэм дежкІэ щыпкъагъэ зиІэр
псэунущ». [12] Торэт хабзэм итхэр бгъэзэщІэным и Іуэхур фІэщ-
хъуныгъэ уиІэным и Іуэхум епхауэ щыткъым, ауэ Тхьэм и псалъэ
тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,* «Торэт хабзэм итхэр зыгъэзащІэр
абыкІэ псэунущ». [13]Ди къуаншагъэм хуэфащэ гугъуехьыр езым
зэрызытрилъхьамкІэ, Торэт хабзэм дызэригъэкъуэнша Іуэхур
дэ тщхьэщихыжри, ди щхьэхэр къищэхужащ Мэссихь, сыт
щхьэкІэ жыпІэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,*
«Пкъом кІэралІыхь дэтхэнэми Тхьэм и ней къыщохуэ».
[14] Мэссихь ди щхьэхэр къыщІищэхужар Тхьэм Ибрэхьим
къызэригъэгугъа нэфІ щыхуэныгъэр езы Мэссихь Хьисэ хамэ
лъэпкъхэми ялъигъэсын папщІэщ. Апхуэдэ щыхъукІэ дэ
фІэщхъуныгъэ зэрыдиІэм щхьэкІэ, Тхьэм дызэригъэгугъа и Псэ
ЛъапІэр дигухэм къарилъхьэнущ.

*Торэт хабзэмрэ Тхьэм дыкъызэригъэгугъамрэ зэрызэхуэмыдэр*

[15] Си къуэшхэ, мы дунейм и Іуэхухэр щапхъэ ирехъу: ЦІы-
хухэм зэдащта зэгурыІуэныгъэр ягъэпэжа нэужь, ар игъэкІуэ-
дын зыми лъэкІынукъым, абы хигъэхъуэни зыми лъэкІыну-
къым. [16]Апхуэдэу, Тхьэм Ибрэхьимрэ абы къытехъукІыну бы-
нымрэ ІыхьэфІхэмкІэ игъэгугъащ. «Уэ къыптехъукІыну быныр»
щыжиІэкІэ, зы цІыху закъуэ кърагъэкІыу Тхьэм и псалъэ тхахэм
хэтщ.* Ар жыхуиІэр Мэссихьщ. «Уэ къыптехъукІыну цІыхухэр»,
жиІэу куэд къикІыу хэткъым. [17] Сэ жыхуэсІэр мыращ: Тхьэм
езымрэ Ибрэхьимрэ яку зэгурыІуэныгъэ дилъхьэу илъэс щи-
плІрэ щэщІрэ дэкІауэ къежьа Торэт хабзэм а зэгурыІуэныгъэр
игъэкІуэдын лъэкІынукъым. Тхьэм Ибрэхьимрэ абы къытехъу-
кІыну бынымрэ къызэригъэгугъа ІыхьэфІри къимыгъэхъун
лъэкІынукъым Торэт хабзэм. [18]Тхьэм цІыхухэм ІыхьэфІыр къа-
лъигъэсыныр Торэт хабзэм итхэм я гъэзэщІэным епхауэ щытмэ,

---

3:11Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Хабэкук (Аввакум) бегъымбарым и тхылъым 2:4.

3:12 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ 3 Мусэ 8:5.

3:13 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ 5 Мусэ 21:23.

3:16 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ 1 Мусэ 12:7.

абы щыгъуэ Тхьэм ахэр къызэригъэгугъам Iыхьэфlыр епха-
къым. Ауэ, ипэжыпIэкIэ, Тхьэм къызэригъэгугъам щхьэкIэщи,
аращ и нэфI щыхуэныгъэкIэ а IыхьэфIыр Ибрахьим щIылъигъэ-
сар.
[19]Торэт хабзэр щIыщыIэр сыт абы щыгъуэ? Хабзэм текIыныр
зыхуэдэр цIыхухэм ягуригъэIуэн щхьэкIэ, Тхьэм Торэт хабзэр
къаритащ. Ибрэхьим къытехъукIыну быну* Тхьэм къызэригъэ-
гугъар къэкIуэху, Торэт хабзэм тепщэныгъэ иIэн хуеящ. Тхьэм
Торэт хабзэр мелыIычхэм яIэщIилъхьэри, абыхэми ар лIыкIуэ
гуэрым* IэщIалъхьэжащ. [20] Зы фIэкIа нэгъуэщI щымыIэмэ,
лIыкIуэ хуэныкъуэкъым, атIэ Тхьэр закъуэщ.

*ПщылIхэмрэ къуэхэмрэ*

[21] Торэт хабзэр Тхьэм Ибрэхьим къызэригъэгугъа IыхьэфIхэм
япэуврэ? Хьэуэ, апхуэдэу хъункIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ цIыхухэм
гъащIэ яIэ зыщIыфын хабзэ щыIатэмэ, а хабзэмкIэ Тхьэм дежкIэ
цIыхухэм щыпкъагъэ яIэ хъунт. [22]Дунейм и цIыху псори гуэны-
хьым и IэмыщIэм зэрилъыр Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ.* Ап-
хуэдэу щIэхъуар Хьисэ МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр Тхьэм
къызэригъэгугъа IыхьэфIыр фIэщхъуныгъэ зиIэ а цIыхухэм
ягъуэтыжын папщIэщ.
[23] ФIэщхъуныгъэм и гъуэгур къэмылъэгъуауэ, Торэт хабзэм
дызэкIуэцIипхауэ, Iэпхлъэпх дищIауэ гъэру диIыгъащ, фIэщ-
хъуныгъэм и гъуэгур къэлъэгъуэху. [24]Апхуэдэу фIэщхъуныгъэ
зэрыдиIэм папщIэ, Тхьэм щыпкъагъэ диIэу дилъытэн щхьэкIэ,
Торэт хабзэм Хьисэ Мэссихь деж дишэну, пашэ къытхуэхъуащ.
[25]Ауэ иджы, фIэщхъуныгъэм и гъуэгур къэлъэгъуа нэужь, Торэт
хабзэм тепщэныгъэ къытхуиIэжкъым. [26] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Мэссихь ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зэрывиIэм папщIэ, фэ псори
Тхьэм фрибынщ. [27] Фэ псоми, Мэссихь зи псэм хэлъыну яумэ-
хъахэм, Мэссихь и щэныр фащэ фшIащ. [28] Журтрэ алыджу,
пщылIрэ щхьэхуиту, цIыхухъурэ цIыхубзу цIыхур зэхэгъэж
щIын хуейкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Мэссихь Хьисэ фи псэм
зэрыхэлъым папщIэ псори зы фыхъуащ. [29] Мэссихь фызэрейм

3:19 Ибрэхьим къытехъукIыну быныр – Мэссихьщ.

3:19 лIыкIуэ гуэр – Мусэ бегъымбарыр арщ.

3:22 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур)13:3, Рим 3:9-18.

щхьэкIэ Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэм фащыщщ. Тхьэм Иб-
рэхьимрэ абы къытехъукIа цIыхухэмрэ къызэригъэгугъа Iы-
хьэфIхэр фэри къыфлъысынущ абы щыгъуэ.

## 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Сэ жыхуэсIэр мыращ: Адэм и мылъкур къызыхуэнэну къуэр
цIыкIуху, мылъку псори абы лъысынуми, ар унэIутым хуэда-
бзэщ. 2 Абы зи нэIэ тет цIыхухэмрэ и мылъкур зезыхьэхэмрэ
яхуэIурыщIэн хуейщ, и адэм игъэува махуэм нэсыху. 3 Апхуэдэу,
Тхьэм и Iуэхухэмкlэ дэри цIыкIуу дыщыщытам, мы дунейм
теухуауэ цIыхухэм яIэ къызэрыгуэкI еплъыкIхэм драпщылIащ.
4 Ауэ пIалъэр нэса нэужь, Тхьэм езым и Къуэр къигъэкIуащ. Ар
цIыхубзым къыщIэхъуащ, Торэт хабзэм и тепщэныгъэм щIэтащ.
5 Тхьэм ар къыщIигъэкIуар абы Торэт хабзэм и тепщэныгъэм
щIэтхэр къыщIишыжу, я щхьэхэр ищэхужын папщIэщ, Тхьэм
дэ псори и бын хуэдэу дилъытэн щхьэкIэ. 6 Тхьэм фызэрибыным
щхьэкIэ абы и Къуэм и Псэ ЛъапIэу «Аббэ,* ди Адэ!» жызыIэу
фи гум кърилъхьащ. 7 Аращи, уэ уунэIутыжкъым, атIэ къуэ
ухъуащ. Къуэ узэрыхъуам щхьэкIэ Тхьэм и бынхэм Iыхьэфlу
къалъигъэсыр уэри къыплъигъэсынущ.

*Галатие цIыхухэм Паул зэрахуэгузавэр*

8 БлэкIа зэманым Тхьэр фымыщIэу фыщыщытам, тхьэкIэ
зэджэ тхьэ нэпцхэм фахуэлэжьащ. 9 Ауэ иджы Тхьэр фщIэ хъуауэ,
е Тхьэм фыкъищIауэ жысIэмэ, нэхъыфIкъэ, лъэкIыныгъэ зимыIэ
а еплъыкIэ мыхьэнэншэхэм захуэвгъэзэжыну фыщIыхуейр сыт?
Абыхэм аргуэру пщылI фахуэхъужыну фыхуей? 10 Хэха махуэ-
ри, мазэри, зэманри, илъэсри вгъэлъапIэ. 11 Фэр щхьэкIэ согу-
завэ, сэ гугъу пщIэнщэу зывдезмыгъэхьауэ пIэрэ фэ?

12 СынывольэIу, си къуэшхэ, сэ схуэдэ фыхъу, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ сэри фэ хуэдэ сыхъуащ. Фэ мыхъумыщIагъэ къызэф-
щIакъым. 13 ЗэрыфщIэщи, Тхьэм и хъыбарыфIыр япэ дыдэ

4:6 Аббэ – «адэ» жиIэу арщ.

къыщIыфхуэсIуэтар сызэрысымэджар арщ. 14 Си сыщысы-
маджэм гугъу фыкъыздехьами, нэмыплъ къызэфтакъым икIи
Iумпэми сыфщIакъым, Тхьэм сримелыIыч хуэдэ, е сы-Мэссихь
Хьисэ хуэдэ фыкъысхущытащ. 15 Куэду фыкъысщыгуфIыкIащ.
ФлъэкIыну щытатэмэ, фи нэхэр къифтхъыу къызэфтыным хуэ-
дэт – абы щыхьэт сытохъуэ. 16 НтIэ, щыпкъагъэр зэрывжесIам
щхьэкIэ, сэ фи бий сыхъуа сэ?

17 А цIыхухэр* фэ къывогугъу, ауэ абыхэм я мурадыр фIы-
къым. Ахэр дэ фыдбгъэдашыным хущIокъу, фэ езыхэм фызра-
гъэгугъун щхьэкIэ. 18 Мурадыр фIымэ, зыр зым егугъуныр сыт
щыгъуи фIыщ, сэ фи деж сыщыщыIэ къудейм и мызакъуэу.
19 Си бынхэ, лъхугъэм гугъу иригъэхь цIыхубз сыхуэдэщ фэр
щхьэкIэ, Мэссихь фи псэм щыщ хъуху. 20 Фи деж иджы сы-
щыIатэмэ, си макъыр макъ щабэкIэ сщIыну сыхуейт. Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ фэр щхьэкIэ жысIэнур сщIэркъым.

*Хьэджэррэ Сарэрэ*

21 КъызжефIэ, фэ, Торэт хабзэм и тепщэныгъэм щIэтыну хуей-
хэм, Торэт хабзэм итхэр зэхэфщIыкIыркъэ? 22 Тхьэм и псалъэ
тхахэм хэтщ Ибрэхьим къуитI зэриIар, зыр и унэIут цIыху-
бзым,* адрейр щхьэгъусэ щхьэхуитым* къилъхуауэ. 23 УнэIут
цIыхубзым и къуэр сабий къызэралъху щIыкIэм хуэдэу къалъ-
хуащ, ауэ и щхьэгъусэм и къуэр Тхьэм Ибрэхьим къызэригъэ-
гугъам щхьэкIэ къалъхуащ.

24 А Iуэхум мыхьэнэ щэху хэлъщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а
цIыхубзитIыр зэгурыIуэныгъитIым хуэбгъэдэн плъэкIынущи.
УнэIут цIыхубзу Хьэджэр зи цIэр Тхьэм езымрэ Мусэ бегъым-
барымрэ яку Синай бгым щыдилъхьа зэгурыIуэныгъэм хуэдэщ.
А цIыхубзым къыщIэхъуахэр пщылIт. 25 Хьэджэр Аравие хэкум
щыIэ Синай бгым хуэбгъэдэн плъэкIынущ. А цIыхубзыр иджы-
рей Ерусалими хуэдэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Ерусалимрэ абы
дэс цIыхухэмрэ пщылIыпIэм итщ. 26 Ауэ уафэм щыIэ Ерусалим

---

4:17 а цIыхухэр – Паул пэувхэр арщ. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, Хьисэ и гъуэгу утехьэн ипэ, сунэт уащIын хуейуэ щытащ.

4:22 унэIут цIыхубзым – Хьэджэрщ. Еплъ 1 Мусэ 16:15.

4:22 щхьэгъусэ щхьэхуитым – Сарэщ. Еплъ 1 Мусэ 21:2.

щхьэхуитщ. Ар дэ псоми анэ къытхуохъу. 27 Тхьэм и псалъэ
тхахэм мыпхуэдэу хэтщ:*

«ГуфIэ, уэ, сабий къызыхэмыкI,
сабий къызыщIэмыхъуа цIыхубз.
Уэ, лъхуэным гугъу иримыгъэхьар,
Уи макъ зебгъэIэтауэ гуфIэ.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ лIы зиIэм нэхърэ,
лIым иригъэкIыжа цIыхубзым
иIэ сабийхэр нэхъ куэдщ».

28 Ди къуэшхэ, Тхьэм Ибрэхьим къызэригъэгугъам щхьэкIэ,
Исхьэкъ Ибрэхьим и бын зэрыхъуам хуэдабзэу, дэри Тхьэм и
бын дыхъуащ. 29 Хьэджэр зи цIэ унэIут цIыхубзымкIэ Ибрэхьим
къыщIэхъуа къуэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Ибрэхьим къызэригъэ-
гугъам тету абы къыхуалъхуа* къуэм а зэманым гугъуехь ири-
гъэшэчащ. Иджыри апхуэдэщ. 30Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтыр*
сыт? «Мы унэIут цIыхубзымрэ абы и къуэмрэ зыбгъэдэгъэкIыж,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ щхьэгъусэ щхьэхуитым и къуэм къыхуэ-
нэж мылъкумкIэ унэIут цIыхубзым и къуэм Iыхьэ лъысыну-
къым». 31Аращи, си къуэшхэ, унэIут цIыхубзым дрибынкъым,
атIэ щхьэгъусэ щхьэхуитым дрибынщ.

## 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихь щхьэхуитыныгъэ къызэрыдитар*

Аращи, Мэссихь къывита щхьэхуитыныгъэм быдэу фытет,
пщылIыгъэм и бжьыр цIыхухэм аргуэру зытревмыгъэлъхьэж.
2 Сэ, Паул, нывжесIэм федаIуэ, цIыхухэм сунэт зевгъэщIмэ,
Мэссихь и фIагъ къывэкIынукъым. 3 Иджыри щыхьэт сохъу,
сунэт зезыгъэщI дэтхэнэми Торэт хабзэм ит псори игъэзэщIэн
хуейщ. 4 Фэ Торэт хабзэм итхэр вгъэзащIэмэ, Тхьэм щыпкъагъэ

4:27 Тхьэм и псалъэ тхахэм … яхэтщ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 54:1.

4:29 къуэуэ къызэригъэгугъам тету къалъхуар – Исхьэкъырщ.

4:30 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэтыр – еплъ 1 Мусэ 21:10.

фиIэу филъытэн фи гугъэжурэ, Мэссихь фыбгъэдэкIащ. Тхьэм
и нэфIи къыфлъэIэсыжыркъым. 5 Дэ фIэщхъуныгъэ зэрыдиIэм
щхьэкIэ Тхьэм щыпкъагъэ диIэу дызэрилъытэнум дыщогугъэ.
Апхуэдэу зэрыхъунум Тхьэм и Псэ ЛъапIэми дыщегъэгугъ.
6 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Мэссихь Хьисэ ди псэм щыщмэ, сунэт
дащIауэ щытми щымытми, аракъым Iуэхур зытетыр. Iуэхур
зытетыр ди фIэщхъуныгъэм фIылъагъуныгъэ къызэрыхэкIыр
арщ.

7 Гъуэгу захуэм хъарзынэу фрикIуэрт. Щыпкъагъэм фримы-
гъэдаIуэу, хэт фэ къыфпэрыуар? 8 Апхуэдэу фэзыгъэщIар зи бын-
хэм ящыщ фыхъуну фыкъыхуезыджа Тхьэр аркъым. 9 «Пщагъэ
мащIэми тхьэв псор егъэтэдж». 10 Зиусхьэныр ди псэм зэрыщы-
щым щхьэкIэ, Iуэхухэр сэ зэрызэхэсщIыкIым хуэдэу, фэри
зэхэфщIыкIынкIэ сыфщогугъ. Хэтуи щрет, фызыгъэгулэзым и
къуаншагъэм пэкIур игъуэтыжынущ. 11 Си къуэшхэ, цIыхухэр
сунэт ящIауэ щытын хуейуэ иджы яжесIамэ (сэ жысIауэ жаIэу,
цIыхухэм пцIы къызэрыстралъхьэм хуэдэу), сыт цIыхухэм гугъу
иджыри сыщIрагъэхьыр? ЦIыхухэр сунэт ящIауэ щытын хуейуэ
яжесIатэмэ, абы щыгъуэ Хьисэ жорым зэрыкIэрылIыхьам и
хъыбарым цIыхухэм я гу иримыхьын гуэри къыхэнэнтэкъым.
12 Фызыгъэгулэзхэр лъэныкъуэ ирагъэзакIэщэрэт!

13 Си къуэшхэ, щхьэхуитыныгъэ фиIэну Тхьэм фыкъыхури-
джащ. Ауэ щхьэхуитыныгъэр фи гуэныхьыщIэ щэныжьыр
зыщIэхъуэпс Iейр фщIэнымкIэ лъабжьэ иремыхъу. Зыр зым
фIылъагъуныгъэкIэ IуэхутхьэбзащIэ хурехъу. 14 Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Торэт хабзэм ит псори мы зы унафэ закъуэм* къеубыд:
«Уэ уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ
лъагъу». 15 Ауэ зэпымыууэ фызэдзэгъуу икIи фызэрышхыу
щытмэ, зыр зым зэримыгъэкIуэдыным фыхуэсакъ.

### *Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкI фIыхэмрэ цIыхум и гуэныхьыщIэ щэныжьым къыхэкI Iейхэмрэ*

16 Аращи, нывжызоIэ: Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къызэриущийм
тету фыпсэу. Фи гуэныхьыщIэ щэныжьыр зыщIэхъуэпсым фы-
дишэхынукъым абы щыгъуэ. 17 ЦIыхум и гуэныхьыщIэ щэны-
жьыр зыхуейр Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зыхуейм поув. Тхьэм и Псэ

5:14 мы унафэ закъуэр – еплъ 3 Мусэ 19:18.

ЛъапIэр зыхуейри цIыхум и гуэныхьыщIэ щэныжьыр зыхуейм
поув. Фызыхуейр фымыщIэфыну ахэр зэпоув. 18 Ауэ Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм фызэриущийм тету фыпсэумэ, Торэт хабзэм и тепщэ-
ныгъэм фыщIэтыжынукъым.

19 ЦIыхум и гуэныхьыщIэ щэныжьым къыхэкI Iейхэр нахуэщ.
Мыхэращ: Зинэ щIэныр, гуфIеягъэр, мыхъумыщIэ псэукIэр;
20 тхьэ нэпцIхэр гъэлъэпIэныр, удыгъэ зехьэныр, зэбииныр,
зэщыхьэныр, фыгъуэныр, губжьыныр, цIыхум езым фIэкIа зыри
фIыуэ имылъагъуныр, зэгурымыIуэныр, гуп-гупу зэхэкIыныр,
21 зым зыр илъагъу мыхъуныр, цIыху укIыныр; удэфэныр, щхьэ-
рутIыпщу ефэ-ешхэ щIыныр, апхуэдэ нэгъуэщI Iуэхухэри. Нэ-
хъапэм нызэрывжесIам хуэдэу иджыри нывжызоIэ, апхуэдэ
икIагъэхэр зылэжьхэм Тхьэм и ТепщэныгъэшхуэмкIэ Iыхьэ къа-
лъысынукъым.

22 Ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэдэкI фIыхэр мыращ: ФIы-
лъагъуныгъэр, гуфIэгъуэр, гузэгъэгъуэр, шыIэныгъэр, фIы-
гъуэр, гущIэгъуныгъэр, фIэщхъуныгъэр, 23 гущабагъэр, зышыIэ-
ныгъэр. Мы Iуэхухэм къапэув хабзэ щыIэкъым. 24 Мэссихь зи
псэм щыщ цIыхухэм я гуэныхьыщIэ щэныжьри, фIыуэ ялъэгъуа
бзаджагъэхэри, я хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэхэри, зыщIэхъуэп-
са Iейхэри жорым ираIулIащ. 25 Тхьэм и Псэ ЛъапIэращ гъащIэ
къыдэзытар, абы дызэриущийм тету дыпсэун хуейщ. 26 Дыкъы-
зыфIэщIыжу, дызэрыгъэгубжьу икIи зыр зым дефыгъуэу ды-
щывмыгъэт.

## 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Зым и хьэлъэ адрейм дреIэт*

Ди къуэшхэ, цIыху гуэрым гуэныхь ищIэмэ, фэ, Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр зи гум илъхэм, гущабагъэкIэ ар гъуэгу захуэм тевгъэ-
хьэж. Гуэныхь щIэным зэрызыдевмыгъэхьэхыным фыхуэсакъ.
2 Зым и хьэлъэр адрейм дреIэт. Апхуэдэу хъумэ, Мэссихь и
унафэр вгъэзэщIауэ арщ. 3 Зыгуэрым, цIыкIу пэтрэ, ину зилъы-
тэжмэ, езым и щхьэрщ къигъэпцIэжыр. 4 Езым и Iуэхур зыхуэ-
дэр хэти ирегъэунэхуж. А Iуэхур фIымэ, нэгъуэщI цIыхум и

Iуэхум емыплъу, езым и Iуэхур зытетым ирипэгэн лъэкIынущ,
5 хэти и хьэлъэр езым и пщэм дэлъщи.

6 Тхьэм и псалъэхэр зэзыгъащIэр фIыуэ иIэ псоми щыщкIэ
езыгъащIэм дрегуашэ.

7 ЗыкъэвмыгъэпцIэж. Тхьэм фэ зыкъывигъэгъэпцIэнукъым.
ЦIыхум хьэсэм трисэр къытрихыжынущ. 8 И гуэныхьыщIэ щэ-
ныжьым и хьэсэм тезысэ цIыхум кIуэдыныгъэр игъуэтыжы-
нущ. Ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и хьэсэм тезысэм мыкIуэдыжын
гъащIэ игъуэтынущ. 9 ФIы щIэным сыт щыгъуи дыхэвгъэт
демыщу. ФIы щIэным демыщэу дыхущIэкъумэ, и чэзу къы-
щысым деж, фIыгъуэ дгъуэтынущ. 10 Аращи, Iэмал дгъуэтыху
къэс цIыху псоми фIы яхуэдвгъащIэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэм я
унагъуэм щыщхэр арщ псом япэу фIы зыхуэтщIэн хуейр.

*Галатие цIыхухэм иужьрей Iуэхуу*
*Паул ягуригъаIуэхэмрэ Тхьэм щIыхь зэрыхуищIымрэ*

11 Флъагъурэ сэ си IэкIэ ныфхуэстха къомыр!

12 Дунейм и цIыхухэм я щытхъум хуейхэращ сунэт зев-
гъэщIын хуейуэ фыхэзыгъэзыхьхэр. Апхуэдэу щIащI закъуэр
Мэссихь и жорым щхьэкIэ езыхэм гугъуехь зрамыгъэшэчыну
арщ. 13 Сунэт ящIа дыдэхэми Торэт хабзэм итхэр ягъэзащIэр-
къым, ауэ сунэт фащIыну и ужь итщ, сунэт фызэращIамкIэ
зыщытхъужын щхьэкIэ. 14 Сэ ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и жо-
рым фIэкIа нэгъуэщIым сыщытхъуну сыхуейкъым. Хьисэ жо-
рым зэрыкIэрылIыхьам щхьэкIэ, мы дунейм и Iуэхухэм пщIэ
зыри ямыIэжу, сэ си дежкIэ ахэр жорым ираIулIам хуэдэщ,
сэри мы дунейм и Iуэхухэм я дежкIэ цIыхухэм жорым ираIулIам
сыхуэдэщ. 15 Сунэт дащIауэ щытми щымытми, аракъым Iуэхур
зытетыр. Iуэхур зытетыр щIэрыщIэу къалъхужауэ дыхъуныр
арщ. 16 Мы унафэм тет цIыху псоми Тхьэм и израил цIыхухэми
Тхьэм гузэгъэгъуэ къарырет, гущIэгъуи къахурещI.

17 ИкIэм-икIэжым, зыми сремыгъэгузавэ, сыт щхьэкIэ жыпIэ-
мэ уIэгъэ дыркъуэхэр сэ си пкъым щIытелъыр Мэссихь сызэры-
хуэлажьэр арщ.

18 Ди къуэшхэ, ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и нэфI фигухэм
къащрехуэ. Iэмин.




# ФIЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯIЭУ ЕФЕС КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ АПОСТОЛ ПАУЛ ЯХУИТХА ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Паулщ. Тхьэм фIэигъуэти, Мэссихь Хьисэ и апостол сыхъуащ. Фэ, Ефес къалэм* дэсу, Тхьэм и цIыху лъапIэу, Мэссихь Хьисэ зи псэм щыщу, абы хуэпэжхэм, мы тхылъыр ныфхузотх.
[2] Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ къабгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлърес.

*Мэссихь ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ*
*Тхьэм и нэфI къызэрытщыхуэр*

[3] Тхьэуэ ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и Адэрщ щIыхьышхуэр
зейр. Мэссихь ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, уафэм къикIыу,
гурэ псэкIэ Тхьэм и нэфI лъэныкъуэ псомкIэ къытщыхуащ.
[4] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм дунейр иухуэн и пэ, Мэссихь ди
псэм зэрыхэлъым щхьэкIэ езым и бынхэм ящыщ дыхъуну дыкъыхихащ, ди гур къабзэу, къуаншагъэ лъэпкъ дбгъэдэмылъу,

---

1:1 Ефес къалэр – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщу щыта Асие хэкум и къалэшхуэу щытащ. А хэкур иджырей Тыркум и къухьэпIэ лъэныкъуэм итащ.

фIылъагъуныгъэ ди гум илъу, езым и пащхьэм дыщыпсэун пап-
щIэ. [5]Хьисэ Мэссихь къыпкъырыкIыу Тхьэм езым и бынхэм
хуэдэу дищтэну куэд щIауэ иухащ, игъуэу зэрилъытамрэ и му-
радымрэ тету. [6]Апхуэдэу щIищIар и щIыхьышхуэм тету и нэфI
къызэрытщыхуам щхьэкIэ дэ езым щIыхь хуэтщIын папщIэщ.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ езым и Къуэу фIыуэ илъагъум къыпкъы-
рыкIыу Тхьэм и нэфI куэду къытщыхуащ. [7] Мэссихь и лъыуэ
жорым щыщIэкIамкIэ ди щхьэхэр ищэхужащ, ди гуэныхьхэри
къытхуигъэгъуащ, Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэшхуэм тету. [8]Акъы-
лыфIагъэ псоми гурыIуэныгъэ псоми щIыгъуу, Тхьэм а нэфI
щыхуэныгъэшхуэр къытлъигъэсащ. [9] Тхьэм и мурад щэхуу Мэс-
сихь иригъэгъэзэщIэну иухар игъуэу зэрилъытам тету дэ къыд-
гуригъэIуащ. [10] Тхьэм и мураду игъуэ къыщыскIэ игъэзэщIэ-
нур уафэми щIылъэми щыIэ псори зы ищIурэ Мэссихь и
тепщэныгъэм щIигъэувэну аращ.

[11] Мэссихь ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ Тхьэм дэри Iыхьэ-
фIыр къытлъигъэсащ. Тхьэм иуха мурадым тету а IыхьэфIыр
къытлъысыну куэд щIауэ игъэуващ. Езыращ и мурадымрэ зы-
хуеймрэ тету Iуэху псори зыгъэзащIэр. [12] Тхьэм апхуэдэу щIи-
щIар дэ, Мэссихь щыгугъыу япэ пэплъэхэм, Тхьэм и щIыхьы-
шхуэм фIыщIэ хуэтщIын щхьэкIэщ. [13] Фэ фи псэми Мэссихь
щыщ хъуащ. Мэссихь фи псэм щыщ щыхъуар щыпкъагъэм
теухуа хъыбару, фымыкIуэду фыкъезыгъэл хъыбарыфIыр щызэ-
хэфхам щыгъуэщ. МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ фиIэ щыхъум,
Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэу дыкъызэригъэгугъар мыхъурым
хуэдэу фи гум кърилъхьащ. [14] Дэ, Тхьэм и цIыхухэм, ди щхьэхэр
ищэхужыху, IыхьэфIыр къызэрытлъигъэсымкIэ Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр ди сакъылэтщ,* Тхьэм и щIыхьышхуэм фIыщIэ хуэ-
тщIын щхьэкIэ.

*Паул Тхьэм зэрелъэIур*

[15]Аращи, Зиусхьэн ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэу фиIэмрэ Тхьэм
и цIыху лъапIэхэмкIэ фIылъагъуныгъэу фиIэмрэ я хъыбар щы-
зэхэсхам къыщыщIэдзауэ, [16] Тхьэм сыщелъэIукIэ, фи гугъу сощI
икIи фэр щхьэкIэ зэпымыууэ абы щIыхь хузощI. [17] Ди Зиусхьэн
Хьисэ Мэссихь и Тхьэуэ щIыхьышхуэ зиIэ Адэ лъапIэм сызэре-
лъэIур, фэ ар нэхъыфIу фщIэн щхьэкIэ, езым и Псэ ЛъапIэр

---

1:14 сакъылэт – еплъ 1 Кор. 15:20.

фигу кърилъхьэныр арщ. Езым и Псэ ЛъапIэр арщ акъылыфIа-
гъэ диIэ зыщIри Тхьэр зыхуэдэр къытхуэзыгъэнахуэри. [18] Фэ
фи гур къигъэплъэжынуи Тхьэм солъэIу. Апхуэдэу сыщIелъэIур
Тхьэм фыкъызыхуриджа гугъэр фщIэн щхьэкIэщ. ИтIани езым
и цIыху лъапIэхэм драгъусэу щIыхьышхуэ зиIэ Iыхьэшхуэу
Тхьэм къытлъигъэсри фщIэн щхьэкIэщ сыщIелъэIур. [19] Абы нэ-
мыщIу сыщIелъэIур, дэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэм, ди псэм хэлъу,
Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэу гъунэ зимыIэри фщIэн щхьэкIэщ.
[20]А лъэкIыныгъэшхуэр зыхуэдэр Тхьэм Мэссихь лIахэм къазэ-
рыхигъэтэджыкIыжу, уафэм дришеижауэ ижьырабгъумкIэ зэ-
рызыбгъэдигъэтIысхьа лъэкIыныгъэшхуэр арщ. [21]Iэтащхьэхэ-
ми, тепщэныгъэ зиIэ псоми, лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ псоми, пашэ
псоми, мы дунейм и мызакъуэу, къэкIуэну дунейми зи цIэ къы-
щыраIуэ псоми Тхьэм Мэссихь япщ ищIащ. [22] ЩыIэ псори Мэс-
сихь и лъэгу щIигъэувэри, псоми я щхьэу икIи члисэ зэхуэсым
и щхьэу щытыну Тхьэм ар игъэуващ. [23]Члисэ зэхуэсыр Мэссихь
и пкъым хуэдэщ. ДэнэкIи щыIэ псори нэгъэса зыщI Мэссихь
члисэ зэхуэсым нэгъэсауэ хэлъщ.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихь ди псэм щыщ зэрыхъуам щхьэкIэ*
*щIэрыщIэу дыкъальхужащ*

Фи бзаджагъэмрэ фи гуэныхьхэмрэ къахэкIкIэ, лIахэм хуэ-
дэу фыщытащ. [2]А Iуэхухэм я гъуэгум фрикIуэрт. Мы дунейм и
хабзэжь Iейм фытету, жьым тепщэныгъэ щызиIэ Iэтащхьэу, жин
бзаджэу* Тхьэм емыдаIуэхэм я псэм хэлэжьыхьыр зэрыхуейм
тету фыпсэуащ. [3] Дэ псори а цIыхухэм дахэту, ди гуэныхьыщIэ
щэныжьыр зыщIэхъуэпсу щыта Iуэху мыхъумыщIэхэм тету
дыпсэуащ. Ди гуэныхьыщIэ щэныжьымрэ ди гупсысэхэмрэ
зыщIэхъуэпсу щытар дгъэзащIэу щытащ. Ди щэныжьым
уеплъмэ, нэгъуэщI цIыхухэми хуэдэу, дэри Тхьэм и губжьым и
тепщэныгъэм дыщIэтащ. [4,5] Дэ тщIа гуэныхьхэм къахэкIкIэ, лIа-

2:2 жьым тепщэныгъэ щызиIэ Iэтащхьэ жин бзаджэр – шейтIаныр арщ.

хэм хуэдэу дыщыта пэтми, гущIэгъушхуэ зиIэ Тхьэм къытхуиIэ
фIылъагъуныгъэшхуэм щхьэкIэ Мэссихь дригъусэу дыкъи-
гъэпсэужащ. Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэкIэ дыкъригъэлащ ды-
мыкIуэду. 6 Мэссихь ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ абы дри-
гъусэу Тхьэм дыкъигъэтэджыжащ, абы дригъусэуи уафэм
хэщIапIэ къыщыдитащ. 7 Тхьэм апхуэдэу щIищIар Мэссихь
Хьисэ къытхуригъэщIа фIыгъуэмкIэ езым и нэфI щыхуэныгъэ-
шхуэу гъунэ зимыIэр къэкIуэну лъэхъэнэхэм я цIыхухэми яри-
гъэлъагъун щхьэкIэщ. 8 Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэкIэ фыкъри-
гъэлащ фымыкIуэду, фIэщхъуныгъэ фиIэ зэрыхъуам щхьэкIэ.
Ар къызпкърыкIар фэракъым, ар Тхьэм и тыгъэщ. 9 Дэ фIы
зэрытщIаракъым дымыкIуэду Тхьэм дыкъыщIригъэлыр. Ар
зы цIыхум и напщIэ тримылъхьэн щхьэкIэ, Тхьэм а Iуэхур
апхуэдэу игъэпсащ. 10 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ иджы дызэрыщы-
тым хуэдэу дызыщIар Тхьэращ. Мэссихь ди псэм щыщыну
Тхьэм дыкъигъэщIащ, Тхьэм къытхуигъэхьэзыра IуэхуфIхэр
длэжьын щхьэкIэ.

*МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр зы лъэпкъ зэрыхъур*

11 Аращи, фэ, хамэ лъэпкъыу къалъхуахэр, фыкъэдаIуэ. Сунэт
ящIахэр (сунэт IэкIэ ящIахэращ жыхуэсIэхэр) фэ, «сунэт ямы-
щIакIэ» зэджэхэм, мыр фи гум къэвгъэкIыжын хуейщ: 12 Пасэ
зэманым Мэссихь фи псэм щымыщу фыпсэуащ. Израил
лъэпкъым фыщымыщу, Тхьэм а лъэпкъыр къызэригъэгугъа
Iуэхухэм тещIыхьа зэгурыIуэныгъэхэмкIэ* Iыхьэ фимыIэу хамэу
фыщытащ. Гугъэ фимыIэу, Тхьэр фымыщIэу мы дунейм фыте-
тащ. 13 Ауэ иджы, Мэссихь фи псэм щыщ зэрыхъуам щхьэкIэ,
фэ, зэгуэрым Тхьэм пэжыжьэу щыта цIыхухэр, Мэссихь и лъыуэ
жорым щыщIэкIамкIэ Тхьэм гъунэгъу фыхуэхъуащ.
14 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ езы Мэссихьщ дызэзыгъэкIужар.
Езыращ а тIур* зы зыщIари, абыхэм яку дэлъа зэбииныгъэм и
блыныр ипкъкIэ къэзыгъэуари. 15 Унафэхэмрэ хабзэхэмрэ зэрыт
Торэт хабзэр лъэныкъуэ иригъэзащ абы. Мэссихь апхуэдэу щIи-
щIар, цIыхухэр зэригъэкIужкIэрэ, а лъэпкъитIыр зы лъэпкъы-
щIэ игъэхъун папщIэщ. 16 Зэбиинырн жорым щигъэкIуэду, а

---

2:12 зэгурыIуэныгъэхэр – еплъ Рим 9:4.

2:14 а тIур – журтхэмрэ мыжуртхэмрэщ.

тIур зыпкъ хъуауэ, жорым зэрыкIэрылIыхьам щхьэкIэ, ахэр
Тхьэм иригъэкIужын папщIэщ Мэссихь апхуэдэу щIищIар.
17 Мэссихь къакIуэри, фэ, Тхьэм пэжыжьэу щыта цIыхухэми,
абы и гъунэгъуу щыта цIыхухэми, зэкIужыныгъэм и хъыбарыр
къывигъэщIащ. 18 Мэссихь илэжьа Iуэхум щхьэкIэ, а зы Псэ
ЛъапIэр ди псэм хэлъурэ, тIури Адэ лъапIэм и гъунэгъу дыхъун
тлъэкIынущ дэ.

19 Аращи, хамэу икIи хэхэсу фыщытыжкъым, Тхьэм и цIыху
лъапIэхэм фыхилъытащ, Тхьэм и унагъуэм щыщи фыхъуащ.
20 Апостолхэмрэ бегъымбархэмрэ* ягъэува лъабжьэм фытетщ.
Езы Мэссихь Хьисэращ унэр зэтезыIыгъ лъабжьэ мывэ нэхъыщ-
хьэр. 21 Зиусхьэн Хьисэщ унэ псори зэтезыгъэувэр, езыр а унэм
зэрисым щхьэкIэ, Тхьэм и унэшхуэ лъапIэ хъуну зеIэт. 22 Фэ Мэс-
сихь фи псэм щыщщи, мывэхэм фахуэдэу, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр
зэрыс унэм Мэссихь фэри фыхегъэувэ.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хамэ лъэпкъхэм яхуилэжьа Iуэхум Паул зэрытепсэлъыхьыр*

Абы щхьэкIэ сэ, Паул, Мэссихь Хьисэ сыхуэлажьэурэ, фэ
хамэ лъэпкъхэм* хъыбарыфIыр зэрывэзгъащIэм щхьэкIэ лъэ-
хъуэщым сыщIадзауэ сыщIэсщ.

2 Тхьэм и нэфI къысщыхуэри, Iуэху фхуэсщIэну си пщэм къы-
зэрыдилъхьам и хъыбарыр зэхэфхауэ щытын хуейщ. 3 Тхьэм и
мурад щэхур къысхуигъэнахуэри сигъэщIащ, кIэщIу нызэрыф-
хуэстхам хуэдэу. 4 Мы тхылъым фыщеджэкIэ, Мэссихь теухуа
щэхур зэрэзэхэсщIыкIым гу лъыфтэнущ. 5 А щэхур Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм апостол лъапIэхэмрэ бегъымбар лъапIэхэмрэ* мы зэ-
маным зэрахуигъэнэхуам хуэдэу, цIыхухэм я япэрей щIэблэхэм
Тхьэм яригъэщIэгъакъым. 6 А щэхур мыращ: Мэссихь Хьисэ
хамэ лъэпкъхэм я псэм щыщ хъууэ хъыбарыфIыр зэращтам

---

2:20 бегъымбархэр – чыристан бегъымбар гупу Хьисэ и цIэкIэ къэпсалъэу щытахэращ. Еплъ Апостол. 13:1; 1 Кор. 12:28-29.

3:1 хамэ лъэпкъхэр – мыжуртхэр арщ.

3:5 бегъымбар лъапIэхэр – еплъ 2:20.

щхьэкIэ, Тхьэм израил лъэпкъым къалъигъэс Iыхьэфlыр абыхэми къалъегъэс; а лъэпкъхэри израилхэм ящIыгъуу зы пкъым щыщщ, Тхьэм израил лъэпкъыр къызэригъэгугъа IуэхуфIхэм абыхэми я Iыхьэ хэлъщ.

7 Тхьэм къысхилъхьа лъэкIыныгъэм тету, мы Iуэхур згъэзэщIэну абы и нэфI щыхуэныгъэкIэ саугъэту къызэрызитри, мы хъыбарыфIым сыхуэлэжьэну сигъэуващ. 8 Тхьэм и цIыху лъапIэхэм нэхърэ сынэхъ цIыкIуми, Тхьэм и нэфI къысщыхури, мы Iуэхур си пщэм къыдилъхьащ: Мэссихь хэлъ къулеигъэшхуэу зыми имыгъэунэхуфынум и хъыбарыр хамэ лъэпкъхэм езгъэщIэнуи, 9 Тхьэм и мурад щэхур цIыху псоми наIуэ яхуэсщIынуи арщ. БлэкIа лъэхъэнэхэм къыщыщIэдзауэ, а мурад щэхур Тхьэуэ псори къэзыгъэщIам цIыхухэм яригъэщIауэ щытакъым.
10 Тхьэм апхуэдэу щIищIар члисэ зэхуэсым и хьэтыркIэ и акъылыфIагъэ зэмылIэужьыгъуэм и хъыбарыр уафэм щыIэ Iэтащхьэхэми, тепщэныгъэ зиIэхэми иджырей зэманым яригъэщIэн щхьэкIэщ. 11Тхьэм а Iуэхур игъэзэщIащ, Мэссихь Хьисэу ди Зиусхьэным иригъэгъэзэщIа зэи мыкIуэдыжын мурадым тету.
12 Мэссихь ди псэм щыщу, езымкIэ фIэщхъуныгъэ зэрыдиIэм щхьэкIэ, дыгушхуэурэ икIи езым дыщыгугъыурэ, Тхьэм и гъунэгъу дыхъун тлъэкIынущ. 13Аращи, си фIагъ фэзгъэкIыурэ, гугъуехь зэрысшэчым щхьэкIэ фи гур фымыгъэныкъуэну сынывolъэIу. Сэ сшэч а гугъуехьым фэркIэ фIы хэлъщ.

*ФIэщхъуныгъэ яIэу Ефес къалэм дэсхэм*
*Паул Тхьэм зэрахуелъэIур*

14Аращи, ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и Адэм и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу соувэ. 15 Езыращ Адэ лъапIэу уафэми щIылъэми щыIэ унагъуэ псоми я цIэр къызытекIыр. 16 Тхьэм и щIыхьышхуэм тету, езым и Псэ ЛъапIэмкIэ фигухэр лъэкIыныгъэкIэ игъэбыдэну солъэIу, 17 ар фи фIэщ зэрыхъуамкIэ Мэссихь фи псэм щыщын щхьэкIэ. 18 Фи лъабжьэхэр фIылъагъуныгъэм тещIыхьауэ икIи фэ абы фытету, Тхьэм и цIыху лъапIэ псоми фрагъусэу, Мэссихь и фIылъагъуныгъэм и бгъуагъри, и кIыхьагъри, и кууагъри, и лъагагъри къывгурыIуэн флъэкIыну Тхьэм солъэIу. 19А фIылъагъуныгъэу щIэныгъэ псоми къамыубыдыфынур фщIэн ирехъу, Тхьэм и хьэл-щэн псори фхэлъын щхьэкIэ.

[20] ЩIыхьышхуэр зейр Тхьэращ. Тхьэм къытхилъхьа лъэкIы-
ныгъэмкIэ Iуэхуу дызэрелъэIуфынухэмрэ дызэгупсысыфыну-
хэмрэ нэхърэ егъэлеяуэ нэхъыбэж ищIыфынущ абы. [21] Дэ, Мэс-
сихь Хьисэ зи псэм хэлъу, члисэ зэхуэсым щыщхэм, мыкIуэды-
жын лъэхъэнэу къэкIуэнухэмкIи щIэблэ къэхъунухэмкIи Тхьэм
щIыхьышхуэр хуэдвгъэщI. Iэмин.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Зыпкъ закъуэм дыхуэдэщ*

Сэ, Зиусхьэным сызэрыхуэлажьэм щхьэкIэ, лъэхъуэщым сы-
щIадзауэ сыщIэсу сыныволъэIу: Тхьэм фыкъызыхуриджа псэу-
кIэм хуэфащэу фыпсэу. [2] Фымыпагэ, гущабагъэри шыIэныгъэри
фи гум ивгъэлъ, фIылъагъуныгъэкIэ зым зыр ирешыIэ. [3] Тхьэм
и Псэ ЛъапIэм зэакъылыгъу фищIащи, ар зэрыфхъумэным фы-
зэзыпх зэгурыIуэныгъэмкIэ фыхущIэкъу. [4] Зы пкъым дыщы-
щыщщ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэри зыщ, дызыщыгугъыу дызыпэ-
плъэ Iуэхуу Тхьэм дыкъызыхуриджари зыщ. [5] Зиусхьэныр зыщ,
фIэщхъуныгъэри зыщ, дыщIаумэхъри зыщ. [6] Тхьэуэ цIыху
псоми я Адэ лъапIэри зыщ. Абы цIыху псоми тепщэныгъэ
яхуиIэщ, къэхъугъэ псоми Iуэху зыхурегъэлэжь, ар псоми ди
псэм щыщщ.

[7] Дэ тщыщ дэтхэнэми Мэссихь и нэфI къыщыхуащ, хэти ты-
гъэ къритыну зэрыхуигъэфэщам теухуауэ. [8] Аращ Тхьэм и псалъэ
тхахэм щIахэтыр:

«ИщхьэмкIэ щыдэкIуеижым,
Iэхъулъэхъу зэрылъхэр здыдришеящ,
цIыхухэми тыгъэхэр яритащ».

[9] («ИщхьэкIэ дэкIуеижащ» жыхуиIэ псалъэхэм къикIыр езыр
нэхъапэм щIылъэм и лъахъшапIэ дыдэм нэс къызэрехаращ.
[10] А лъахъшапIэ дыдэм къехар езы дыдэращ уафэ псоми нэхърэ
нэхъ лъагэу дэкIуеижар, къэхъугъэ псори щыщIагъэ лъэпкъ
хэмылъу нэгъэса ищIын щхьэкIэ.) [11] Мэссихь цIыхухэм тыгъэ-

хэр зэраритар мыращ: цIыху гуэрхэр апостолу* игъэуващ,
нэгъуэщIхэри бегъымбару* игъэуващ, адрейхэми езым теухуа
хъыбарыфIыр цIыхухэм хуаIуэтэну игъэуващ, итIанэ нэгъуэщI
гуэрхэри дин пашэу икIи дин егъэджакIуэу игъэуващ. 12 Ахэр
щIигъэувар и цIыху лъапIэхэм езым хуэлэжьэну лъэкIыныгъэ
яритын, Мэссихь и пкъым щыщхэм гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIы-
ныгъэ яригъэгъуэтын папщIэщ. 13 Апхуэдэу, дэ псоми Тхьэм и
КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ диIэу, ар зыхуэдэри тщIэуэ, зы дыхъу-
нущ икIи Мэссихь и щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу,
цIыху нэгъэсауэ зэрыщытым хуэдэу, дэри, ди щыпкъагъэм
щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, цIыху нэгъэса дыхъунущ.

14 Толъкъунхэм адэ-мыдэкIэ дызэрадзэу, сабийм дыхуэдэ-
жынкъым итIанэ, цIыху гуэрхэм адрей цIыхухэм ирагъащIэ
хъыбархэм я жьыбгъэ псоми дызэрахуэжыфынукъым. Адрей
цIыхухэр дэшэхыным хуэIэзэ цIыхухэм я пцIыр къытхэзэгъэжы-
нукъым итIанэ. 15 ФIылъагъуныгъэр ди гум илъу, щыпкъагъэр
къыжытIэурэ, сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи Мэссихь хуэдэ дыхъуурэ
зыдужьынущ. Езыращ щхьэр. 16 Езы Мэссихьыращ пкъым къа-
ру езыгъэгъуэтри, пкъыр зэзыпхыурэ пкъы псори зэхэзыгъэ-
увэри, зэщIэзыубыдэри. Апхуэдэу пкъым щыщ дэтхэнэ пкъы-
гъуэри зэрылэжьэн хуейм хуэдэу щылажьэкIэ, пкъым хохъуэ,
фIылъагъуныгъэкIи къару нэхъ егъуэт.

*Мэссихь зи псэм щыщхэм яIэ хъуну псэукIэщIэр*

17 Зиусхьэным и цIэкIэ куэду фхузогъэбыдэ: Хамэ лъэпкъхэм
я щхьэхэр нэщIу зэрыпсэум хуэдэу фымыпсэу. 18 Я зэхэщIыкI
кIыфIщ, я ерыщыгъэм къыхэкIкIи зыри къагурымыIэу, Тхьэм
цIыхухэм къарит гъащIэм пэжыжьэщ ахэр. 19 Гулъытэ ямыIэу,
мыхъумыщIэ псэукIэм зратащ абыхэм, загъэнщIыни ялъэ-
мыкIыу, сыт хуэдэ мыкъабзэныгъэми хэтщ.

20 Ауэ Мэссихь и хъыбарыр фэзыгъэщIа цIыхухэм а хъыбарыр
щIывагъэщIар аракъым. 21 Мэссихь и хъыбарыр фэ зэхэфхащ,
езыри фи псэм щыщу, абы хэлъ щыпкъагъэр зэхэфщIыкIащ.
22 Фи псэукIэжьым щыщу фи щэныжь бзаджэр зыхэвнын
зэрыхуейр фагъэщIащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фи щэныжь

4:11 апостолхэр – япэщIыкIэ лIы пщыкIутI Хьисэ и гъуэгум ирикIуэну къыхиха-
хэрщ, итIанэ Паул хуэдэу Мэссихь игъэува нэгъуэщI цIыхухэрщ.

4:11 бегъымбархэр – еплъ 2:20.

бзаджэм и хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэу фыкъэзыгъапцIэхэмкIэ фигъэунэхъуну хэтащ. 23 Фи гум илъри фи гупсысэкIэри Тхьэм зэревгъэхъуэкIын зэрыхуейр фагъэщIащ. 24 Щыпкъагъэрэ гукъабзагъэрэ тэмэму фиIэнуи, езым фыхуэдэнуи, Тхьэм фыкъигъэхъужауэ, щэныщIэфIыр фащэу зэфшэкIын зэрыхуейри фагъэщIащ.

25 Аращи, пцIы упсыныр зыхэвни, хэти езым и гъунэгъум щыпкъагъэр щытрырет, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ псори зыпкъ закъуэм дыщыщщ. 26 Фыгубжьми, гуэныхь зыхэлъ фымыщIэ. Фыгубжьауэ, жэщ зытевмыгъахъуэ. 27 ШейтIаным гъуэгу евмыт. 28 ДыгъуакIуэр иремыдыгъуэж, ар ирелажьи, и IэхэмкIэ фIы ирырелэжь, щыщIагъэ зиIэхэм ядигуэшын иIэн щхьэкIэ.

29 ЕмыкIу псалъэ фи жьэм къыжьэдэвмыгъэкI, адрей цIыхухэм гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ евгъэгъуэтурэ, псалъэфIхэр фи жьэм къыжьэдэвгъэкI, а псалъэхэр зэхэзых цIыхухэм фи фIагъ евгъэкIын щхьэкIэ. 30 Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и гур хэвмыгъэщI. Тхьэм фи щхьэхэр щищэхужыну махуэм* нэсыху, езым и Псэ ЛъапIэр, мыхъурым хуэдэу, фи гум къырилъхьащ. 31 Сыт хуэдэ гужьгъэжьри, къызэщIэплъэнри, губжьынри, кIий-гуоунри, цIыхухэм IейкIэ ятепсэлъыхьынри, сыт хуэдэ бзаджагъэри зыхэвныж. 32 Зыр зым фIыуэ хущрет, гущIэгъу зэхуэфщI икIи зым адрейм хуэвгъэгъу, Мэссихь и хьэтыркIэ Тхьэм фэ къызэрыфхуигъэгъуам хуэдэу.

## 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Тхьэм фIыуэ илъагъу быну фызэрыщытым щхьэкIэ абы и лъэужьым фрикIуэ. 2 Мэссихь фIыуэ дилъагъуу, мэ IэфI зыпих саугъэту икIи Тхьэм и гум ирихь къурмэныпхъэу дэр щхьэкIэ и псэр зэритам хуэдэу, фи гум фIылъагъуныгъэ илъу фыпсэу.

3 Тхьэм и цIыху лъапIэхэм зэрахуэфащэращи, зинэ щIэным, сыт хуэдэ гуфIеягъэми е нэпсеягъэми я гугъу фи зэхуакум щыфщI хъунукъым. 4 ХъуанэцIанэр, зыри къызэрымыкI гушыIэ мышыур фэ фхуэфащэкъым, фхуэфащэр Тхьэм щIыхь хуэфщIы-

4:30 Тхьэм фи щхьэхэр щищэхуну махуэр – къемэтмахуэр арщ.

нырщ. 5 Мы Iуэхур зэвгъащIэ: Зинэ зыщIэ цIыхум, е зи гур
мыкъабзэм, е нэпсейм – апхуэдэ цIыхум тхьэ нэпцI егъэлъапIэ,
- апхуэдэм Мэссихьрэ Тхьэмрэ я тепщэныгъэшхуэмкIэ Iыхьэ
къылъысынукъым. 6 Псалъэ мышыухэмкIэ зыми зыкъевмыгъэ-
гъапцIэ, апхуэдэ Iуэхухэм щхьэкIэ Тхьэм и губжьыр езым емы-
даIуэ цIыхухэм къалъигъэсынущи. 7Арщи, апхуэдэ цIыхухэм
гъусэ фахуэмыхъу.

8 Зэгуэрым фэ кIыфIыгъэм фыхуэдащ, ауэ иджы Зиусхьэныр
фи псэм зэрыщыщым щхьэкIэ нэху фыхъуащ. Нэхум и бынхэр
псэун зэрыхуейм хуэдэу фыпсэу, 9 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фIыгъуэ
псори, захуагъэ псори, щыпкъагъэ псори нэхум къыпокIуэ.
10 Зиусхьэным игъуэу илъытэ Iуэхухэр вгъэунэху икIи зэвгъащIэ.
11 ПщIэ зимыIэ кIыфIым и Iуэхухэм фи Iуэхур хэвмылъхьэ, атIэ
а Iуэхухэр зыхуэдэр къыщIэвгъэщ. 12Апхуэдэ цIыхухэм ялэжь
Iуэху щэхухэм я гугъу пщIын къудейри емыкIущ. 13Ауэ нэхум
Iуэху псори Iупщ щищIкIэ, ахэр къолъагъуэ, къэлъагъуэ псори
нэху мэхъури. 14Арщ мыпхуэдэу щIыжаIэр:

«Уэ, жейр, къэушыж,
лIахэм къахэтэджыкIыжи,
Мэссихь нэхур къыптригъэпсэнущ».

15Арщи, фи псэукIэмкIэ лъэщу фызыхуэсакъыж, акъылыфIа-
гъэ зимыIэхэм фахуэмыдэу, акъылыфIагъэ зиIэхэм фахуэдэу
фыпсэу. 16 Игъуэр блэвмыгъэкI, мы махуэхэр махуаещи. 17Ара-
щи, фымыгупсысэу фымыпсэу, Зиусхьэныр зыхуейр зыгурыв-
гъаIуэ. 18 Фадэм зевмыгъэгъэудафэ. Абы къыхэкIыр мыхъу-
мыщIэ псэукIэщ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэр нэгъэсауэ фи гум ивгъэлъ.
19 УэрэдхэмкIи, тхьэщIыхь уэрэдхэмкIи, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм
фи гум къриллъхьэ уэрэдхэмкIи фызэдежьу. Фигу псомкIи Зиус-
хьэным щIыхь хуэфщIурэ, абы уэрэд хужыфIэ. 20 Ди Зиусхьэн
Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ Iуэху псом щхьэкIи Тхьэуэ Адэ лъапIэм
зэпымыууэ щIыхь хуэфщI.
21 Мэссихь и фIэлIыкI фи гум илъурэ, фызэхуэIурыщIэ.

*Фызымрэ лIымрэ зэрызэхущытын хуейр*

22 Фэ, фызхэ, Зиусхьэным фызэрыхуэIурыщIэм хуэдэу, фи-
лIхэми фахуэIурыщIэ. 23 Мэссихь члисэ зэхуэсым и щхьэу зэры-

щытым хуэдэу, лIыри и фызым и щхьэу щытщ. Члисэ зэхуэ-
сыр Мэссихь и пкъыу щытщ, езыращ а пкъыр мыкIуэду къе-
зыгъэлыр. 24 Члисэ зэхуэсыр Мэссихь зэрыхуэIурыщIэм хуэдэу,
фызри и лIым сыт ищIысымкIи хуэIурыщIэн хуейщ.

25 Мэссихь члисэ зэхуэсыр фIыуэ илъагъуу, и псэр абы зэры-
щIитам хуэдэу, дэтхэнэ лIыми и фызыр фIыуэ ирелъагъу.
26 Мэссихь и псэр щIитар псымкIи* и псалъэхэмкIи члисэ зэхуэ-
сым щыщхэр игъэкъэбзэжу, гукъабзагъэ абыхэм яIэ хъун
щхьэкIэщ. 27Абы нэмыщIу, Мэссихь и псэр щIитар члисэ зэхуэ-
сым дахагъэ иIэу, е бжьыгъэ, е зэлъагъэ, е апхуэдэ щыщIагъэ
лъэпкъ имыIэу, атIэ гукъабзэу, къуаншагъэ зыри бгъэдэмылъу,
езым и пащхьэм иригъэувэн папщIэщ. 28Апхуэдэу, лIым езым
и пкъым хуэдэу и фызыр фIыуэ илъагъун хуейщ. Зи фызыр
фIыуэ зылъагъум и щхьэри фIыуэ елъагъуж. 29 Зыми езым и
пкъыр илъагъу мыхъуу зэи щытакъым, атIэ пкъыр зыхуэны-
къуэр ирегъэгъуэт икIи йогугъу, Зиусхьэныр члисэ зэхуэсым
зэрегугъум хуэдэу; 30Мэссихь и пкъым дыщыщщ, и лым ды-
щыщщ, и къупщхьэми дыщыщщ. 31 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэры-
хэтым хуэдэу,* «Абы къыхэкIкIэ лIыр и адэ-анэхэм яхэкIынурэ,
и фызым гъусэ хуэхъунурэ, а тIур зыпкъ хъунущ». 32А псалъэхэм
яхэлъ щэхур щэхушхуэщ: Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, а псалъэхэр
зытеухуар Мэссихьрэ члисэ зэхуэсымрэщ. 33Аращи, фэ фщыщ
дэтхэнэми, езым и щхьэр фIыуэ зэрилъагъум хуэдэу, и фызри
фIыуэ ирелъагъу. Фызми и лIым щIыхь хурещI.

## 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ зэрызэхущытын хуейр*

Фэ, бынхэ, Зиусхьэныр фи псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, фи
адэмрэ фи анэмрэ федаIуэ. Абы фытетмэ, фIыщ, фызахуэщ.
2 «Уи адэмрэ уи анэмрэ щIыхь яхуэщI», жиIэри аращ япэ уна-
фэу* Тхьэм мыбыкIэ дыкъигъэгугъэурэ: 3 «ФIыгъуэ къохъулIэн
икIи куэдрэ мы дунейм ущыпсэун щхьэкIэ», жиIэурэ.

---

5:26 псымкIи – умэхъыныращ жыхуиIэр. Еплъ Маттэ 3:1.

5:31 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ 1 Мусэ 2:24.

6:2-3 унафэр – еплъ 5 Мусэ 5:16.

4 Фэ, адэхэ, фи бынхэр фымыгъэгубжь, атIэ Зиусхьэным
зэрыфIэигъуэм тету фпIы икIи вгъасэ.

*УнэIутхэмрэ тепщэхэмрэ зэрызэхущытын хуейр*

5 Фэ, унэIутхэ, мы дунейм фытетыху, фи тепщэхэм фащы-
шынэу, фигури къикIэзызыкIыу федаIуэ, Мэссихь пэжыгъэкIэ
фызэредаIуэм хуэдэу, абыхэми федаIуэ. 6Абыхэм федаIуэ жы-
зоIэ, ауэ «дэ абыхэм гурыхь дащыхъунщ» жыфIэу, я нэхэмкIэ
къыщывэплъ къудейракъым фащедэIуэнур, атIэ Мэссихь фызэ-
рыхуэлажьэм щхьэкIэ, фигурэ фи псэкIэ сыт щыгъуи федаIуэ-
урэ, Тхьэр зыхуейр влэжь. 7 ЦIыхухэм фазэрыхуэлажьэм хуэ-
мыдэу, Зиусхьэным фызэрыхуэлажьэм хуэдэу, фи тепщэхэм фи
гуапэу фахуэлажьэ, 8сыт хуэдэ цIыхуми, ар унэIутми щхьэхуит-
ми, фIыгъуэ илэжьмэ, и Iыхьэ фIыр Зиусхьэным абы къызэры-
лъигъэсынур фэ фощIэ.
9 Фэ, тепщэхэ, фэри фи унэIутхэм апхуэдэу фадэгъуэгурыкIуэ,
пхъашагъэкIэ фадэмыгъуэгурыкIуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
лъэныкъуитIми а зы Зиусхьэныр уафэм зэрыщывиIэр фощIэ.
Ар цIыхухэм я фэм еплъыркъым, атIэ цIыху псори абыкIэ зэхуэ-
дэщ.

*Тхьэм и Iэщэ-фащэхэр*

10 ИкIэм-икIэжым, Зиусхьэным и лъэкIыныгъэшхуэкIэ къару
зивгъэIэ. 11 Тхьэм и Iэщэ-фащэ псомкIи зыфгъэпс, шейтIаным
и гъэпцIагъэ мурадхэм фапэувыжын щхьэкIэ. 12 Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ дызэбэныр лымрэ лъымрэ къахэхъукIа цIыхухэр ар-
къым, атIэ жин бзаджэ Iэтащхьэхэрщ, тепщэныгъэ зиIэхэрщ,
мы дуней кIыфым и пашэшхуэ жин бзаджэхэрщ, уафэми щыIэ
жин бзаджэхэрщ. 13Аращи, Тхьэм и Iэщэ-фащэхэр къафщтэ,
махуаер къыщыскIэ, гъуэгум фыкъыщимыкIуэтыжын икIи
псоми фатекIуэу фи лъэ быдэкIэ абы фытетын щхьэкIэ. 14Аращи,
быдэу фыщыт; щыпкъагъэр фи бгырыпхым хуэдэ зивгъэIэ;
Тхьэм дежкIэ диIэ щыпкъагъэри афэ джанэм хуэдэ зыщыф-
тIагъэ. 15 Тхьэм езым дызэрызригъэкIужам и хъыбарыфIыр
цIыхухэм яхуэфIуэтэным хуэхьэзырыныр вакъэхэм хуэдэ зы-
лъыфтIагъэ. 16Абыхэм нэмыщIу, фIэщхъуныгъэр мэIуху хуэдэ
къафщтэ. ШейтIаным и шабзэ плъахэр абыкIэ вгъэункIыфIын

флъэкIынущ. [17] ФымыкIуэду Тхьэм фыкъызэрыригъэлыр та-
жым хуэдэ къафщтэ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къывит джатэр
къафщтэ. А джатэр Тхьэм и псалъэхэр арщ. [18] Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ Тхьэр къывдэIэпыкъуну сыт щыгъуи
фелъэIу, фызыхуэныкъуэхэмкIи Тхьэм фелъэIу. Фысакъыу икIи
фемышу, Тхьэм и цIыху лъапIэ псоми зэпымыууэ фахуелъэIу.
[19] Си жьэр щызэтесхкIэ, хъыбарыфIым и щэхур гушхуэныгъэ-
кIэ къызэрыжысIэн псалъэхэр си гум кърилъхьэн щхьэкIэ Тхьэм
фысхуелъэIу. [20] IэпхлъэпхсащIауэ, мы хъыбарыфIым срилIы-
кIуэщ. ХъыбарыфIыр гушхуэныгъэкIэ къызэрыжысIэн хуейм
хуэдэу къыжысIэну, Тхьэм фысхуелъэIу.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[21] Фэ си хъыбархэри злэжь Iуэхухэри фщIэн щхьэкIэ, фIыуэ
тлъагъу къуэш Тихик* псори гурыIуэгъуэ къыфщищIынущ. Ар
Зиусхьэным и IуэхухэмкIэ дэIэпыкъуэгъу пэжщ. [22]Ди Iуэхухэр
зытетыр фигъэщIэн, фигъэгушхуэн щхьэкIэщ ар фи деж
ныщIэзгъакIуэр.
[23] Тхьэуэ Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ къабгъэ-
дэкIыу, къуэшхэм гузэгъэгъуэрэ фIэщхъуныгъэр зыхэлъ фIы-
лъагъуныгъэмрэ къалърес. [24] МыкIуэдыжын фIылъагъуныгъэ
зиIэу, ди Зиусхьэн Хьисэ фIыуэ зылъагъу цIыхухэм Тхьэм и
нэфI къащрехуэ. Iэмин.

6:21 Тихик – еплъ Кол. 4:7.



# ФIЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯIЭУ ФИЛИППИ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ АПОСТОЛ ПАУЛ ЯХУИТХА ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Паулщ. Тимофейрэ* сэрэ Хьисэ Мэссихь дыхуолажьэ.
Тимофей си гъусэу фэ, Филиппи къалэм* дэсу, Тхьэм и цIыху
лъапIэу, Мэссихь Хьисэ зи псэм щыщхэм, фи члисэ зэхуэсым и
Iэтащхьэхэм,* и дэIэпыкъуэгъухэм* фи гъусэу, мы тхылъыр
ныфхузотх.
2 Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ къаб-
гъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлъэрес.

---

1:1 Тимофей – Паул дэлажьэу, и гъусэхэм ящыщу щытащ. Еплъ Апостол. 16:1-3.

1:1 Филиппи къалэр – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщу Македоние хэкум итащ. А хэкур иджырей Грецием и ищхъэрэ лъэныкъуэм итащ. Еплъ Апостол. 16:9-40.

1:1 Iэтащхьэр – алыджыбзэм щыщ псалъэу «Iэтащхьэ» икIи «зи нэIэр Iуэхухэм тезыгъэт» «епископ» мыхьэнэ иIэ хъуащ иужькIэ.

1:1 дэIэпыкъуэгъу – а псалъэм «диакон» мыхьэнэуэ иIэ хъуащ иужькIэ. Еплъ Рим. 16:1; 1 Тим. 3:8,12.

*ФIэщхъуныгъэ яIэу Филиппи дэсхэм*
*Паул Тхьэм зэрахуелъэIур*

3 Си гум фыкъэкIыжыху къэс, си Тхьэм щIыхь хузощI. 4 Сыт
щыгъуи, фэ псоми щхьэкIэ Тхьэм сыщелъэIукIэ, си гуапэу солъэ-
Iу, 5 япэрей махуэм къыщыщIэдзауэ нобэм къэсыху хъыба-
рыфIым хуэзлэжьа Iуэхум фи Iыхьи хэлъщи. 6 Тхьэм фи гум
щиубла Iуэхур Хьисэ Мэссихь дунейм къыщыкIуэжыну махуэм
нэсыху зэрыригъэкъужынум сыщогугъ.

7Апхуэдэу фэ псоми щхьэкIэ сызэрыгупсысэр тэмэмщ, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Iэпхлъэпх сащIауэ щытми, хъыбарыфIым
пэувхэм жэуап щесткIи, хъыбарыфIым и щыпкъагъэр къы-
щызгъэлъагъуэкIи, си псэм сыт щыгъуи фыщыщщ фэ псори -
си гъусэу Тхьэм и нэфI зыщыхуа цIыхухэр. 8Хьисэ Мэссихь и
фIылъагъуныгъэр си гум илъу сэ фIыуэ фызэрыслъагъумкIэ
Тхьэр си щыхьэтщ.

9 Тхьэм сызэрелъэIур щIэныгъэрэ зэхэщIыкI псомрэ ящIы-
гъуу, фIылъагъуныгъэ нэхъ куэд зэпымыууэ фиIэну арщ. 10Абы
щыгъуэ нэхъыфIыр зыхуэдэр зэхэфщIыкIын флъэкIынущ, фигу-
ри къабзэу, зыми фызэригъэкъуэншэн лъэпкъ щымыIэу, Мэс-
сихь дунейм къыщыкIуэжыну махуэм фрихьэлIэнущ. 11Апхуэдэу
щыпкъагъэм фIыгъуэу къыпэкIуэр Хьисэ Мэссихь фи гум быдэу
кърилъхьэнущ, цIыхухэм Тхьэм щIыхьышхуэ хуащIын икIи ар
ягъэлъэпIэн щхьэкIэ.

*Мэссихь ухуэлэжьэнырщ гъащIэ щыпкъэр*

12 Фэ фщIэну сыхуейщ, си къуэшхэ, сэ къызэхъулIэ Iуэхухэм
я фIагъ хъыбарыфI Iуэтэным и Iуэхум къызэрекIар. 13Аращи,
кесарым и унэшхуэу преторие зи цIэм и хъумакIуэхэмрэ адрей
цIыху псомрэ Iупщ ящыхъуащ Мэссихь сызэрыхуэлажьэм щхьэ-
кIэ цIыхухэм Iэпхлъэпх сызэращIар. 14 ЦIыхухэм Iэпхлъэпх сы-
зэращIам щхьэкIэ, Зиусхьэныр зи псэм щыщ къуэшхэм я нэхъы-
бэм ягухэр утIыпщауэ, мышынэу, Тхьэм и псалъэхэр нэхъ
тегушхуауэ цIыхухэм хуаIуатэу щIадзащ.

15 Пэжщ, фыгъуэнырэ зэщыхьэнырэ я гум илъу, Мэссихь теу-
хуа хъыбарыр цIыхухэм яхуэзыIуатэхэри щыIэщ, ауэ нэгъуэщI
цIыхухэм, я гум фIы зэрилъым къыхэкIкIэ, Мэссихь и хъыба-
рыр цIыхухэм хуаIуатэ. 16 Япэрейхэм я гум зэщыхьэныр илъу,

Мэссихь и хъыбарыр цIыхухэм гуфIеягъэкIэ хуаIуатэ. Си Iэпх-
лъэпхыр нэхъри нэхъ шэчыгъуей ящIыну я гум илъщ. 17 Адрей-
хэм, я гум фIылъагъуныгъэ зэрилъым къыхэкIкIэ, Мэссихь теу-
хуа хъыбарыфIыр цIыхухэм хуаIуатэ. Мэссихь и хъыбарыфIым
пэувхэм жэуап естыжыну Тхьэм сызэригъэувар ящIэ. 18 Ар
Iуэхукъым. Мыпхуэдэуи, апхуэдэуи, мурад бзаджэмкIи, мура-
дыфIымкIи Мэссихь и хъыбарыр цIыхухэм хуаIуатэ хъумэ,
согуфIэ.

ИкIи зэпымыууэ сыгуфIэнущ, 19 Тхьэм фызэрелъэIум щхьэ-
кIи, Хьисэ Мэссихь и Псэ ЛъапIэр дэIэпыкъуэгъу къызэрыс-
хуэхъум щхьэкIи мы гугъуехьым сыкъызэрыхэкIыжынур сощIэ-
ри. 20 СыщIэукIытэжын лъэпкъ щымыIэу, иджыри, сыт щыгъуи,
сыпсэуми, сылIэми, сипкъкIэ сыгушхуэу Мэссихь зэпымыууэ
зэрызгъэлъэпIэным сыщIохъуэпс икIи сыщогугъ. 21 ГъащIэ пэж
жыхуэсIэр Мэссихь сыхуэлэжьэнырщ, сылIэми, и фIагъ
къызэкIынущ. 22 Ауэ си пкъым сыщыпсэуну щытмэ, фIыгъуэ
къызыпэкIуэн Iуэху сщIэн слъэкIынущ. А IуэхуитIым къыхэс-
хынур сщIэркъым. 23 А IуэхуитIым сыхагъэзыхь. Мы дунейм
сехыжу, Мэссихь сригъусэну сыхуейщ. Ар куэдкIэ нэхъыфIщ.
24 Ауэ си пкъым сыкъыхэнэныр фэркIэ нэхъ сэбэпщ. 25 Абы сыщы-
гугъыу, мыбы сыкъызэрынэжынури, гуфIэгъуэри щIыгъуу фи
фIэщхъуныгъэр зэпымыууэ нэхъ быдэ хъун щхьэкIэ, фи деж
сызэрыщыIэнури сощIэ. 26 Абы щыгъуэ фи деж сыны-
щыкIуэжкIэ, Мэссихь Хьисэ къысхуищIам ину фыщыгуфIыкIын
флъэкIынущ.

27 Псом япэрауэ, Мэссихь теухуа хъыбарыфIым хуэфащэу
фыпсэу. Абы щыгъуэ сынакIуэу фыслъагъумэ, е сынэмыкIуэми,
фи хъыбарыр зэхэсхмэ, зэнэзэпсэу захуагъэм пэжкIэ фытету,
фи фIэщ хъуа хъыбарыфIым щхьэкIэ фызэгурыIуэу фызэры-
зэдэлажьэри, 28 къыфпэувхэм зыкIи фазэрыщымышынэри
сщIэнущ. Ахэр зэрыкIуэдынури, фэ фымыкIуэду фыкъызэ-
релынури фи псэукIэм нахуэу яригъэлъагъунущ. ФымыкIуэду
фыкъезыгъэлынур Тхьэращ. 29 МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ
фиIэным и мызакъуэу, Мэссихь щхьэкIэ гугъуехь фшэчынуи
Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэкIэ хуит фищIащ. 30 ХъыбырыфIым
сызэрыхущIэкъур зэрыфлъэгъуам хуэдэу, фэри иджы фы-
хущIокъу. А щIэкъуныгъэм иджыри сызэрыхэтыр зэхэфхащ.

# 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихьщ Зиусхьэныр*

Фи псэм щыщ Мэссихь фигъэгушхуэркъэ? Абы и фIылъа-
гъуныгъэм фи гукъеуэр фщхьэщихыркъэ? Тхьэм и Псэ ЛъапIэр
фи псэм хэлъкъэ? Гухуабагъэрэ гущIэгъуныгъэрэ зэхувиIэкъэ?
2Абы щыгъуэ си гуфIэгъуэр иривгъэкъу: Фи гупсысэкIэр зы ире-
хъу, а зы фIылъагъуныгъэр фрыреIэ, зэнэзэпсэу фыщыт. 3 Зэщы-
хьэными зыкъыфIэщIыжыными къахэкIауэ зыри фымыщIэ,
нэгъуэщI цIыхухэр фи щхьэр зэрыфлъытэжым нэхърэ нэхъ ину
флъытэ фымыпагэу. 4 Езым и щхьэм и Iуэху закъуэм иремыплъ
хэти, нэгъуэщI цIыхухэм я Iуэхуми ирыреплъ.
5 Фи гупсысэкIэр Мэссихь Хьисэ и гупсысэкIэм хуэдэ ирехъу:

6 Тхьэм и хьэл-щэныр Мэссихь Хьисэ
хэлъа пэтми,
Тхьэм зэрыхуэдэм и фIагъ
езым и щхьэм къригъэкIыжыну и ужь итакъым.
7Ауэ езым зигъэцIыкIури,
Iуэхутхьэбзащ Iэм и щытыкIэ иIэ хъуащ.
ЦIыхум хуэдэ хъуащ,
и теплъэри цIыхухэм я теплъэм
хуэдэу щытащ.
8 Езым зигъэлъахъшэри, щылIэнум нэсыху,
Тхьэм хуэIурыщIащ,
жорым щыкIэрылIыхьам нэсыху.
9 Аращи, Тхьэм ар игъэинри,
цIэ псоми нэхърэ нэхъ цIэшхуэр* къритащ.
10Апхуэдэу щIэхъуар Хьисэ и цIэм
щIыхь хуащIурэ къэхъугъэ псори
лъэгуажьэмыщхьэу тIысын щхьэкIэщ,
уафэми, щIылъэми, щIы щIагъми*
щыIэхэр аращ,

2:9 цIэшхуэр – ЗиусхьэныцIэр арщ.

2:10 щIы щIагъым – лIахэм я дунейр арщ, ахърэтырщ.

[11] бзэ псоми Хьисэ Мэссихь зэры-Зиусхьэныр
псоми я пащхьэм къыщыжаIэн щхьэкIэщ.
Апхуэдэуи Тхьэуэ Адэ лъапIэм
щIыхьышхуэ хуащIынущ.

*Вагъуэхэм фахуэдэу цIыхухэм факъызэрыхэлыдыкIынур*

[12]Аращи, фIыуэ слъагъухэ, фи деж сыщыщыIам, фыкъысхуэ-
IурыщIэу фызэрыщытам хуэдэу, иджы, фи деж сыщыщы-
мыIэми, абы нэхърэ нэхъ куэдкIэ фыкъысхуэIурыщIэн хуейщ:
Тхьэм и фIэлIыкI фи гум илъу, фи гур къикIэзызыкIыу, фы-
мыкIуэду фыкъызэрелыным куэду и ужь фит, [13] езым игъуэу
илъытэ Iуэхухэм фахуеинуи влэжьынэуи лъэкIыныгъэ къывэзы-
тыр Тхьэращи.
[14] Сыт фщIэми, фымытхьэусыхэу икIи фи гум шэч къивмы-
гъэхьэу, фщIэ, [15] къуаншагъэ лъэпкъ фэ вбгъэдэмылъын икIи
гукъабзагъэ фиIэн щхьэкIэ. Апхуэдэу щыхъукIэ, зыми фызэри-
гъэкъуэншэн лъэпкъ щымыIэу, цIыху ерыщу икIи къуаншэхэм
фахэтми, Тхьэм фрибынынущ. [16] ГъащIэ диIэ зыщI псалъэхэр
фи Iэм илъу, дуней кIыфIым къыхэцIуукI вагъуэхэм хуэдэу а
цIыхухэм факъыхэлыдыкIынущ. Апхуэдэу щыхъукIэ, сызэрыф-
хуэлэжьар икIи сызэрыфхуешар пщIэншэ зэрымыхъуам
Мэссихь дунейм къыщыкIуэжыну махуэм сригуфIэнущ. [17] Фэ
Тхьэм хуэфщI къурмэныпхъэр фи фIэщхъуныгъэр арщ. А
къурмэныпхъэм сэ си гъащIэм илъ хэлъэда хъуми, сыгуфIэнущ
икIи фэ псоми сывигъусэу сыгуфIэнущ. [18]Аращи, фэри фызи-
гъусэу фыгуфIэн хуейщ фи гуапэу.

*Тимофейрэ Епафродитрэ*

[19] Тимофей* куэд мыщIэу ныфхуэзгъэкIуэфынкIэ Зиусхьэн
Хьисэ сыщогугъ, фи хъыбархэр зэхэсхыу си гур псэхужын
щхьэкIэ. [20] Тимофейм фIэкIа, и фIэщу къыфхуэгузавэ нэгъуэщI
зыри сиIэкъым. [21] ЦIыху псори езыхэм я Iуэхухэм я ужь итщ,
Хьисэ Мэссихь игъуэу илъытэ Iуэхухэм я ужь иткъым. [22] Ти-
мофей зэрыцIыху пэжыр фэ фощIэ. Къуэр и адэм зэрыдэлажьэм
хуэдэу, хъыбарыфI Iуэтэным и IуэхукIэ къыздэIэпыкъуащ. [23] Си

2:19 Тимофей – еплъ 1:1.

Iуэхухэр зэрыхъунур къызэрысщIэу, ар ныфхуэзгъэкIуэнкIэ со-
гугъэ. 24 Сэри куэд мышIэу фи деж нытезгъэзэнкIэ Зиусхьэным
сыщогугъ.

25Абы нэмыщIу, Епафродит* ныфхуэзгъэкIуэжын хуейуэ со-
лъытэ. Ар дэ ди къуэшщ, абырэ сэрэ дызэдэлэжьащ, хъыба-
рыфIми дызэгъусэу дыхущIэкъуащ. ДэIэпыкъуэгъу сыхуэны-
къуэ щыхъум, къыскIэлъыплъын щхьэкIэ ар лIыкIуэ къысхуэф-
щIащ. 26 Фэ псори филъагъужыну ину щIохъуэпс, зэрысымаджэр
зэрызэхэфхам щхьэкIи езыр мэгузавэ. 27 Пэжщ, лIэныгъэм и
гъунэгъу хъуауэ сымэджащ. Ауэ Тхьэм гущIэгъу къыхуищIащ,
абы и мызакъуэу, сэри гущIэгъу къысхуищIащ, си гум къемыуэн
даIимауэ щхьэкIэ. 28 НыфхуэзгъэкIуэжыну сыщIыхуэпIащIэр ар
фэ къыфхыхьэжмэ, фызэрыгуфIэнур, сэ си гузэвэгъуэри нэхъ
мащIэ зэрыхъунур сощIэри аращ. 29 Зиусхьэныр фэ фи псэм
зэрыщыщым хуэдэу, абы и псэми зэрыщыщым щхьэкIэ, фыхуэ-
гуфIэу фыкъыпежьэ. Абы хуэдэ цIыхухэм щIыхь яхуэфщI,
30Мэссихь и Iуэхум щхьэкIэ ар лIэныгъэм и гъунэгъу хъуауэ
щытащ. Фэ къысхуэфщIэн флъэмыкIа Iуэхур къысхуищIэн
щхьэкIэ, и псэм щымысхьу, лIэныгъэм и гъунэгъу хъуащ ар.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм деж къикI щыпкъагъэр*

ИкIэм-икIэжым, си къуэшхэ, Зиусхьэныр фи псэм зэрыщы-
щым щхьэкIэ фыгуфIэ. А Iуэху дыдэхэр аргуэру ныфхуэстхы-
жыну сэркIэ гугъукъым, ахэр зэрыстхми и фIагъ къывэкIынущ.

2 Хьэхэм хуэдэ цIыхуу* бзаджагъэ зылэжьу адрей цIыхухэр
сунэт зыщIхэм защыфхъумэ. 3 Сунэт ипэжыпIэкIэ ящIар дэращ,
- дэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIэ Тхьэм хуэлажьэу,
Мэссихь Хьисэ ирипагэу, пкъым епха Iуэхухэм ящымыгугъхэр.

---

2:25 Епафродит – Филиппи къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым щыщхэм я саугъэтхэр Паул хуэзыхьар арщ. Епафродит мы тхылъыр иIыгъыу Паул деж игъэзэжынущ иджы.

3:2 хьэхэм хуэдэ цIыхухэр – а псалъэхэмкIэ Паул зи гугъу ищIыр хамэ лъэпкъхэм ящыщхэр чыристан хъун щхьэкIэ, япэщIыкIэ сунэт ящIын хуейуэ жаIэу, чыристан хъуа журту жызыIэхэр арщ.

[4]Апхуэдэу щытми, сэри апхуэдэ Iуэхухэм сащыгугъын слъэкIынт.

ЦIыху гуэр пкъым епха Iуэхухэм ящыгугъ хъуну къыфIэщIмэ,
сэ а цIыхум нэхърэ а Iуэхухэм нэхъ сащыгугъ хъунущ. [5] Махуий
си ныбжьу сунэт сащIащ сэ, израил лъэпкъым сыщыщщ, Би-
ниамин и унагъуэ лъэпкъым сыщыщщ, журтхэм сакъыхэкIащ,
Торэт хабзэм сытету фарисей гупым* сыщыщащ. [6] Тхьэ гъэ-
лъэпIэным си фIэщу сыхэту, члисэ зэхуэсым щыщхэм гугъуехь
езгъэшэчащ. Торэт хабзэм итхэр бгъэзащIэурэ, абы и гъуэгукIэ
щыпкъагъэ уиIэ хъуну щытмэ, зыми сызэригъэкъуэншэн
лъэпкъ збгъэдэлъакъым.

[7]Ауэ сэ си фIагъ къызыхэкIыу щыта Iуэхухэм, Мэссихь зы-
хуэдэр зэзгъэщIэн щхьэкIэ, пщIэ ямыIэжу солъытэ иджы.
[8] Пэжщ, Iуэху псоми пщIэ ямыIэжу солъытэ. Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ си Зиусхьэн Мэссихь Хьисэ зыхуэдэр зэзгъэщIэныр
Iуэхуу щыIэ псом нэхъри нэхъыфIщ. Абы сыхуэлэжьэн щхьэкIэ,
псори хэзнащ, Iуэху псоми пщIэ ямыIэжу солъытэ, Мэссихь си
Iыхьэф I хъун [9] икIи ар си псэм щыщын щхьэкIэ. Тхьэм щып-
къагъэ сиIэу сызэрилъытэм сэ злэжьа IуэхуфIхэм я Iуэху хэлъ-
къым. Сэ жыхуэсIэр - Тхьэм  щыпкъагъэ сиIэу сыщIилъытэр
МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ зэрызиIэм щхьэкIэщ. Торэт хабзэм
итхэр згъэзащIэурэ, абы и Iуэху абы хэлъкъым. А щыпкъагъэу
сиIэр Тхьэм деж къокI, фIэщхъуныгъэми тетщ. [10] Мэссихь
зыхуэдэр зэзгъэщIэну сыхуейщ, ар лIахэм къазэрыхэтэджыкIы-
жам къыхэкI лъэкIыныгъэр зыхуэдэри зэзгъэщIэну сыхуейщ.
Мэссихь ишэча гугъуехьхэм си Iыхьэр яхэлъыну, ар щылIэм
зэрыщытам хуэдэу, сэри сыхъуну сыхуейщ. [11]Апхуэдэу, Тхьэм
лIахэм сакъыхигъэтэджыкIыжыным сыщогугъ.

*Сызыщыгугъ Iуэхухэм сазэрылъэIэсынум сыхущIокъу*

[12]А сызыщыгугъ Iуэхухэм салъэIэсауэ, е си щыпкъагъэм
щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, цIыху нэгъэса сыхъуауэ жысIэр-
къым. Ауэ а Iуэхухэм сазэрылъэIэсыным сыхущIокъу, Мэссихь
Хьисэ и цIыхухэм ящыщ сыхъуну къызэрыслъэIэсам хуэдэу.
[13] Си къуэшхэ, сызыщыгугъ Iуэхухэм салъэIэсауэ слъытэркъым,

3:5 фарисей гупыр – журтхэм ящыщу дин зыIыгъ цIыху гупщ. Ахэр Торэт хабзэм итхэмрэ адэжьхэм къащIэна хабзэхэмрэ я фIэщу хэтт.

ауэ зы Iуэху закъуэ сощIэ: блэкIа Iуэхухэр сщыгъупщэжурэ, сяпэкIэ ит Iуэхухэм сазэрылъэIэсынум и ужь ситщ. [14] Зэдэжэным хыхьэм хуэдэу, саугъэтыр къэсхьын щхьэкIэ, и кIэм нэс сызэрыкIуэным сыхущIокъу. Саугъэт жыхуэсIэр уафэм сыщыпсэунырщ, икIи ар къэсхьын щхьэкIэ Хьисэ Мэссихь къыпкъырыкIыу и цIыхухэм ящыщ сыхъуну Тхьэм сыкъыхуриджащ.

[15] Мэссихь и Iуэхухэм теухуауэ щыщIагъэ зимыIэ цIыху нэгъэса хъуауэ дэ тщыщу дэтхэнэри апхуэдэу гупсысэн хуейщ. Iуэху гуэрым теухуауэ нэгъуэщI гупсысэкIэ фиIэмэ, Тхьэм ари нахуэ къыфхуищIынущ. [16]Ауэ дыздынэсам теухуауэ дыгупсысэн икIи абы тету дыпсэун хуейщ.

[17] Си къуэшхэ, си лъэужьым фыкърикIуэ. Фызэрыпсэун хуейм и щапхъэу фэдгъэлъэгъуам тету псэухэм фадэплъей. [18]Куэдрэ зэрывжесIам хуэдэу, иджыри си нэпсхэр къехуэхыурэ, нывжызоIэ: ЦIыху куэд Мэссихь и жорым бий хуэхъуащ. [19]А цIыхухэм къалъысыну кIэухыр кIуэдыныгъэр арщ. Я тхьэр я ныбэр арщ, зэрыпагэ Iуэхухэр укIытапIэрщ. Мы дунейм и Iуэхухэм фIэкIа, нэгъуэщIхэм егупсысхэркъым. [20]Дэ ди хэкур уафэрщ. Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь, уафэм къехыу, дымыкIуэду дыкъызэрыригъэлынум дыпоплъэ. [21] Езым и лъэкIыныгъэшхуэ зэрылажьэмкIэ, Iуэху псори и тепщэныгъэм зэрыщIигъэувэмкIэ дипкъ тхьэмыщкIэхэр зэрихъуэкIынурэ, щIыхьышхуэ зиIэ езым и пкъым хуэдэ ищIынущ.

## 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Аращи, фэ, фIыуэ слъагъуу, си нэкIэ слъагъуну сызыщIэхъуэпс си къуэшхэ, си гуфIэгъуэри, си тажри* фэращ. Фэ, фIыуэ слъагъухэр, Зиусхьэныр фи псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, гъуэгу захуэм быдэу фытетын хуейщ.

4:1 таж – зэдэжэныгъэкIэ е бэнэнкIэ текIуэныгъэр къэзыхьым таж хуагъэфащэрт.

*Паул ягуригъаIуэ иужьрей Iуэхухэр*

2 Зиусхьэныр я псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, Еводие Синтихие
цIыхубзхэм зы гупсысэкIэ яIэ хъуну солъэIу. 3 Уэ, къыздэлажьэ
ныбжьэгъу пэжым, абыхэм уадэIэпыкъуну сынолъэIу. Хъыба-
рыфIыр Iуэтэнымкlэ къыздэлэжьащ ахэр, Климентрэ адрей
къыздэлажьэхэмрэ я гъусэу. Абыхэм я цIэхэр мыкIуэдыжын
гъащIэ зыгъуэтыну цIыхухэм я цIэхэр зэрыт тхылъым иратхащ.
4 Фэ, Зиусхьэныр зи псэм щыщхэр, сыт щыгъуи фыгуфIэ.
Иджыри зэ нывжызоIэ, фыгуфIэ. 5 Фи гущабагъэр цIыху псоми
нахуэ яхурехъу. Зиусхьэныр дунейм къыщыкIуэжыну махуэр
къэблэгъащ. 6 Зыми фремыгъэгузавэ, ауэ сыт ищIыс Iуэхуми
щхьэкIэ Тхьэм фелъэIуурэ, щIыхь хуэфщIурэ, фи дэIэпыкъуэгъу
хъуну фелъэIуурэ, фызыхуэныкъуэр евгъащIэ. 7 Тхьэм къыбгъэ-
дэкI гузэгъэгъуэу цIыхухэм къагурыIуэфынум нэхърэ куэдкIэ
нэхъ иным, фигури фи гупсысэхэри, Мэссихь Хьисэ фи псэм
зэрыщыщым щхьэкIэ, къихъумэнущ итIанэ.
8 ИкIэм-икIэжым, си къуэшхэ, сытыр щыпкъэми, сытым
щIыхь хуэфащэми, сытыр захуагъэми, сытыр къабзагъэми,
сытыр гурыхьми, сытыр гуапагъэми, сытыр хабзэфIми, сытым
щIыхь хуэфащэми – абы фегупсыс. 9 Iуэхуу сэ фэзгъэщIахэри,
къыфхуэзгъэнахэри, сэ къыжысIэу зэхэфхахэри, сэ сщIэуэ флъэ-
гъуахэри вгъэзащIэ. Гузэгъэгъуэ къыдэзыт Тхьэр сыт щыгъуи
фи гъусэнущ итIанэ.

*Къэрата тыгъэм щхьэкIэ Паул фIыщIэ зэрахуищIыр*

10 Сэ аргуэру фыкъызэрызэгугъуар Зиусхьэныр си псэм
щыщу, куэду си гуапэ хъуащ. Нэхъапэми фыкъызэгугъурт, ауэ
фыкъыздэIэпыкъуну Iэмал вгъуэтакъым. 11 Сызыхуэныкъуэ
гуэр щыIэу аракъым ар щIыжысIэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ
сыт къысщыщIми, сигу сыарызыуэ зезгъэсащ. 12 ТхьэмыщкIа-
гъэм сыхэтынри, беягъэм сыхэтынри зыхуэдэр сощIэ. Зызгъэн-
щIами, сымэжалIэми, сыбейми, сытхьэмыщкIэми, сыт къыс-
щыщIми, дапщэщи сыарэзыуэ зезгъэсащ. 13 ЛъэкIыныгъэ къы-
зэзыт Хьисэ Мэссихь и къарукIэ псори сщIэн слъэкIынущ.
14Апхуэдэу щыт пэтми, сызыхэт гузэвэгъуэмкIэ гъусэ фы-
къызэрысхуэхъуар фIыуэ фщIащ. 15 Фэ, Филиппи къалэм дэс-
хэм, зэрыфщIэщи, хъыбарыфIыр цIыхухэм яхуэсIуэтэн щIэз-

дзауэ Македоние хэкум* сыкъыщикIым, дэIэпыкъуэгъу хъу-
нымрэ дэIэпыкъуэгъум пэкIуэр игъуэтыжынымрэ я IуэхукIэ фэр
фIэкIа члисэ зэхуэсхэм ящыщ зыри гъусэ къысхуэхъуакъым.
[16] Фессалоникэ къалэм* сыщыщыIам, сызыхуэныкъуэр зыкъом-
рэ фи лIыкIуэхэм къысхуевгъэхьащ. [17]Ар щIыжысIэр фи тыгъэм
сыщIэхъуэпсу аракъым, фи тыгъэм къыпэкIуэу фIы зэрыв-
гъуэтынур арщ. [18] Фи тыгъэ псори къысIэщIыхьащ, схурикъури
къызэлыжащ. Епафродит* къысхуевгъэхьа тыгъэхэр къысIэ-
щIыхьащи, сызыхуэныкъуэ щыIэкъым. Ахэр Тхьэм ищтэ къур-
мэныпхъэу и гум ирихьу, мэ IэфI къызыпихым хуэдэщ. [19]Мэс-
сихь Хьисэ фи гум хэлъщи, щIыхьышхуэ зиIэ и къулеигъэшхуэм
хуэфащэу си Тхьэм фызыхуэныкъуэ псори къывитынущ.

[20] МыкIуэдыжын щIыхьышхуэр зейр Тхьэуэ ди Адэ
лъапIэрщ. Iэмин.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[21] Тхьэм и цIыху лъапIэу Мэссихь Хьисэ зи псэм щыщхэм
фIэхъус схуефхыж. Си гъусэ къуэшхэм фIэхъус къывахыж.
[22] Тхьэм и цIыху лъапIэ псоми фIэхъус къывахыж, псом хуэмы-
дэу кесарым и унэшхуэм щыщхэм.

[23] Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и нэфI фи гум къыфщрехуэ.
Iэмин.

---

4:15 Македоние хэкур – еплъ 1:1.

4:16 Фессалоникэ къалэр – Македоние хэкуу Рим къэралыгъуэшхуэм щыщым и къалэшхуэу щытащ.

4:18 Епафродит – еплъ 2:25.



# ФIЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯIЭУ КОЛОССЭ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ АПОСТОЛ ПАУЛ ЯХУИТХА ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Паулщ. Тхьэм фIэигъуэти, Хьисэ Мэссихь и апостол
сыхъуащ. Ди къуэш Тимофей* си гъусэу, [2] фэ, Колоссэ къалэм*
дэсу, Тхьэм и цIыху лъапIэу, Мэссихь зи псэм щыщу, абы хуэпэж
къуэшхэм, мы тхылъыр ныфхузотх.
[3] Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ
къабгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлърес.

---

1:1 Тимофей – Паул дэлажьэу, и гъусэхэм ящыщу щытащ. Еплъ Апостол. 16:1-3.

1:2 Колоссэ къалэр – ар Рим къэралышхуэм щыщу Асие хэкум итащ. А хэкур иджырей Тыркум и къухьэпIэ лъэныкъуэм итащ. Колоссэ къалэр а хэкум и къалэшхуэу Ефес зи цIэм километр 175-кIэ пэжыжьэу и ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм итащ.

*Паул Тхьэм фIыщIэ зэрыхуищIыр*

Тхьэм дыфхуелъэIуху къэс, Тхьэуэ ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь
и Адэм фIыщIэ худощI, 4Мэссихь ХьисэкIэ фиIэ фIэщхъуны-
гъэмрэ Тхьэм и цIыху лъапIэхэмкIэ фиIэ фIылъагъуныгъэмрэ
я хъыбарыр зэхэтхащи. 5Апхуэдэ фIэщхъуныгъэмрэ фIылъа-
гъуныгъэмрэ щIывиIэр Тхьэм уафэм къыщыфхуигъэхьэзыра
Iыхьэфlыр къызэрывитынум фыщыгугъыурэ фызэрыпэплъэр
арщ. Фи деж нэса хъыбарыфIым и псалъэ пэжхэмкIэ Тхьэм
къыфхуигъэхьэзыра фIыгъуэм и хъыбарыр зэхэфхащ. 6 Дуней
псоми хъыбарыфIым фIыгъуэ къыхудокIуэ, цIыху нахъыбэм я
дежи нэс зэпытщ. Апхуэдэу фи дежи щыхъуащ, хъыбарыфIыр
зэхэфхыу, Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэр пэжу къыщывгурыIуа
махуэм къыщыщIэдзауэ. 7 ФIыуэ тлъагъу, къыддэлажьэ Епаф-
рас* хъыбарыфIыр фигъэщIащ. Абы и фIагъ къывигъэкIыурэ,
Мэссихь пэжыгъэкIэ хуолажьэ. 8Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыбгъэ-
дэкI фи фIылъагъуныгъэм и хъыбари къытхуиIуэтащ.

9Аращи, фи хъыбарыр щызэхэтха махуэм щыщIэдзауэ, Тхьэм
дыфхуелъэIуныр зэпыдгъэуакъым. Тхьэр зыхуейр нэсауэ
къывгуригъэIуэнуи, и Псэ ЛъапIэм деж къикI акъылыфIагъэ
псори гурыIуэныгъэ псори фиIэнуи долъэIу. 10Абы щыгъуэ Зиус-
хьэным и гум сыт и лъэныкъуэкIи фрихьурэ, езым фыхуэфа-
щэу фыпсэунущ. Фэ влэжь IуэхуфI псоми фIыгъуэ къыдэкIуэ-
нущ, Тхьэри кIуэ пэтми нэхъ фщIэнущ. 11 Сыт ищIысымкIи теу-
быдагъэрэ шыIэныгъэрэ фиIэн щхьэкIэ, щIыхьышхуэ зиIэ и
лъэкIыныгъэ псомкIэ фи гур Тхьэм ирегъэбыдэ. 12 Тхьэуэ Адэ
лъапIэм фыхуэгуфIэурэ фIыщIэ хуэфщI. Нэхур здэщыIэ
щIыпIэм* деж Тхьэм и цIыху лъапIэхэм яхуигъэхьэзыра Iыхьэ-
фIымкIэ фэри Iыхьэ къыфлъысыну къыфхуигъэфэщащ. 13 КIы-
фIыгъэм и тепщэныгъэм дыкъыщIихыжри, фIыуэ илъагъу и
Къуэм и тепщэныгъэм дыщIигъэуващ. 14 Езым и Къуэращ
лъыуэ жорым щыщIэкIамкIэ ди щхьэхэр къэзыщэхужар, ди
гуэныхьхэри къытхуэзыгъэгъуар.

---

1:7 Епафрас – Колоссэ къалэм щыIэ члисэ зэхуэсыр зэхэзышар арщ.

1:12 нэхур здэщыIэ щIыпIэр – Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэрщ.

*Мэссихь Тхьэм къигъэщIа псоми я щыгум итщ*

15 Мэссихь цIыхухэм ямылъагъу Тхьэм и теплъэр иIэщ. Аращ
Тхьэм къигъэщIа псоми я щыгум итэу, и КъуэкIэ зэджэр.
16 Тхьэм Мэссихь псори къригъэгъэщIащ - уафэми щIылъэми
щыIэ псори, цIыхухэм ялъагъу Iуэхухэри ямылъагъу Iуэхухэри,
пащтыхь тахътэхэм исхэри, пашэхэри, Iэтащхьэхэри, тепщэ-
ныгъэ зиIэхэри. Тхьэм езым и Къуэм псори къригъэгъэщIащ,
абы и Къуэм и щIыхьышхуэм щхьэкIэ щыIэщ ахэр. 17 А псори
щыщымыIам, Къуэ лъапIэр щыIащ. Аращ псори зэщIэзубыдэр.
18 Аращ пкъыуэ члисэ зэхуэсым и щхьэр. Аращ члисэ зэхуэсыр
зэфIэзыгъэувари, лIахэм япэ къахэтэджыкIыжари. Апхуэдэу,
сыт и лъэныкъуэкIи япэр аращ. 19 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм
игъуэу илъытати, и щытыкIэ псори и Къуэм хэлъ хъуащ. 20 И
Къуэм жорым лъыуэ щыщIэкIамкIэ, Тхьэм езым дызригъэкIу-
журэ, и Къуэм къыпкъырыкIыу щIылъэми уафэми щыIэ псори
езым зригъэкIужащ.

21 Тхьэм икъукIэ фыпэмыжыжьэу фыщытащ пасэм, фигукIэ
фрибийуэ бзаджагъэхэр фщIэуэ. 22 Ау иджы лымрэ лъымрэ
къахэхъукIа пкъы иIауэ, Мэссихь зэрылIамкIэ Тхьэм езым фыз-
ригъэкIужащ. Ар щIищIар фигухэр къабзэу, къуаншагъэ зыри
фимыIэу, зыми фызэригъэкъуэншэн лъэпкъ вбгъэдэмылъу,
Тхьэм езым и пащхьэм фригъэувэн щхьэкIэщ. 23 Зэхэфха хъыба-
рыфIым Iыхьэф I фыщигъэгугъащ. А IыхьэфIыр зыми зыхев-
мыгъэгъэнын щхьэкIэ, фIэщхъуныгъэм и гъуэгу фытемыкIыу
пэжу фрикIуэн хуейщ. Тхьэм хуэлажьэхэм а хъыбарыфIыр
уафэм и щIагъым щыпсэу цIыху псоми хуаIуэтащ. Сэ, Паул, а
хъыбарыфIым сыхуолажьэ.

*Паул члисэ зэхуэсым зэрыхуэлажьэр*

24 Иджы, сэ си фIагъ фэ фэзгъэкIын щхьэкIэ, гугъуехь сы-
хэтми, согуфIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Мэссихь и пкъ, члисэ
зэхуэсым, си фIагъ езгъэкIын папщIэ, сэ сшэчын хуейуэ Мэссихь
схухиха гузэвгъуэхэр иджы сипкъкIэ сшэчурэ и кIэм нызогъэс.
25 Тхьэм си пщэм къыдилъхьа Iуэхум тету, Тхьэм и хъыба-
рыфIыр нэсауэ фэзгъэщIэн щхьэкIэ, члисэ зэхуэсхэм сахуолажьэ.
26 А хъыбарыфIыр блэкIа лъэхъэнэхэмрэ щIэблэхэмрэ къащы-
щIэдзауэ Тхьэм цIыхухэм яримыгъэщIауэ щыта щэхущ. Тхьэм

а щэхур и цIыху лъапIэхэм яхуигъэнэхуащ иджы. [27] Хамэ лъэпкъхэмкIэ щIыхьышхуэ гъэщIэгъуэну а щэхум хэлъыр Тхьэм и цIыху лъапIэхэм яригъэщIэну игъуэу илъытащ. А щэхур мыращ: Мэссихь фи псэм щыщщ, ари фи псэм зэрыщыщым щхьэкIэ щIыхьышхуэ фиIэ зэрыхъуным фыпоплъэ, абы фыщыгугъыу.

[28]Аращи, Мэссихь теухуа хъыбарыр доIуатэ. Дэтхэнэ зы цIыхум МэссихькIэ фIэщхъуныгъэ зэриIэм щхьэкIэ, Тхьэм и пащхьэм цIыху нэгъэсауэ идгъэувэн щхьэкIэ, акъылыфIагъэ псомкIи гурыдогъаIуэ икIи идогъащIэ. [29]Ар згъэзэщIэн щхьэкIэ, Мэссихь къысхилъхьа лъэкIыныгъэ инымкIэ хуабжьу солажьэ икIи сыщIокъу.

# 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Фэр щхьэкIи, Лаодикие къалэм* дэсу фIэщхъуныгъэ зиIэхэм щхьэкIи, си напэр зымылъэгъуа псом щхьэкIи хуабжьу сызэрылажьэр фэзгъэщIэну сыхуейщ. [2] Хуабжьу сыщIэлажьэр а цIыхухэр згъэгушхуэн, фIылъагъуныгъэкIэ зэнэзэпсэ сщIын щхьэкIэщ. Апхуэдэу Тхьэм и щэхуу Мэссихьыр къащIэн щхьэкIэ, уасэшхуэ зиIэ зэхэщIыкI нэсауэ яIэ хъунущ. [3] Уасэшхуэ зиIэ акъылыфIагъэ псори щIэныгъэшхуэ псори Мэссихь хэлъщ. [4]Ар щIыжысIэр гъэпцIагъэ зыхэлъ псалъэхэмкIэ зыми фыдимыхьэхын щхьэкIэщ. [5] Сэ сипкъкIэ фи деж сыщымыIэми, сигурэ си псэкIэ фи деж сыщыIэщ. ГъэпсыкIэфIу фиIэри МэссихькIэ фIэщхъуныгъэу фиIэм и быдагъэри щыслъагъукIэ согуфIэ.

*Мэссихь гъащIэ нэгъэса диIэ зэрищIыр*

[6] Мэссихь Хьисэ Зиусхьэну фщтащи, ар фи псэм щыщурэ фыпсэу. [7] Фэ фи лъабжьэхэр Мэссихь тефщIыхь, фи гъащIэри абы тевгъэт. ЗэрывэдгъэщIам хуэдэу, абыкIэ фIэщхъуныгъэ быдэ фиIэурэ, щIыхь хуэфщI зэпымыууэ.

2:1 Лаодикие къалэр – Колоссэ къалэм километр 17-кIэ пэжыжьэу, абы и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ итащ.

8 Фысакъ, мы дунейм и философие нэпцIымкIэ, цIыхухэр
щызыгъауэмкIэ зыми зыдевмыгъэшэх. Апхуэдэ философие
къызыхэкIыр Мэссихькъым, атIэ ди адэжьхэм къащIэна
хабзэмрэ мы дунейм теухуауэ цIыхухэм яхэлъ гурыIуэныгъэу
нэпцIымрэщ.
9Тхьэм и щытыкIэ псори Мэссихь и пкъым хэлъщ. 10 Мэссихь
фи псэм зэрыщыщымкIэ абы и гъащIэ нэгъэсауэ фхэлъщ. Ар
Iэтащхьэ псоми тепщэныгъэ зиIэ псоми я щхьэщ. 11 Ар фи псэм
зэрыщыщым щхьэкIэ сунэт фащIам фыхуэдэщ. ЦIыхухэм IэкIэ
ящIа сунэткъым ар, атIэ къызыпкърыкIар Мэссихьщ. Ар къы-
щыхъуар Мэссихь фи гуэныхьыщIэ щэныжьыр щызыхывигъэ-
на махуэрщ. 12Фыщаумэхъым, Мэссихь фригъусэу фыщIалъ-
хьэжащ. Фыщаумэхъым деж Хьисэ лIахэм къахэзыгъэтэджы-
кIыжа Тхьэм и лъэкIыныгъэкIэ фIэщхъуныгъэ фиIэ зэрыхъуам
щхьэкIэ Тхьэм Мэссихь фригъусэу лIахэм факъыхигъэтэджы-
кIыжащ.
13 Гуэныхь зэрыфщIам икIи фигукIэ сунэт фызэрамыщIам
щхьэкIэ лIахэм фахуэдэу фыщытащ, ауэ Тхьэм Мэссихь фри-
гъусэу фыкъигъэпсэужащ. Ди гуэныхь псори къытхуигъэгъуащ
абы. 14 Унафэхэри дэщIыгъуу, ди щIыхуэхэр зэрыт тхылъым и
лъэкIыныгъэр Тхьэм игъэкIуэдащ. А тхылъыр къытпэуващ, ауэ
Тхьэм ар Мэссихь и жорым ириIулIри, лъэныкъуэ иригъэзащ.
15 Мэссихь жорым щыкIэрылIыхьам, жин бзаджэ Iэтащхьэ-
хэмрэ тепщэныгъэ зиIэ жин бзаджэхэмрэ я лъэкIыныгъэхэр
яIихыжащ. Абыхэм зэратекIуар IупщIу къигъэлъагъуэурэ, я
напэхэр трихащ.
16Аращи, фшхымрэ фызэфэмрэ теухуауэ, махуэшхуэ махуэр,
мазэщIэ махуэшхуэр, зыщыдгъэпсэху махуэр ягъэлъэпIэнымкIэ
хьэкум* къыфтрищIыхьыну зыри хуит фымыщI. 17 Мы Iуэху
псори къэкIуэну щыта Iуэхухэм я ныбжь къудейщ, ауэ а ны-
бжьыр зейр Мэссихьщ. 18 Егъэлеяуэ зывгъэцIыкIун хуейуэ, ме-
лыIычхэри вгъэлъэпIэн хуейуэ нывжезыIэм зыдевмыгъэшэх.
Апхуэдэ цIыхум, Тхьэм абы къригъэлъэгъуауэ жыхуиIэ Iуэхухэм
зэпымыууэ тепсэлъыхьурэ, мы дунейм тет цIыхухэм я гу-
псысэкIэ зэриIэм щхьэкIэ пщIэншэу зыкъыфIощIыж. 19Апхуэдэ
цIыхур щхьэуэ щыт Мэссихьым гъусэ хуэхъуркъым. Щхьэр арщ
пкъыр зэзыпхыу, къупщхьэ зэрытыпIэхэмкIи хуэхэмкIи пкъы

2:16 хьэкум – «судыр» арщ.

псоми къару езыгъэгъуэту, ар зэщIэзубыдэр. Апхуэдэу, Тхьэр
зэрыхуейм тету пкъым зеужь.
[20] Мэссихь и гъусэу лIам фыхуэдэщ, фэ цIыхухэм мы дунейм
теухуауэ яIэ гурыIуэныгъэхэм тепщэныгъэ къыфхуаIэжкъым.
АтIэ Iуэхур абы тетмэ, мы дунейм и цIыхухэм фазэрыщыщым
хуэдэу фыпсэуурэ, мыпхуэдэ унафэхэм сыт фыщIедаIуэр: [21] «Мы
шхыныр къыумыщтэ!» «Мыр умышх!» «Мыбы уемыIусэ!»?
[22]Апхуэдэ унафэхэр зытеухуар цIыхухэм къазэрыIэщIыхьэу
кIуэдыж шхынырщ. ЦIыхухэм къагупсысауэ, а унафэхэр нэ-
гъуэщI цIыхухэм ирагъащIэ. [23]Гугъуехь яшэчурэ, Тхьэр ягъэ-
лъэпIэну, егъэлеяуэ загъэцIыкIуну, япкъхэми гугъуехь ирагъэ-
шэчыну а унафэхэм цIыхухэр зэрыхагъэзыхьым щхьэкIэ, гу-
бзыгъагъэу къыпщыхьуми, пщIэ яIэкъым. Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ цIыхухэм я гур зыщIэхъуэпс Iуэху мыхъумыщIэхэм
япэувынымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун ялъэкIыркъым.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Мэссихь фригъусэу Тхьэм лIахэм факъыхигъэтэджыкIы-
жащ. Аращи, Тхьэм и ижьырабгъумкIэ бгъэдэсу Мэссихь здэ-
щыIэ уафэм и Iуэхухэм я ужь фит. [2] Мы дунейм и Iуэхухэм
фемыгупсысу, уафэм и Iуэхухэм фегупсыс. [3]Фэ фылIащ, фи
гъащIэ пэжри мыкIуэду, Тхьэр здэщыIэ уафэм Мэссихь къы-
щыфхуегъэнэж. [4] Ди гъащIэ пэжу щыт Мэссихь къыщылъа-
гъуэкIэ, фэри абы фригъусэу щIыхьышхуэ фиIэу фыкъэлъэгъуэ-
нущ.
[5]Аращи, фи щэныжь бзаджэм и Iуэхухэр вгъэкIуэд: Зинэ
щIэнри, гуфIеягъи, хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэхэри, хъуэпсэ-
ныгъэ Iейхэри, нэпсеягъэри – нэпсеягъэр тхьэ нэпцIыр бгъэ-
лъэпIэным хуэдэщ. [6]Тхьэм емыдаIуэхэм абы и губжьыр къате-
хуэнущ апхуэдэ Iуэхухэм щхьэкIэ. [7]А цIыхухэм фыщрагъусэм,
апхуэдэ Iуэхухэм фэри фахэтащ. [8]Ауэ иджы мыпхуэдэ Iуэху
псори зыхэвныжын хуейщ: Губжьыныр, къызэщIэплъэныр,
бзаджагъэр, нэгъуэщI цIыхухэм IейкIэ ятепсэлъыхьыныр,
емыкIу псэлъэкIэр. [9] ФызэрымыгъэпцIэж, сыт щхьэкIэ

жыпIэмэ фи щэныжь бзаджэр, абы и Iуэхухэри щIыгъуу, зыхэвныжри, [10] щэнышIэфIыр фащэ хуэдэу зэфшэкIащ. Тхьэуэ а щэнышIэфIыр къэзыгъэхъуам, езым и щэн хуэдэу хъуурэ, а щэныфIыр зэпымыууэ егъэщIэращIэ, езыр зыхуэдэр пэжу зэвгъэщIэн щхьэкIэ. [11]Аращи, яку зэхэгъэж дэмылъу, алыджри,* журтри, сунэт ящIари, сунэт ямыщIари, хамэри, Скиф* хэкум щыщри, пщылIри, щхьэхуитри зэхуэдэщ. Мэссихь псоми я щхьэщ, ар фэ псоми фи псэм щыщщ.

[12] Фэ, гукъабзагъэ зиIэ Тхьэм къыхиха цIыхухэм, абы фIыуэ илъагъухэм, гущIэгъунри, фIыгъуэри, мыпэгэнри, гущабагъэри, шыIэныгъэри фи гум ивгъэлъ. [13] Зым зыр ирешыIэ икIи зым зым гукъанэ гуэр хуиIэмэ, зэхуэвгъэгъу. Мэссихь къызэрыфхуигъэгъуам хуэдэу, фэри зэхуэвгъэгъу. [14] Псом япэрауэ, фIылъагъуныгъэр фи гум ивгъэлъ. ФIылъагъуныгъэращ зыуэ фыщытыну икIи фи щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, цIыху нэгъэса фыхъуну фэ псори фызэзыпхыр.

[15] Мэссихь къывит гузэгъэгъуэм фи гум тепщэныгъэ щрырeIэ. Зы пкъым фыхуэдэу а гузэгъэгъуэр фиIэну Тхьэм фыкъыхуриджащ. Абы фIыщIэ хуэфщI. [16] Мэссихь и псалъэхэр фи гум сыт щыгъуи быдэу ивгъэлъ. АкъылыфIагъэ псомкIи зым адрейм ирырегъащIэ икIи гурырегъаIуэ. Зиусхьэным фигухэмкIэ фIыщIэ хуэфщIу, уэрэдхэри, тхьэщIыхь уэрэдхэри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм фи гум кърилъхьэ уэрэдхэри абы щхьэкIэ жыфIэ. [17]Зиусхьэн Хьисэ и цIэкIэ Тхьэуэ Адэ лъапIэм фIыщIэ хуэфщIурэ, сыт фщIэми, сыт къыжыфIэми, Хьисэ и цIэкIэ ар фщIэ.

*ФIэщхъуныгъэ зиIэ унагъуэхэм я псэукIэр*

[18] Фызхэ, филIхэм фахуэIурыщIэ, Зиусхьэныр зи псэм щыщ цIыхухэм зэрахуэфащэм хуэдэу.

[19] ЛIыхэ, фэ фщыщ дэтхэнэми и фызыр фIыуэ илъагъун хуейщ, абыхэм фахуэпхъэшэн хуейкъым.

[20] Бынхэ, фи адэ-анэхэм сыт и лъэныкъэукIи федаIуэ, Зиусхьэным ар игъуэу елъытэри.

[21]Адэхэ, фи бынхэр фымыгъэгубжь, я гур мыкIуэдын щхьэкIэ.

---

3:11 алыдж – «грек» жыхуаIэрщ.

3:11 Скиф цIыхухэр – лъэпкъ Iэл гуэрщ.

22 УнэIутхэ, мы дунейм фытетыху, фи тепщэхэм унафэ псомкIи федаIуэ. Абыхэм федаIуэ, жызоIэ, ауэ «дэ абыхэм гурыхь дащыхъунщ» жыфIэу, я нэхэмкIэ къыщывэплъым и мызакъуэу, атIэ Тхьэм и фIэлIыкI фи гум зэрилъым щхьэкIэ сыт щыгъуи фигурэ фи псэкIэ фахуэлажьэ. 23 Сыт фщIэми, цIыхухэм зэрахуэфщIэм хуэдэ иремыхъу, ауэ Зиусхьэным зэрыхуэфщIэм хуэдэу, фигурэ фи псэкIэ фщIэ, 24 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным и цIыхухэм яхуигъэхьэзыра Iыхьэ фIыр фэри влэжьа Iуэхум щхьэкIэ къызэрыфлъысынур фощIэри. Зиусхьэн Мэссихьщ фызыхуэлажьэр. 25 Тхьэм бзаджагъэ зыщIэм и бзаджагъэм хуэфащэр иригъэпшыныжынущ; Зиусхьэныр цIыхухэм я фэм емыплъу, абы цIыху псори и зэхуэдэщи.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Тепщэхэ, фэри Зиусхьэн уафэм зэрыщывиIэр фщIэуэ, фи унэIутхэм фазэрыхущытын хуейм тету икIи захуэу фахущыт.

*Иужьрей Iуэхуу Паул ягуригъаIуэхэр*

2 Тхьэм зэпымыуэ фелъэIу. Тхьэм фелъэIу щыхъукIэ, фымыжейуэ фысакъ, Тхьэм и фIыщIи фщIы. 3 Тхьэм дэри фытхуелъэIу. Мэссихь теухуа Iуэху щэхухэр* цIыхухэм едгъэщIэн папщIэ, хъыбарыфIым щхьэкIэ бжэр къытхузэIуихыну Тхьэм фелъэIу. А хъыбарыфIыр цIыхухэм зэрезгъащIэращ лъэхъуэщым сыщIадзауэ сыщIыщIэсыр. 4А хъыбарыфIыр цIыхухэм зэрахуэсIуэтэн хуейм тету, нахуэу яхуэсIуэтэну Тхьэм фысхуелъэIу.
5 Игъуэр блэвмыгъэкIыу, фэ къыфщымыщ цIыхухэм акъылыфIагъэкIэ фахущыт. 6 Псалъэ мышыухэр хэмыту, фи псалъэхэр ирегуапэ. Хэти жэуап зэрефтын хуейр зэвгъащIэ.

4:3 Мэссихь теухуа Iуэху щэхухэр – еплъ 1:26,27; 2:2.

### *Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

7 ФIыуэ тлъагъу ди къуэш Тихик* си хъыбар псори фигъэ-
щIэнущ. Ар Зиусхьэным и IуэхумкIэ пэжыгъэкIэ дэ къыддоIэ-
пыкъу икIи къыддолажьэ. 8 Мы Iуэху дыдэр арщ, ди Iуэхухэр
зытетыр фигъэщIэну, фигъэгушхуэну, Тихик фи деж ныщIэзгъа-
кIуэр.* 9Абы и гъусэу узыщыгугъ хъуну икIи фIыуэ тлъагъу ди
къуэш Онисим* нызогъакIуэ. Ар фи цIыхухэм ящыщщ. А тIум
мыбы щекIуэкI Iуэху псори фагъэщIэнущ.
10 Лъэхъуэщым къыздыщIэс Аристарх* фIэхъус къывехыж.
Варнавэ* и унэкъуэщ Марки* фIэхъус къывехыж. Марк теу-
хуауэ унафэ фхуэсщIащ: Фи деж накIуэмэ, екIуу евгъэблагъэ.
11 ИусткIэ зэджэ Исус фIэхъус къывехыж. Тхьэм и Тепщэныгъэ-
шхуэм щхьэкIэ къыздэлажьэ цIыхухэм яхэт журтхэр аркъудейщ.
Абыхэм ину сагъэгушхуащ. 12 Епафрасу* фи цIыхухэм ящыщу
Хьисэ Мэссихь хуэлажьэм фIэхъус къывехыж. Ар Тхьэм пэжкIэ
фхуелъэIу зэпытщ, Тхьэм и гъуэгум быдэу фытригъэтын, сыт
и лъэныкъуэкIи езыр зыхуей Iуэху псори зыхуэдэр нэсауэ къыв-
гуригъэIуэн папщIэ. 13 Епафрас куэду фэ къызэрыфхуэла-
жьэмкIи, ди къуэшу Лаодикие,* Иерапол* къалэхэм* дэсхэм
куэду зэрахуэлажьэмкIи сыщыхьэтщ. 14 Дэ фIыуэ тлъагъу ди
дохутыр Лукарэ* Димасрэ фIэхъус къывахыж. 15 Лаодикие къа-
лэм дэс къуэшхэми, Нимфани, абы и унэ щызэхыхьэ члисэ
зэхуэсми фIэхъус схуефхыж.

---

4:7 Тихик – Паул дэлажьэу, и гъусэхэм ящыщу щытащ. Апостол. 20:4 зэритымкIэ, ар Асие хэкум щыщащ. Еплъ Ефес 6:21; 2 Тим. 4:12; Тит 3:12.

4:8 Тихик фи деж ныщIэзгъакIуэр – Паул итха тхылъыр Колоссэ къалэм дэсу фIэщхъуныгъэ зиIэхэм Тихик яхуихьын хуеящ.

4:9 Онисим – еплъ Филемон.

4:10 Аристарх – Паул дэлажьэу и гъусэхэм ящыщу щытащ. Аристарх Фессалоникэ къалэм щыщу щытащ.

4:10 Варнавэ – чыристан унафэщI къуэш инхэм ящыщу щытащ. Паул и Iуэхур щищIа япэрей илъэсхэм Варнавэ абы и гъусэу щытащ. Еплъ Апостол. 4:36; 13:1-15:39.

4:10 Марк – Иуан МарккIэ зэджэу Ерусалим щыщу щытар арщ. Еплъ Апостол. 12:12,25; 13:5,13.

4:12 Епафрас – еплъ 1:7.

4:13 Лаодикие – еплъ 2:1.

4:13 Иерапол – Колоссэ къалэм километр тIощIкIэ пэжыжьэу и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэм итащ.

4:14 Лука – ар Паул куэдрэ и гъусэхэм ящыщу щытащ.

16 Мы тхылъым феджа нэужь, Лаодикие щыIэ члисэ
зэхуэсым щыщхэри мы тхылъым ireджэ. Фэри Лаодикие
щыIэ члисэ зэхуэсым щыщхэм ныфхурагъэхьыну си тхылъым
феджэ.

17 «Зиусхьэным уи пщэм къыдилъхьа Iуэхур гъэзащIэ»,
жыфIи, Архипп* схужефIэж.

18 Сэ, Паул, мы фIэхъус псалъэхэр си IэкIэ сотх. Мы Iэхъу-
лъэхъу сызыIыгъхэр зыщывмыгъэгъупщэ. Мэссихь и нэфI
къыфщрехуэ. Iэмин.

4:17 Архипп – еплъ Филемон 2.



# ФІЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯІЭУ ФЕССАЛОНИКЭ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ ПАУЛ ЯХУИТХА ЯПЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### ФІэхъус

Сэ сы-Паулщ. Силуанрэ* Тимофейрэ* си гъусэу, фэ, Тхьэуэ Адэ лъапІэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ зейуэ, Фессалоникэ къалэм* щыІэ члисэ зэхуэсым щыщхэм, мы тхылъыр ныфхузотх.

Тхьэуэ Адэ лъапІэмрэ Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ къабгъэдэкІыу нэфІ щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлъэрес.

### *Паул Тхьэм фІыщІэ зэрыхуищІыр*

2 Фэ псоми щхьэкІэ Тхьэм зэпымыууэ фІыщІэ худощІ, Тхьэм
дыщелъэІукІи, фи гугъу дощІ. 3 Ди Тхьэуэ ди Адэ лъапІэм и
пащхьэм фи фІэщхъуныгъэм ІуэхуфІхэр зэрывигъэщІам и гугъу
зэпымычу щыдощІ. Фэ фи фІылъагъуныгъэм куэд зэрывигъэлэжьами, ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь фыщыгугъыурэ, фызэры-

---

1:1 Силуан – Паул дэлажьэу и гъусэхэм ящыщу щытащ. Еплъ Апостол. 15:22-18:5.

1:1 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

1:1 Фессалоникэ къалэр – Македоние хэкуу Рим къэралыгъуэшхуэм щыщам и къалэшхуэу щытащ. Япэ дыдэу Паул а къалэм зэрыкІуам и хъыбар Апостол. 17:1-9 итщ.

пэплъэм щхьэкIэ теубыдагъэ фиIэ зэрыхъуами я гугъу Тхьэм
и пащхьэм сыт щыгъуи щыдощI.
4 Фэ, Тхьэм фIыуэ илъагъу ди къуэшхэ, абы и бынхэм ящыщ
фыхъуну фыкъызэрыхихар дощIэ, 5сыт щхьэкIэ жыпIэмэ хъы-
барыфIыр къызэрыфлъэдгъэIэсар псалъэ къудейкъым, атIэ
къарукIи Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIи хъыбарыфIыр
къыфлъэдгъэIэсащ, нэгъэсауэ ар фи фIэщ дгъэхъуащ. Дыщы-
фхэтым, ди фIагъ фэдгъэкIыу дызэрыфхущытар фощIэ. 6 Ди
лъэужьми Зиусхьэным и лъэужьми фрикIуэу щытащ. Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ гузэвэгъуэшхуэм фыхэту щыта пэтми, Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм фи гум кърилъхьа гуфIэгъуэмкIэ Тхьэм и псалъэхэр
фщтащ. 7Македоние,* Ахаие* хэкухэм исхэу фIэщхъуныгъэ зиIэ
псоми щапхъэ фахуэхъуащ. 8Зиусхьэным теухуа хъыбарыфIыр
фи деж икIыурэ здынэсар Македоние, Ахаие хэкухэм я закъуэ-
къым, атIэ ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ фиIэ зэрыхъуам и хъыбарыр
цIыхухэм дэнэкIи щащIэ хъуащ. Аращи, а Iуэхум теухуауэ абы
нэхърэ нэхъыбэ цIыхухэм щIажетIэн щыIэкъым, 9екIуу дызэрев-
гъэблэгъари, гъащIэ зиIэ Тхьэ щыпкъэм фыхуэлэжьэн щхьэкIэ,
тхьэ нэпцIхэм фи щIыбагъыр зэрыхуэвгъэзари абыхэми
яIуэтэж. 10Тхьэм и Къуэуэ лIахэм къахигъэтэджыкIыжар уафэм
къызэрехыжынум фыпоплъэ – Тхьэм и губжь къэкIуэнум ды-
къыIэщIэзышыжынур Хьисэщ.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фессалоникэ къалэм Паул щилэжьа Iуэхур*

Фи деж дынызэрыкIуар пщIэншэ зэрымыхъуар фощIэ. 2 Фэ
зэрыфщIэщи, Филиппи къалэм* дыщыщыIам, цIыхухэм
гугъуехь куэд дагъэшэчу, къытхуэхъущIэу, фи деж цIыху куэд
къыщытпэуву щытами, Тхьэм дигъэгушхуэри, езым деж къикI
хъыбарыфIыр фхуэтIуэтащ. 3ХъыбарыфIыр фи фIэщ хъуну

1:7 Македоние хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. А хэкур иджырей Грецием и ищхъэрэ лъэныкъуэм итащ.

1:7 Ахаие хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. Ар иджырей Грецием и ипщэ лъэныкъуэм итащ.

2:2 Филиппи къалэр – еплъ Флп. 1:1.

дынызщIывэлъэIур Тхьэм ар цIыхухэм яхуэтIуэтэну дэ ди пщэм
къызэрыдилъхьар арщ. Дыгъуэщауэ дыщыткъым, дигури
мыкъабзэу щыткъым, фыдгъэпцIэнуи дыхэткъым. [4]Ауэ Тхьэм
а Iуэхур дгъэзэщIэну къытхуигъэфащэу, хъыбарыфIыр цIыху-
хэм едгъэщIэну ди пщэм къызэрыдилъхьам щхьэкIэ а хъыбары-
фIыр доIуэтэж. ЦIыхухэм ягу зредгъэхьыну дыхэткъым,
Тхьэуэ ди гум и щыпкъагъэр зыгъэунэхум игу зредгъэхьыну
арщ дызыхэтыр. [5]ГъафIэбзэ нэпцIкIэ дызэрыфхущымытар
фощIэ, фи фIагъ зэдгъэкIыну гъэпщкIуауэ муради диIакъым.
АбыкIэ Тхьэр ди щыхьэтщ. [6]Фэрами нэгъуэщIхэрами, цIыхухэм
щIыхь зыхуедгъэщIыну дыхэтакъым.

[7] Мэссихь дриапостолщ, тепщэныгъэу фхудиIэмкIэ дывдэ-
гъуэгурыкIуэн тлъэкIыну щытами, итIани анэр и сабийхэм фIы-
кIэ зэрадэгъуэгурыкIуэм хуэдэу, дэри фIыкIэ дывдэгъуэгу-
рыкIуащ. [8]АпхуэдизкIэ фIыуэ фытлъэгъуати, Тхьэм деж къикI
хъыбарыфIыр фхуэтIуэтэн къудейр аркъым дызыхуеяр, атIэ ди
псэр фхуэттынуи дыхуеящ. АпхуэдизкIэ фIыуэ фытлъэгъуащ.
[9] Ди къуэшхэ, куэду дызэрылажьэу щытари, гугъуехь ттелъу
дылажьэу зэрыщытари фи гум къэвгъэкIыж. Фэ фщыщ зыми
хьэлъэ дытемыхъуэн щхьэкIэ, Тхьэм деж къикI хъыбарыфIыр
щыфхуэтIуатэм, жэщи махуи дылэжьащ.

[10]Зыми дызэригъэкъуэншэн лъэпкъ щымыIэу, гукъабзагъэкIи
щыпкъагъэкIи фэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэм, дыфхэту зэрыщы-
тамкIэ фыдищыхьэтщ, Тхьэри ди щыхьэтщ. [11]Адэр и бынхэм
зэрадэгъуэгурыкIуэм хуэдэу, фэ фщыщ дэтхэнэми дывдэгъуэгу-
рыкIуэу зэрыщытар фощIэ. [12]Тхьэуэ зи Тепщэныгъэшхуэм
фыщIыхьэну, зи щIыхьышхуэмкIэ Iыхьэ фиIэну фыкъыхуе-
зыджам фыхуэфащэу фыпсэуну къывгурыдгъэIуащ, фыдгъэ-
гушхуащ икIи дывэлъэIуащ.

[13]Тхьэм фIыщIэ зэпымыууэ худощI. Тхьэм и псалъэхэр щыф-
лъэдгъэIэсам, цIыхухэм я псалъэхэм хуэмыдэу, атIэ Тхьэм и
псалъэхэм хуэдэу фщтащ, ипэжыпIэкIи Тхьэм и псалъэщ ахэр.
А псалъэхэр фэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэм, фи гум илъщи, IуэхуфI
фи гум щалэжь. [14]Мэссихь Хьисэ зи псэм щыщу, Иудей хэкум
щыIэ члисэ зэхуэсхэм ящыщ цIыхухэм я лъэужьым фытехьащ.
Журтхэм абыхэм гугъуехь ирагъэшэчу зэрыщытам хуэдэу, фи
лъэпкъым щыщхэм фэри гугъуехь фагъэшэчащ. [15]Зиусхьэну
Хьисэрэ бегъымбархэмрэ журтхэм яукIащ, дэри гугъуехь да-
гъэшэчащ. Ахэр Тхьэм и гум дэмыхьэ цIыхущ, цIыху псоми я

бийщ. [16]Хамэ лъэпкъхэр мыкIуэду Тхьэм къригъэлын щхьэкIэ,
хъыбарыфIыр щахуэтIуатэм, къытпэувыну хэтащ. Апхуэдэу я
гуэныхьхэм я бжыгъэр и кIэм нэс ягъэбагъуэурэ, зэтралъхьэ
зэпытщ. Ауэ Тхьэм и губжьыр икIэм-икIэжым къатехуащ.

*ФIэщхъуныгъэ яIэу Фессалоникэ дэсхэм*
*аргуэру илъагъужыну Паул зэрыхуеяр*

[17] Дигурэ ди псэкIэ фи деж дыщыIэми, дипкъкIэ зыкъомрэ
дыкъыщывбгъэдэкIыжым, ди къуэшхэ, дыфщIэхъуэпсу, фызэ-
дгъэлъагъуным куэду дыхэтащ. [18]Фи деж дынэкIуэну дыхуе-
ящ. Сэ, Паулыр, зыбжанэрэ сынэкIуэну сыхэтащ, ауэ шейтIа-
ным ар къыдигъэхъулIакъым. [19]ДызыгъэгуфIэри дызыпэплъэ
ди IыхьэфIыр диIэ зэрыхъуным дыщызыгъэгугъри фэракъэ?
ТекIуэныгъэр къызэрытхьар къэзыгъэлъагъуэ тажу, Зиусхьэн
Хьисэ къыщыкIуэжыну махуэм абы и пащхьэм дыщызэрыпэ-
гэнур фэракъэ? [20] Пэжщ ар, ди щIыхьышхуэри ди гуфIэгъуэри
къызыбгъэдэкIыр фэращ.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

АфIэкIа тхуэмыхьыжу, Афинэ къалэм* ди закъуэ дыкъыдэ-
нэну тедубыдащ. [2,3]Тимофей* фи деж нэдгъэкIуащ. Ар ди
къуэшщ, Тхьэм хуолажьэ, Мэссихь теухуа хъыбарыфIыр цIыху-
хэм яхуэтIуэтэн IуэхумкIэ къыддоIэпыкъу. Ар фи деж ныщIэ-
дгъэкIуар мы гузэвэгъуэхэм фэ фщыщ зыри гъуэгу захуэм тра-
мыгъэкIын щхьэкIэ фигухэр игъэбыдэн икIи фи фIэщхъуныгъэм
фытетыну фигъэгушхуэн щхьэкIэщ. Апхуэдэ гузэвэгъуэхэм
даIууэн хуейуэ зэрыщытыр фэ фощIэ. [4]Фи деж дыщыщыIам,
гузэвэгъуэ дызэрыхэхуэнур нывжетIэгъащ. Фэ зэрыфщIэщи, ап-
хуэдэуи хъуащ. [5]Аращи, нэхъыбэ схуэмыхьыжу, фи фIэщхъу-
ныгъэр зыхуэдэр зэзгъэщIэн щхьэкIэ Тимофейр фи деж нэз-
гъэкIуащ. ЦIыхухэм гуэныхь езыгъэщIэну и ужь ит шейтIаным
зыгуэркIэ фыдихьэхыу, ди Iуэхур пщIэншэ хъуакIэ сышынат.

---

3:1 Афинэ къалэр – Ахаие хэкум и къалэшхуэу щытащ. Еплъ Апостол. 17:15-18:1.
3:2 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

6 Тимофейр фи деж къикIыжри, ди деж къэкIуэжащ* иджы,
абы фи фIэщхъуныгъэмрэ фи фIылъагъуныгъэмрэ я хъыбар
дахэхэр къытхуихьащ. Фи гум дэ фIыкIэ зэпымыууэ дыкъызэ-
рыкIыжри, дэ фытлъагъуну дызэрыхуейм хуэдэу, дэ дыкъэ-
флъагъуну фэри фызэрыхуейри абы къытхуиIуэтэжащ. 7 Ди
къуэшхэ, гугъуехь псоми гузэвэгъуэ псоми дахэт пэтми, фи
фIэщхъуныгъэм и хъыбаркIэ ди гур вгъэзэгъащ. 8 Зиусхьэным
и гъуэгум быдэу фызэрытетым щхьэкIэ пэжыгъэкIэ допсэу
иджы. 9 Фэр щхьэкIэ Тхьэм и пащхьэм щыдиIэ гуфIэгъуэ псоми
хуэфащэу, фэр щхьэкIэ сыт хуэдэ фIыщIэ Тхьэм хуэтщIын
ирикъуну? 10 Фытлъагъужынуи фи фIэщхъуныгъэм и щыщIа-
гъэхэр иридгъэкъужынуи жэщи махуи дигурэ ди псэкIэ Тхьэм
долъэIу.

11 Езы ди Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ ди Зиусхьэну Хьисэ Мэс-
сихьрэ фи деж дынэкIуэжыну гъуэгу къытхузэIурах. 12 Дэ фэ
фIыуэ фызэрытлъагъум хуэдэу, Зиусхьэным нэхъыфIыжу зэпы-
мыууэ фызэригъэлъагъужын, цIыху псори зэпымыууэ фIыуэ
фигъэлъагъун ирехъу. 13 Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и цIыху
лъапIэ псори и гъусэу мы дунейм къыщыкIуэжкIэ, зыми фызэ-
ригъэкъуэншэн лъэпкъ щымыIэу, гукъабзагъэкIэ Тхьэуэ ди Адэ
лъапIэм и пащхьэм фиувэн щхьэкIэ, фи гур ирегъэбыдэ.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и гум ирихь псэукIэр*

ИкIэм-икIэжым, ди къуэшхэ, мыр нывжызоIэ. Тхьэм игу
фрихьын щхьэкIэ, фызэрыпсэун хуейр фэдгъэщIащ. Апхуэдэуи
фопсэу. Апхуэдэу сыт щыгъуи фыпсэуну Мэссихь Хьисэ и цIэкIэ
дынывольэIу икIи фхудогъэбыдэ. 2 Зиусхьэн Хьисэ и цIэкIэ уна-
фэу ныфхуэтщIахэм фыщыгъуазэщ.

3 Тхьэр зыхуейр фигу нэхъ къабзэ хъу зэпытыну, зинэ щIэным
пэIэщIэ зыфщIыну арщ. 4,5 Абы нэмыщIуи, Тхьэр зыхуейр езыр
зымыщIэ хамэ лъэпкъхэм ящыщ цIыхуу, зи гур зинэ мыхъу-
мыщIэ Iуэхухэм щIэхъуэпсхэм фахуэмыдэу, гукъабзагъэкIэ,

3:6 Тимофей ди деж къэкIуэжащ – еплъ Апостол. 18:5.

щIыхь хэлъу, фэ фщыщ дэтхэнэми езым и пкъым тепщэныгъэ
хуиIэну арщ. [6]Мы IуэхумкIэ зыми и къуэшым мыхъумыщIэ
иримыщIэну е къимыгъэпцIэну хуейщ Тхьэр. ЗэрывжетIам икIи
зэрывгурыдгъэIуам тету, апхуэдэ бзаджагъэ зыщIэ цIыху псоми
яхуэфащэр Зиусхьэным яригъэпшыныжынущ. [7]Ди гур мыкъаб-
зэу дыпсэуну аракъым Тхьэм дыкъызыхуриджар, атIэ ди гур
къабзэу дыпсэуну арщ. [8]Аращи, мы унафэр зымыдэм цIыхура-
къым имыдэр, атIэ Тхьэуэ езым и Псэ ЛъапIэр ди гум къизылъ-
хьарщ.

[9] Зэшхэм хуэдэу фIыуэ фызэрылъагъун зэрыхуейр ныфхуэ-
стхыну лейщ. ФIыуэ фызэрылъагъун зэрыхуейр Тхьэм фигъэ-
щIащ. [10]Македоние хэкум* дэнэкIи ис къуэш псори фIыуэ фо-
лъагъу. Ахэр нэхъыфIыжу дапщэщи флъагъуну сынызолъэIу.

[11]Iэсэу фыщыт, нэгъуэщI цIыхухэм я Iуэхум фи Iуэху хэвмы-
лъхьэу, фи IэхэмкIэ фылажьэу фызэрыпсэуным фыщIэкъу, унафэ
зэрыфхуэтщIам хуэдэу. [12]Апхуэдэу щыхъукIэ, фэ къыфщымыщ
цIыхухэм я пащхьэм хабзэм тету фыщыпсэунущ, щыщIагъэ
гуэри фиIэнукъым.

*Зиусхьэн Хьисэ мы дунейм къызэрыкIуэжынур*

[13]Ди къуэшхэ, лIахэм я Iуэхур зытетыр фымыщIэу фыкъэ-
дгъэнэну дыхуейкъым, гугъэ зимыIэ нэгъуэщI цIыхухэм я гум
къызэреуэм хуэдэу, фи гум къемыуэн щхьэкIэ. [14]Хьисэ лIэуэ,
лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжамкIэ фIэщхъуныгъэ диIэщ. Ара-
щи, ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэу лIахэр абы щIыгъуу Тхьэм
езым и деж зэришэнур ди фIэщ мэхъу. [15]Зиусхьэным и псалъэ-
хэм ятету мыр нывжыдоIэ: Зиусхьэныр дунейм къыщыкIуэжкIэ,
дэ, псэууэ къэнахэр, лIахэм япэ дищынукъым. [16]Тхьэм и унафэр
хъууэ, япэрей мелыIычым и макърэ Тхьэм и бжьамиишхуэм и
макърэ къэIумэ, езы Зиусхьэныр уафэм къехыжынущ. Мэс-
сихькIэ фIэщхъуныгъэ зиIэу лIахэр япэ къэтэджыжынущ абы
щыгъуэ. [17]ИтIанэ дэ, псэууэ къэнахэр, абыхэм дащIыгъуу Тхьэм
уафэм дыдрихьеинущ, пшэхэм дахэту, хьэуам хэту Зиусхьэным
дыщыIущIэн щхьэкIэ. Зиусхьэным сыт щыгъуи дригъусэнущ
итIанэ. [18]Аращи, мы псалъэхэмкIэ зым адрейр ирегъэгушхуэ.

---

4:10 Македоние хэкур – еплъ 1:7.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Ди къуэшхэ, а Iуэхухэр къыщыхъун зэманми сыхьэтхэми
ятеухуауэ ныфхуэттхыну лейщ, 2сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дыгъуа-
кIуэр цIыхухэр пэмыплъэххауэ жэщым къызэрыкIуэм хуэдэу,
Зиусхьэныр дунейм къыщыкIуэжыну махуэм деж фымыщIэххэу
къызэрыкIуэжынум фыщыгъуазэщ. 3«Иджы гузэгъэгъуэ диIэщ,
шынагъуэ зыри щыIэкъым», цIыхухэм щыжаIэкIэ, гугъуехьы-
шхуэ ямыщIэххэу къатехъуэнущ, фыз лъэщыджэм лъхугъэр
къызэрытелъадэм хуэдэу. Абы фIэкIыпIэ иIэнукъым.
4Ауэ фэ, ди къуэшхэ, кIыфIыгъэм фыхэткъым. Аращи, а ма-
хуэр дыгъуакIуэм хуэдэу фымыщIэххэу къыфхуэкIуэнукъым.
5 Фэ псори нэхум фрибынщ, махуэми фрибынщ. Дэ жэщым
икIи кIыфIыгъэм я бынхэм дащыщкъым. 6Аращи, нэгъуэщI
цIыхухэм яхуэдэу дыжей хъунукъым, атIэ дымыжейуэ ды-
сакъын, зышыIэныгъи тхэлъын хуейщ. 7Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
жэщырщ цIыхур щыжейр, икIи жэщырщ ефэхэр щефэр. 8Ауэ
дэ махуэм и быну дыщытщи, зышыIэныгъэ зидвгъэгъэIэ.
ФIэщхъуныгъэмрэ фIылъагъуныгъэмрэ афэ джанэм хуэдэу зы-
щыфтIагъэ, икIи Тхьэм дымыкIуэду дыкъызэрыригъэлыным
дыщыгугъыурэ дызэрыпэплъэр тажым хуэдэу дывгъэIэт. 9 Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и губжь къыттригъэхуэн щхьэкIэкъым
абы и бын дыхъуну дыщIигъэувар, атIэ ди Зиусхьэн Хьисэ Мэс-
сихь дымыкIуэду дыкъригъэгъэлын щхьэкIэщ. 10Хьисэ, и фIагъ
къыдигъэкIын щхьэкIэ, лIащ, къыщыкIуэжкIэ, дыпсэуми дылIа-
ми, абы дригъусэу дыпсэун папщIэ. 11Аращи, зым адрейр ирыр-
регъэгушхуэ икIи зым адрейм гурэ псэкIэ нэхъ лъэкIыныгъэ
ирырегъэгъуэт, иджы зэрыфщIым хуэдэу.

*Иужьрей Iуэхуу Паул ягуригъаIуэхэр*

12 Ди къуэшхэ, фэ къыфхуэлажьэу, Зиусхьэным и IуэхухэмкIэ
тепщэныгъэ къыфхузиIэ цIыхуу къывгурызыгъаIуэхэм щIыхь
яхуэфщIыну дынаволъэIу. 13Абыхэм ялэжь Iуэхум щхьэкIэ
щIыхьышхуэ яхуэфщI икIи фIыуэ флъагъу. ФызэгурыIуэ. 14Ди
къуэшхэ, дынаволъэIу, лэжьэну зымыдэхэм зэрыщыуэр ягуры-
вгъаIуэ, зи гур кIуэдахэр вгъэгушхуэ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ-
хэм фадэIэпыкъу, цIыху псоми шыIэныгъэкIэ фадэгъуэгурыкIуэ.

15Зыгуэрым и бзаджагъэм бзаджагъэкIэ премыувыж хэти. Ауэ
фэ фIы зэрызэхуэфщIэным фыхущIэкъу, цIыху псоми фIы зэра-
хуэфщIэнми сыт щыгъуи и ужь фит. 16Сыт щыгъуи фыгуфIэ.
17Тхьэм зэпымыууэ фелъэIу. 18Сыт ищIыс къыфщыщIми,Тхьэм
фIыщIэ хуэфщI, фэ, Мэссихь Хьисэ зи псэм щыщхэм, апхуэдэу
фщIэну аращ Тхьэр зыхуейри. 19Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и мафIэр
фымыгъэункIыфI. 20Тхьэм цIыхухэм ягу кърилъхьэ псалъэхэр
зэрыжаIэм нэмыплъ евмыт. 21 Iуэху псоми я щыпкъагъэр вгъэу-
нэху, фIым фытет. 22 Сыт хуэдэ бзаджагъэми пэIэщIэ зыфщI.

23 Гузэгъэгъуэ къыдэзыт Тхьэм фи гур нэсауэ ирегъэкъэбзэж,
зэрани къывэмыкIыу фигури, фи псэри, фипкъри кърехъумэ,
Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь дунейм къыщыкIуэжкIэ, зыми фы-
зэригъэкъуэншэн лъэпкъ щымыIэн щхьэкIэ. 24И бынхэм ящыщ
фыхъуну фыкъыхуезыджа Тхьэр щыпкъэщ, абы а Iуэхур игъэ-
зэщIэнущ.

25 Ди къуэшхэ, Тхьэм фытхуелъэIу. 26ГукъабзагъэкIэ къуэш
псоми IэплIэ ефшэкIыурэ, фIэхъус схуефхыж. 27Къуэш псоми
мы тхылъым факъыхуеджэну Зиусхьэным и цIэкIэ унафэ ны-
фхузощI.

28 Ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихь и нэфI къыфщрехуэ. Iэмин.



# ФІЭЩХЪУНЫГЪЭ ЯІЭУ ФЕССАЛОНИКЭ ДЭСХЭМ АПОСТОЛ ПАУЛ ЯХУИТХА ЕТІУАНЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Паулщ. Фэ, Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэн Хьисэ
Мэссихьрэ зейуэ, Фессалоникэ къалэм* щыIэ члисэ зэхуэсым
щыщхэм, Силуанрэ Тимофейрэ* си гъусэу мы тхылъыр ныфхузотх.
2 Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэну Хьисэ Мэссихьрэ къабгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлърес.

*Тхьэм цIыхухэм хьэкум захуэ къазэрытрищIыхьынур*

3 Ди къуэшхэ, фэр щхьэкIэ Тхьэм сыт щыгъуи фIыщIэ хуэ-
тщIын хуейщ. Ари тэмэмщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фи
фIэщхъуныгъэм зэпымыууэ хохъуэ, фэ фщыщ дэтхэнэми

1:1 Фессалоникэ къалэр – еплъ 1 Фесс. 1:1.

1:1 Силуанрэ Тимофейрэ – еплъ 1 Фесс. 1:1.

адрейм фIылъагъуныгъэу хуиIэми зэпымычу хохъуэ. [4]Аращи,
цIыхухэм сыт хуэдиз гугъуехь фагъэшэчми, сыт хуэдиз гузэвэ-
гъуэ фыхэтми, теубыдагъэрэ фIэщхъуныгъэрэ зэрывиIэм щхьэ-
кIэ Тхьэм и члисэ зэущIэхэм и пащхьэм дыщыфщотхъу.

[5]Тхьэм хьэкум захуэ зэрищIыр а Iуэху псоми къагъэнахуэ,
теубыдагъэ зэрывиIэм щхьэкIэ гугъуехь зыхуэфщэч Тхьэм и
Тепщэныгъэшхуэм фыщIыхьэну къыфхуигъэфэщэнущи. [6] Фэ
гузэвэгъуэ фыхэзыдзэ цIыхухэр гузэвэгъуэм хидзэжыну Тхьэм
захуагъэу елъытэ. [7] Фэ, гузэвэгъуэм хэтхэр, фыдигъусэу гузэ-
гъэгъуэ къывитыжынуи Тхьэм захуагъэу елъытэ. Ар къыщыхъу-
нур Зиусхьэн Хьисэ уафэм къехыу, лъэкIыныгъэ зиIэ и мелыIыч-
хэр щIыгъуу къыщылъэгъуэжыну махуэрщ. [8] Тхьэр зымыщIэ
цIыхуу, ди Зиусхьэну Хьисэ теухуа хъыбарыфIым емыдаIуэ-
хэм я бзаджагъэр яригъэпшыныжын щхьэкIэ, мафIэшхуэу
зэщIэплъар къыздихьынурэ, Зиусхьэн Хьисэ дунейм къэкIуэ-
жынущ. [9]А цIыхухэр Зиусхьэным и напэмрэ щIыхьышхуэ зиIэ
и лъэкIыныгъэшхуэмрэ япэжыжьэу, мыухыж кIуэдыныгъэр
Тхьэм Iыхьэ яхуищIынущ. [10]Ар къыщыхъунур Зиусхьэныр ду-
нейм къыщыкIуэжыну махуэрщ. А махуэм Зиусхьэным и цIыху
лъапIэхэм абы щIыхьышхуэ хуащIынущ, абыкIи фIэщхъуныгъэ
зиIэ хъуа псоми ар яфIэтелъыджэнущ. Фэри а цIыхухэм фахэ-
тынущ, ди щыхьэтыгъэр фи фIэщ хъуащи.

[11]Аращ фэр щхьэкIэ Тхьэм зэпымыууэ дыщIелъэIур. Тхьэм
фыкъызэрыхуриджам тету, и быну фыщытыну къыфхуигъэфэ-
щэну долъэIу. Фи гухэлъыфI псори, фи фIэщхъуныгъэм къыхэкI
IуэхуфI псори и лъэкIыныгъэшхуэкIэ и кIэм зэрынигъэсыным
Тхьэм долъэIу. [12]Ди Зиусхьэн Хьисэ и цIэм цIыхухэм щIыхьы-
шхуэ хуевгъэщIынущ абыкIэ, Зиусхьэныр фи псэм зэрыщыщым
щхьэкIи фэри щIыхь фиIэ хъунущ. Ди Тхьэмрэ ди Зиусхьэн
Хьисэ Мэссихьрэ я нэфI къызэрыфщыхуэм тету апхуэдэу хъу-
нущ.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Бзаджагъэм и цIыхур*

Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь дунейм къызэрыкIуэжынумрэ абы деж дызэрыщызэхуэсынумрэ ятеухуауэ, ди къуэшхэ,

мыбыкIэ дыныволъэIу: 2Мэссихь дунейм къыщыкIуэжыну
махуэр къэсауэ жиIэу, цIыху гуэрым Тхьэм и Псэ ЛъапIэм езым
и гум кърилъхьа хуэдэу пцIыкIэ жиIэми, е цIыхухэм а махуэр
къэсауэ жаIэми, е дэ тхылъкIэ апхуэдэу ттхауэ цIыхухэм жаIэми,
а Iуэхум щIэхыу фытемыгузэвыхь икIи фытемышыныхь. 3Хэту
щытми, зыкIи зыкъевмыгъэгъапцIэ. ЦIыхухэм я щIыб Тхьэм
хуагъэзэн, бзаджагъэм и цIыхуу Тхьэм игъэкIуэдыжынур къэ-
лъэгъуэн и пэкIэ, а махуэр къэсынукъым. 4А цIыхур тхьэуэ жы-
хуаIэхэми цIыхухэм ягъэлъапIэ Iуэху псоми япэувынущ, а псоми
нэхърэ нэхъ ину зилъытэжынущ. Тхьэм и унэшхуэми щIэтIыс-
хьэнурэ, «Сэ сы-Тхьэщ», жиIэнущ.

5Фи деж сыщыщыIэм, а Iуэхухэр зэрывжесIар фигу къэ-
кIыжыркъэ? 6Бзаджагъэм и цIыхум иджы гъуэгу езымытыр фэ
фощIэ. Ауэ игъуэр къыщыскIэ, бзаджагъэм и цIыхур къэлъэ-
гъуэнущ. 7 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ бзаджагъэм и лъэкIыныгъэ
щэхум Iуэху ещIэ иджы. Ауэ бзаджагъэм и цIыхум иджыри
къэс гъуэгу езымытар япэщIыкIэ Iуахыжьын хуейщ. 8Бзаджа-
гъэм и цIыхур къэлъэгъуэнущ итIанэ. Зиусхьэн Хьисэ щIыхьы-
шхуэ иIэу къыщыкIуэжкIэ, зэрыбауэ ишэ жьымкIэ ар иукIынущ
икIи игъэкIуэдыжыпэнущ. 9 Бзаджагъэм и цIыхур къыщы-
кIуэкIэ, шейтIаным и лъэкIыныгъэ иIэу къэкIуэнущ. ЛъэкIыны-
гъэ Iуэхушхуэ нэпцI псори, нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ нэпцIхэри,
Iуэху телъыджэ нэпцIхэри цIыхухэм яригъэлъагъунущ. 10КIуэ-
дыпIэм и гъуэгу тет цIыхухэр сыт хуэдэ бзаджагъэкIи игъэпцIэ-
нущ. Ахэр щIэкIуэдыр, мыкIуэду зыкърагъэлын щхьэкIэ,
щыпкъагъэр фIыуэ ялъагъун зэрамыдар арщ. 11Аращи, пцIыр
я фIэщ хъун щхьэкIэ, Тхьэм абыхэм я гупсысэкIэр зэрегъэкIуэкI.
12Апхуэдэу щыпкъагъэр зи фIэщ мыхъу цIыхуу бзаджагъэр зигу
ирихь псори Тхьэм игъэкъуэншэнущ.

### *ФымыкIуэду фыкърригъэлын щхьэкIэ,*
### *Тхьэм фыкъыхихащ*

13Ауэ Зиусхьэным фIыуэ илъагъу фи къуэшхэ, фэр щхьэкIэ
Тхьэм зэпымычу фIыщIэ хуэтщIын хуейщ, япэ дыдэм къы-
щыщIэдзауэ фымыкIуэду фыкъригъэлын щхьэкIэ, Тхьэм фы-
къыхихащ. Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэу фи гур зыгъэкъабзэм и
лъэкIыныгъэкIи, щыпкъагъэр фи фIэщ зэрыхъуамкIи фымы-
кIуэду фыкърегъэл. 14Тхьэм и бынхэм ящыщ фыхъуну фыкъы-

зэрыхуриджар дэ фэдгъэщIа хъыбарыфIыр арщ. Апхуэдэу,
ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и щIыхьышхуэмкIэ Iыхьэ
къыфлъысынущ. 15Арацhи, ди къуэшхэ, фыкъимыкIуэту, жьэкIи
тхылъкIи фэдгъэщIа Iуэхухэм быдэу фытету гъуэгу захуэм
фрикIуэн хуейщ.

16,17 Тхьэуэ ди Адэ лъапIэу фIыуэ дызылъэгъуауэ, зи нэфI
щыхуэныгъэмкIэ сыт щыгъуи дызыгъэгушхуэм фIыгъуэм
дыщегъэгугъ. Абырэ ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьрэ, сыт хуэдэ
фIыгъуэри вгъэзэщIэн икIи къыжыфIэн щхьэкIэ, фрырагъэгу-
шхуэ, фигури ирырагъэбыдэ.

# 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм фытхуельэIу*

ИкIэм-икIэжым, ди къуэшхэ, фи деж зэрыщыхъуам хуэдэу,
Зиусхьэным и хъыбарыфIыр дэнэкIи цIыхухэм ялъэIэсыну икIи
цIыхухэм а хъыбарыфIым щIыхь хуащIыну Тхьэм фелъэIу. 2 Дэ
цIыху бзаджэ Iейхэм дащихъумэну Тхьэм фелъэIу, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ цIыху псоми фIэщхъуныгъэ яIэу щыткъым. 3Ауэ Зиу-
схьэныр щыпкъэщ. Абы фи гур игъэбыдэнущ, шейтIанми фы-
щихъумэнущ. 4Ди унафэхэр зэрывгъэзащIэмкIэ икIи зэрыв-
гъэзэщIэнумкIэ Зиусхьэным дыфщегъэгугъ. 5 Тхьэм и фIылъа-
гъуныгъэми Мэссихь и теубыдагъэми фи гур Зиусхьэным хуреу-
нэтI.

*ФIэщхъуныгъэ зиIэхэр мылажьэу хъунукъым*

6Ди къуэшхэ, лэжьэн зымыдэ икIи къыфхуэдгъэна унафэхэм
темыт дэтхэнэ къуэшми пэIэщIэ зыфщIыну ди Зиусхьэн Хьисэ
Мэссихь и цIэкIэ унафэ фхудощI. 7 Фэр-фэру фощIэ ди лъэужьым
фызэрырикIуэн хуейр. Фи деж дыщыщыIам, дымылажьэу ды-
щысакъым. 8ЗыдгъэхьэщIэурэ, зыми и щIакхъуэ бзыгъэ фIэт-
шхакъым. АтIэ гугъу зедгъэхьурэ, хуабжьу дылажьэурэ, фэ
фщыщ зыми хьэлъэ дытемыхъуэн щхьэкIэ, жэщи махуи лэжьы-
гъэм дыпэрытащ. 9ЗывэдгъэгъэхьэщIэну хуитыныгъэ димыIауэ
аракъым дыщIэлэжьар, атIэ ди лъэужьым фрикIуэну щапхъэ

дыфхуэхъун щхьэкIэщ. 10Фи деж дыщыщыIам, мы унафэр
фхуэтщIащ: Лэжьэну хуэмейр иремышхэ.

11 Фэ фщыщ цIыху гуэрхэм лэжьэн ямыдэу зэхэтхащ. Абыхэм
Iуэху ящIэркъым, ауэ я Iуэху зыхэмылъым хэтщ. 12Апхуэдэ
цIыхухэр Iэсэу лажьэурэ, езыхэм я щIакхъуэ бзыгъэ яшхыжын
щхьэкIэ, ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ унафэ яхудощI
икIи долъэIу. 13 Фэ, ди къуэшхэ, мыр вжыдоIэ: фIы щIэным
зевт, фемыщу.

14Мы тхылъымкIэ нывжетIэм цIыху гуэр емыдаIуэмэ, а цIы-
хум гу лъыфтэ, вгъэукIытэн щхьэкIи гъусэ фыхуэмыхъу абы.
15 Фи бийм хуэдэ фемыплъ, атIэ фи къуэшым хуэдэ гурывгъаIуэ
абы.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

16Гузэгъэгъуэ псори къыдэзыт Зиусхьэным сыт и лъэныкъуэ-
кIи гузэгъэгъуэ къыврет сыт щыгъуи. Зиусхьэныр фэ псоми гъусэ
фхурехъу. 17Сэ, Паул, си IэкIэ мы фIэхъус псалъэр ныфхузотх.
Мыращ ныфхуэстхыр:

18 Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и нэфI фэ псоми къыфщрехуэ.
Iэмин.



# АПОСТОЛ ПАУЛ ТИМОФЕЙ ХУИТХА ЯПЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Паулщ. ДымыкIуэду дыкъезыгъэл Тхьэмрэ Зиусхьэну Хьисэ Мэссихьу дызыщыгугъымрэ я унафэкIэ Мэссихь и апостол* сыхъуащ. [2] Уэ, Тимофей,* фIэщхъуныгъэ узэриIэм щхьэкIэ, си къуэ пэжым хуэдэ хъуам, мы тхылъыр ныпхузотх.

Тхьэуэ Адэ лъапIэмрэ Мэссихь Хьисэу ди Зиусхьэнымрэ къабгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэ, гущIэгъуныгъэ, гузэгъэгъуэ къыплъэс.

*Дин егъэджакIуэ нэпцIхэр*

[3,4]Сэ Македоние хэкум* сыщыкIуам, уэ сынызэролъэIуам хуэдэу, цIыхухэм Iуэху пхэнжхэр ирамыгъэщIэну, шыпсэхэми, гъунэ зимыIэ унагъуэ лъэпкъ зэтепщIыкIхэми япымылъыну цIыху гуэрхэм унафэ яхуэпщIын щхьэкIэ, Ефес къалэм* къы-

1:1 апостол – еплъ Рим 1:1.

1:2 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

1:3 Македоние хэкур – еплъ 1 Фесс. 1:7.

1:3 Ефес къалэр – еплъ Ефес 1:1.

дэнэ. Апхуэдэ Iуэхухэм узыхуашэр зэныкъуэкъуныгъэщ. Тхьэм
и мурадым техуэркъым а Iуэхухэр. Тхьэм и мурадыр зэщIа
зэрыхъунур фIэщхъуныгъэм и гъугукIэщ. [5] Мы унафэр щIэт-
щIыр мыращ: Гу къабзэу мыхъумыщIагъэу зыри зыдэзымыщIэ-
жымрэ фIэщхъуныгъэ щыпкъэмрэ къарыкI фIылъагъуныгъэр
диIэ хъун щхьэкIэщ. [6]ЦIыху гуэрхэр абыхэм текIри, пщIэ зи-
мыIэ зэныкъуэкъуныгъэхэм хыхьащ. [7]Торэт егъэджакIуэ пашэу
залъытэ пэтми, жаIэри гушхуауэ зытепсэлъыхь Iуэхухэри къа-
гурыIуэжыркъым.

[8]Хабзэр* зэрыфIыр дощIэ, цIыхур хабзэм зэрыхущытын ху-
ейм хуэдэу хущытмэ. [9]Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэм щхьэкIэ
хабзэр зэрамыгъэувар дощIэ, хабзэр зыхуагъэувахэр мыхэращ:
Хабзэм текIхэмрэ хабзэм пэувхэмрэ, Тхьэм и фIэлIыкI зи гум
имылъхэр, гуэныхь зыщIэхэр, зи гур мыкъабзэхэр, Тхьэр зымы-
гъэлъапIэхэр, адэ-анэхэр зыукIыжхэр, лIыукIхэр, [10,11]зинэ
зыщIэхэр, цIыхухъухэм фыз папщIэу екIуалIэхэр, цIыху зы-
щэхэр, пцIы зыупсхэр, щыхьэт нэпцIхэр икIи, хэту щытми, ди
фIэщхъуныгъэм дигъащIэ Iуэхуу узыщыгугъ хъунухэм
темытыр. ЩIыхьышхуэ зиIэ а хъыбарыфIыр цIыхухэм ез-
гъэщIэну зи щIыхьыр ин Тхьэм си пщэм къыдилъхьащ.

### *Паул Тхьэм и гущIэгъум щхьэкIэ фIыщIэ зэрыхуищIыр*

[12]Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихьу си Iуэхур злэжыну лъэкIы-
ныгъэ къызэзытам фIыщIэ хузощI. Абы дзыхь къысхуищIу,
мы Iуэхур си пщэм къызэрыдилъхьам щхьэкIэ фIыщIэ хузощI.
[13]Сэ ар згъэпцIу, абы и цIыхухэм гугъуехь езгъэшэчу икIи абы
сыхущIэджэу щыта пэтми, гущIэгъу къысхуищIащ, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ фIэщхъуныгъэ симыIэу, злэжьу щыта Iуэхухэр зыхуэ-
дэр къызгурымыIуэу сыпсэуэ щытати. [14]Ауэ ди Зиусхьэн Хьисэ
Мэссихь и нэфI ину къысщыхуащ икIи Мэссихь Хьисэ си псэм
щыщ зэрыхъуам щхьэкIэ, фIэщхъуныгъэрэ фIылъагъуныгъэрэ
си гум илъ хъуащ.

[15]Мы псалъэхэр пэжщ, ахэр ящтэну цIыху псоми яхуэфащэщ:
Гуэныхь зыщIэхэр мыкIуэду къригъэлын щхьэкIэ, Мэссихь
Хьисэ мы дунейм къэкIуащ. Абыхэм ящыщу япэ итыр сэращ.
[16]Ауэ Хьисэ Мэссихь псоми япэ сэ гущIэгъу къыщIысхуищIар

1:8 хабзэр – Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэр арщ.

ар къызэрысхущытымкIэ и шыIэныгъэшхуэр здынэсыр къигъэ-
лъэгъуэн икIи езымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ хъун цIыхуу, мыкIуэ-
дыжын гъащIэ зыгъуэтынухэм щапхъэ сахуэхъун щхьэкIэщ.
17ИгъащIэкIэ мылIэжын пащтыхьу, цIыхухэм ямылъагъуу Тхьэ
закъуэм мыкIуэдыжын щIыхьышхуэмрэ лъытэныгъэшхуэмрэ
ейщ. Iэмин.

18Си къуэ Тимофей, Тхьэм езым и псалъэу уэ къыптеухуауэ
цIыху гуэрхэм я гум кърилъхьэу къажригъэIахэм* тету мы уна-
фэр ныпхузощI. А псалъэхэм тету зауэлIыр фIыуэ зэрызауэм
хуэдэу, 19фIэщхъуныгъэ уиIэу, уигукIэ мыхъумыщIагъэ лъэпкъ
зыдумыщIэжу, гурэ псэкIэ уи Iуэхур лэжь. ЦIыху гуэрхэм я
гумкIэ мыхъумыщIагъэ лъэпкъ зыдамыщIэжыныр зэрамыдам
щхьэкIэ, фIэщхъуныгъэм и гъуэгу текIыжащ. 20Именейрэ Алек-
сандррэ апхуэдэ цIыхухэм ящыщщ. Ахэр шейтIаным хуэзгъэ-
защ* сэ, Тхьэр ямыгъэпцIу зрагъэсэн щхьэкIэ.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм уелъэIуныр*

Псом япэу сынyволъэIу, цIыху псоми щхьэкIэ Тхьэм фелъэIу,
дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну, фIыгъуэ яригъэгъуэтыну фелъэIу.
Тхьэм фIыщIэ хуэфщI. 2 Тхьэм и фIэлIыкI ди гум илъу, гукъабза-
гъэкIэ, мамыру икIи дигу зэгъауэ дыпсэуфын щхьэкIэ, пащтыхь-
хэмрэ тепщэныгъэ зиIэхэмрэ Тхьэм фахуелъэIу. 3Ар фIыщ икIи
дымыкIуэду дыкъезыгъэл Тхьэм игъуэу елъытэ. 4ЦIыху псори
мыкIуэду къригъэлыну икIи щыпкъагъэр ящIэну хуейщ ар. 5Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр закъуэщ, Тхьэмрэ цIыхухэмрэ зэзыгъэ-
кIужыр закъуэщ, ар цIыхуу Мэссихь Хьисэщ. 6Абы и псэр цIыху
псоми щхьэщэхужу яхуитащ. Хьисэ апхуэдэ щIыкIэкIэ и чэзууэ
Тхьэм и мурадыр игъэпэжащ. 7Аращ Мэссихь теухуа хъыбары-

---

1:18 Тхьэм езым и псалъэу уэ къыптеухуауэ цIыху гуэрхэм я гум кърилъхьэу къажригъэIахэр – члисэ зэхуэсым и бегъымбархэм Тимофей Тхьэм хуэлэжьэну щагъэувам, Тхьэм абыхэм я гум а псалъэхэр кърилъхьэу къажригъэIахэр.

1:20 Ахэр шейтIаным хуэзгъэзащ сэ – а лIитIыр чыристанхэм я зэкъуэшыныгъэм зэрыхагъэкIыжам щхьэкIэ шейтIаным и лъэкIыныгъэу цIыхухэр зыгъэкIуэдым и тепщэныгъэм щIэт хъуащ.

фIыр цIыхухэм ялъэзгъэIэсыну икIи апостол сыхъуну Тхьэм
сыщIигъэувар: фIэщхъуныгъэмрэ щыпкъагъэмрэ я хъыбарыр
хамэ лъэпкъхэм ялъэзгъэIэсыну арщ – пэжыр къыжызоIэ, пцIы
лъэпкъ хэмылъу.
[8]ЦIыхухъухэр дэнэ щIыпIэ щыIэми, Тхьэм елъэIуну сыхуейщ,
гукъабзагъэкIэ я Iэхэр яIэтурэ, мыгубжьу, ягуми ТхьэмкIэ шэч
ямыщIу.
[9]Абы нэмыщIу, цIыхубзхэми укIытэ яхэлъу, хабзэфIым тету,
екIуу захуэпэну сыхуейщ. Щхьэц ухуэнакIи, дыщэкIи, налкъут-
налмэсхэмкIи, щыгъын лъапIэхэмкIи замыгъэщIэращIэу, [10]атIэ
фIы щIэнымкIэ зрагъэщIэращIэ, «Тхьэм и фIэлIыкI ди гум
илъщ», жызыIэ цIыхубзхэм зэрахуэфащэм хуэдэу.
[11]Зыри жимыIэу икIи куэду IурыщIэу Тхьэм и Iуэхухэр зри-
гъэщIэн хуейщ цIыхубзым. [12]ЦIыхубзым Тхьэм и Iуэхухэр цIы-
хухэм яригъэщIэну икIи лIы гуэрым тепщэныгъэ хуиIэну здэр-
къым. Зыри жиIэн хуейкъым. [13]Тхьэм япэ дыдэ къигъэщIар
Iэдэм зи цIэр арщ, итIанэ Хьэуащ. [14]Блэм зыкъезыгъэгъэпцIар
Iэдэмкъым, атIэ цIыхубзырщ. ЦIыхубзыр Тхьэм и гъуэгу текIащ
апхуэдэу. [15]Ауэ фIэщхъуныгъэ, фIылъагъуныгъэ, къабзагъэ и
гум зэпымыууэ илъу, хабзэфIым тету щытмэ, сабий къызэры-
хуэхъумкIэ мыкIуэду къелынущ цIыхубзыр.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Члисэ зэхуэсым и Iэтащхьэм и*
*хьэл-щэныр зэрыщытын хуейр*

Мы псалъэхэр пэжщ: Члисэ зэхуэсым и Iэтащхьэ* хъуну зы-
гуэр хуеймэ, зи ужь итыр IуэхуфIщ. [2]Зыми зэригъэкъуэншэн
лъэпкъ зыбгъэдэмылъу, зы фыз фIэкI зимыIэу,* зышыIэныгъэрэ
гулъытэрэ зиIэу, хабзэфIым тету, хьэщIэхэр зыгъэлъапIэу, цIы-
хухэм щыпкъагъэр езыгъэщIэн зылъэкI цIыхуу щытын хуейщ
Iэтащхьэр. [3]Фадафэу е цIыху Iэлу щыт хъунукъым, атIэ Iэсэу,

3:1 Iэтащхьэ – алыджэбзэм щыщ псалъэу «Iэтащхьэу» икIи «зи нэIэ Iуэхухэм ятезы-гъэту» жыхуаIэм иужькIэ мыхьэнэуэ «епископ» иIэ хъуащ.

3:2,12 зы фыз фIэкI зимыIэу – е зэ фIэкI къэзымышауэ.

мышхыдэрейуэ икIи мылъкум щIэмыхъуэпсу щытын хуейщ.
[4] И унагъуэр фIыуэ зэрихьэу, и бынхэм щIыхь зыхуригъэщIу,
игъэIурыщIэфу щытын хуейщ. [5]Зи унагъуэр зезымыхьэфыр
Тхьэм и члисэ зэхуэсым дауэ зэрыкIэлъыплъыфынур? [6]Iэтащ-
хьэр фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуагъащIэхэм ящыщу щыт хъуну-
къым. Апхуэдэу щымытмэ, зыкъыфIэщIыжынурэ, шейтIаныр
къуаншэ зэрыхъуам хуэдэу, ари къуаншэ хъунущ. [7] ЦIыхухэр
IейкIэ къытемыпсэлъыхьын икIи шейтIаным и хъым имыхуэн
щхьэкIэ, члисэ зэхуэсым щымыщхэри фIыуэ щыхьэт зыхуэхъу
цIыхуу щытын хуейщ ар.

### *Члисэ зэхуэсым и дэIэпыкъуэгъухэм я хьэл-щэныр зэрыщытын хуейр*

[8]Члисэ зэхуэсым и дэIэпыкъуэгъухэри* щIыхь зыхуэфащэу,
бзитI зыIумылъ лIыхэу, фадэм димыхьэхыу икIи мылъкум щIэ-
мыхъуэпсу щытын хуейщ. [9] Я гумкIэ мыхъумыщIагъэ лъэпкъ
зыдамыщIэжу, фIэщхъуныгъэм и щэхур яIыгъын хуейщ. [10]Ауэ
я щыпкъагъэр вгъэунэхун хуейщ япэщIыкIэ. Зыми зэригъэкъуэн-
шэн лъэпкъ ябгъэдэмылъмэ, дэIэпыкъуэгъухэм ящыщ ирехъу.
[11]А дэIэпыкъуэгъухэм я фызхэри щIыхь зыхуэфащэу, нэ-
гъуэщI цIыхухэм IейкIэ ятемыпсэлъыхьу, шыIэныгъэ зиIэу, лъэ-
ныкъуэ псомкIи узыщыгугъ хъун цIыхуу щытын хуйщ.
[12] ДэIэпыкъуэгъур зы фыз фIэкI зимыIэ,* и бынхэмрэ и уна-
гъуэмрэ фIыуэ зезыхьэ лIыуэ щытын хуейщ. [13]Зи Iуэху фIыуэ
зыгъэзэщIа дэIэпыкъуэгъухэм щIыхь ягъуэт икIи Мэссихь Хьи-
сэкIэ яIэ фIэщхъуныгъэм гушхуауэ тепсэлъыхьын ялъэкIынущ.

### *Ди фIэщхъуныгъэм хэлъ щэхур*

[14]Куэд мыщIэу уи деж сыкъэкIуэн си гугъэу, мы тхылъыр
пхузотх. [15]Сынэгувэмэ, Тхьэм и унагъуэм щыщхэр зэрыпсэун
хуейр мы тхылъым уигъэщIэнущ. Тхьэм и унагъуэм щыщхэр
гъащIэ зиIэ Тхьэм и члисэ зэхуэсыр арщ. А члисэ зэхуэсыращ
щыпкъагъэр зытет пкъори лъабжьэри. [16]Зэрышэчыншэщи, ди
фIэщхъуныгъэм хэлъ щэхур* инщ:

---

3:8 дэIэпыкъуэгъухэр – мы псалъэм мыхьэнэуэ «диакон» иIэ хъуащ иужькIэ.

3:16 ди фIэщхъуныгъэм хэлъ щэхур – ди фIэщхъуныгъэм и хъыбару Тхьэм цIыху-хэм пасэм яримыгъэщIауэ иджы къахуигъэнэхуар арщ.

Тхьэр цIыхуу къэлъэгъуащ.
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм абы
и щыпкъагъэр къигъэнэхуащ.
мелыIычхэм заригъэлъэгъуащ.
И IурыщIэхэм абы и хъыбарыр
хамэ лъэпкъхэм ирагъэщIащ.
Дунейм тет цIыхухэм абыкIэ
фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ.
ЩIыхьышхуэ иIэу, Тхьэм ар
уафэм дрихьеижащ.

## 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэщхъуныгъэм и гъуэгум цIыху куэд зэрытекIыжыпэнур*

Тхьэм и Псэ ЛъапIэм IупщIу къыжеIэ дунейм и иужьрей лъэхъэнэхэм цIыху куэд фIэщхъуныгъэм и гъуэгум зэрытекIыжыпэнур. ЦIыхухэр дезыгъэхьэх жинхэми, жин бзаджэхэм цIыхухэм ирагъащIэ Iуэхухэми едэIуэнущ. [2] Жин бзаджэхэм цIыхухэм ирагъащIэ Iуэхухэр къызыпкърыкIыр напитI зиIэ пцIыупсхэр арщ. ФIыри ери зэхадзын ялъэмыкIыжыну, гъущI дамыгъэтедзэ плъамкIэ хагъэсыкIам хуэдэу, апхуэдэ цIыхухэм ягухэр щытынущ. [3]Къэшэныгъэ-дэкIуэныгъэмрэ шхыныгъуэ гуэрхэр пшхынымрэ мыхъумыщIэ Iуэхуу щытхэу а пцIыупсхэм цIыхухэм жраIэ. Ауэ Тхьэм а шхыныгъуэхэр къигъэщIащ, фIэщхъуныгъэ зиIэу, щыпкъагъэр зыщIэхэм, Тхьэм фIыщIэ хуащIурэ, ахэр яшхын щхьэкIэ, [4] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм къигъэщIа псори фIыщ. Тхьэм фIыщIэ хуэпщIурэ къабыл пщIымэ, зыри хэбдзыж хъунукъым. [5]Тхьэм и псалъэхэмкIи Тхьэм узэрелъэIумкIи ар къабзэ мэхъу.

*Хьисэ Мэссихь фIыуэ узэрыхуэлэжьэнур*

[6]Мы Iуэхухэр ди къуэшхэм ягурыбгъаIуэмэ, фIэщхъуныгъэм и псалъэхэмкIи ди фIэщхъуныгъэм дигъащIэ, узытет IуэхуфIхэмкIи лъэкIыныгъэ зэбгъэгъуэтурэ, Хьисэ Мэссихь фIыуэ хуэлажьэхэм уащыщщ итIанэ. [7]Тхьэм и фIэлIыкI зыхэмылъ фыз

хъыбархэм пэIэщIэ зыщI. Тхьэм и фIэлIыкI уи гум зэрилъыным хущIэкъу. [8] Пкъыр бгъэсэнми фIагъ гуэр хэлъщ, ауэ Тхьэм и фIэлIыкI уи гум зэрилъыным сыт и лъэныкъуэкIи и фIагъ къокI, Тхьэм и фIэлIыкI уи гум илъыным мы дунеймрэ къэкIуэну дунеймрэ фIыкIэ ущегъэгугъри.

[9]А псалъэхэр пэжщ, ахэр къабыл ящIыну цIыху псоми яхуэфащэщ. [10] Гугъу зедгъэхьурэ куэду дыщIэлажьэр цIыху псори, псом япэу фIэщхъуныгъэ зиIэхэр, мыкIуэду къезыгъэл Тхьэуэ гъащIэ зиIэм дызэрыщыгугъыр арщ.

[11]ЦIыхухэм унафэ яхуэщI мы IуэхугъуэхэмкIи икIи ахэр егъащIэ. [12] Уи ныбжьыщIагъэм щхьэкIэ, зыми нэмыплъ зрумыгъэт, ауэ псалъэхэмкIэ, псэукIэмкIэ, фIылъагъуныгъэмкIэ, фIэщхъуныгъэмкIэ, гукъабзагъэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм щапхъэ яхуэхъу. [13]Сэ сынэкIуэху, Тхьэм и псалъэ тхахэм* цIыхухэм я пащхьэм уакъызэрыщыхуеджэнми, цIыхухэм зэрагурыбгъэIуэнми, зэребгъэщIэнми хэт. [14]Тхьэм и нэфI къыпщыхуэну члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэм* я Iэхэр къыптралъхьэурэ, уэ птеухуауэ Тхьэм езым и псалъэхэр абыхэм я гум кърилъхьэу къащыжригъэIэм, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм лъэкIыныгъэу къуитам узэрыхэтыным хущIэкъу.

[15] Мы Iуэхухэм я ужь ит, ар япэ зэрибгъэщыр цIыху псоми нахуэ ящыхъун щхьэкIэ, плъэкI къыумыгъанэ. [16] Зыхуэсакъыж, цIыхухэм ебгъащIэ Iуэхухэми яхуэсакъ. А Iуэхухэм уи нэIэ сыт щыгъуи ятегъэт. Апхуэдэу пщIэмэ, къодаIуэ цIыхухэр мыкIуэду къебгъэлынущ, уэ уи щхьэри мыкIуэду къебгъэлынущ.

## 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фызабэхэр, нэхъыжьхэр, унэIутхэр*

ЛIыжьым ухуэмыгубжь, атIэ уи адэм еплъытэу гурыгъаIуэ; щIалэхэми къуэшхэм уазэрыдэгъуэгурыкIуэм хуэдэу ядэгъуэгурыкIуэ, [2]цIыхубз нэхъыжьхэми анэхэм уазэрыдэгъуэгурыкIуэм

---

4:13 Тхьэм и псалъэ тхахэр – журтхэм я тхылъ лъапIэхэр: Торэт хабзэр, Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур), бегъымбархэм ятха тхылъхэр икIи нэгъуэщIхэрщ.

4:14 нэхъыжьхэр – члисэ зэхуэсым Iуэхуу щекIуэкIым и унафэщI къуэшхэрщ. Еплъ Апостол. 11:30.

хуэдэу ядэгъуэгурыкIуэ, цIыхубз ныбжьыщIэхэми шыпхъухэм
уазэрыдэгъуэгурыкIуэм хуэдэу гукъабзагъэ псомкIи ядэгъуэ-
гурыкIуэ.

[3]Зи закъуэ дыдэу къэна фызабэхэм щIыхь яхуэщI. [4] Фызабэ
гуэрым и бынрэ и бынхэм къащIэхъуарэ иIэмэ, езыхэм я уна-
гъуэм щIыхь хуащIыну япэщIыкIэ зрагъэсэн хуейщ, я адэ анэ-
хэм къыхуащIари хуащIэжын хуейщ, ар Тхьэм игъуэу елъытэри.
[5]Зи закъуэ дыдэу къэна фызабэр Тхьэм щогугъ, Тхьэр къы-
дэIэпыкъуну жэщи махуи зэпымыууэ йолъэIу. [6]Ауэ зызэри-
гъэтхъэжыным фIэкIа зыми емыгупсыс фызабэр, псэуми, лIам
хуэдэщ. [7]ФIэщхъуныгъэ зиIэхэр зыми зэригъэкъуэншэн лъэпкъ
щымыIэн щхьэкIэ, мы Iуэху псомкIи унафэ яхуэщI. [8]И унэ-
къуэщхэм, псом хуэмыдэжу и унэ щIэсхэм, якIэлъымыплъ цIы-
хур и фIэщхъуныгъэм епцIыжащ. Ар фIэщхъуныгъэ зимыIэм
нэхърэ нэхъ Iеижщ.

[9]Фызабэхэм я цIэхэр зэрыт тхылъым зи цIэр иратхэн хуейр
зи ныбжь илъэс хыщIым нэсауэ, зэ фIэкI дэмыкIуауэ, [10] зи
фIыщIагъэхэмкIэ цIыхухэр щыхьэт зыхуэхъу фызабэрщ: пса-
лъэм щхьэкIэ, бын зыпIауэ, хьэщIэхэр зыгъэлъэпIауэ, Тхьэм и
цIыху лъапIэхэм* я лъакъуэхэр яхуэзытхьэщIауэ,* гузэвэгъуэ
хэтхэм ядэIэпыкъуауэ, фIы щIэным хэта фызабэрщ.

[11]Фызабэ ныбжьыщIэхэм я цIэхэр а тхылъым иумытхэ. Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ я гум хъуэпсэныгъэ къихьэмэ, я щIыб Мэссихь
къыхуагъазэу, дэкIуэжыну яхуеинущ. [12]Мэссихь ирата псалъэ
быдэр* зэрамыгъэзэщIэжам щхьэкIэ ахэр къуаншэ мэхъу. [13]Абы
нэмыщIуи, Iуэху ямыщIэу, унэрыхьэ-унэрыкIыу къакIухь я
хабзэщ. Iуэху зэрамыщIэм и закъуэкъым, атIэ Iуэрвэрхэу, я
Iуэху зыхэмылъым я Iуэху халъхьэу, жамыIэпхъэр яIуатэ. [14]Ара-
щи, фызабэ ныбжьыщIэхэр дэкIуэжыну, быни къащIэхъуэну, я
унагъуэри зэрахьэну, я жагъуэгъу шейтIаныр абыхэм IейкIэ
ятепсэлъыхьыну Iэмал ирамыгъэгъуэтыну сыхуейщ. [15] Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм ящыщ гуэрхэр гъуэгу захуэм текIри,
шейтIаным и гъуэгу техьащ.

---

5:10 Тхьэм и цIыху лъапIэхэр – ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр арщ.

5:10 я лъакъуэхэр яхуэзытхьэщIауэ – а зэманым хьэщIэ гуэр унэм къыщыщIыхьэ-кIэ, унэIут гуэрым хьэщIэм и лъакъуэхэр хуитхьэщIын хуейуэ хабзэу яIащ.

5:12 Мэссихь ирата псалъэ быдэр – Мэссихь хуэлэжьэным фIэкIа, нэгъуэщI пымы-лъыну псалъэ быдэу иратар арщ.

[16]ФIэщхъуныгъэ зиIэ цIыхубз гуэрым и унэм фызабэхэр
щIэсмэ, ар абыхэм якIэлъыплъын хуейщ. Члисэ зэхуэсым ахэр
хьэлъэ тремыхъуэ, зи закъуэ дыдэ фызабэхэм члисэ зэхуэсыр
якIэлъыплъыфын щхьэкIэ.

[17]Члисэ зэхуэсыр фIыуэ зезыхьэ нэхъыжьхэм щIыхь нэхъыбэ
яхуэфащэщ, псом хуэмыдэжу Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм
хуаIуатэурэ езыгъащIэхэм. [18]Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ: «Гуэдз
щыпIуэкIэ, вым и жьэр зэтумыпхэ», икIи «ЛэжьакIуэм и лэжьап-
щIэр игъуэтыпхъэщ». [19]ЦIыхуитI е цIыхуищ щыхьэт темыхъумэ,
члисэ зэхуэсым и нэхъыжьхэм ящыщ зыгуэрым зэригъэкъуан-
шэр умыдэ. [20]Псоми я пащхьэм гуэныхь зыщIэхэм щагуры-
гъаIуэ, адрейхэри шынэн щхьэкIэ.

[21] Тхьэм, Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь, Тхьэм къыхиха мелыIыч-
хэм я пащхьэм быдэу унафэ щыпхузощI, нэкъыфIэщIхэм зы-
къевмыгъэгъапцIэу, зыми уримытелъхьэу мы Iуэху псори гъэ-
защIэ.

[22] Зиусхьэным хуэлэжьэну цIыху гуэр бгъэувын папщIэ, уи
Iэхэр и щхьэм теплъхьэным ухуемыпIэщIэкI. НэгъуэщIхэм я
гуэныхьхэм уи Iыхьэ яхэлъ умыщI. Гукъабзагъэ сыт щыгъуи
зигъэIэ.

[23] Уи шхалъэ узым, куэдрэ къыпхуэкIуэ узыгъуэхэм сэбэп
хуэхъун щхьэкIэ, псы къудей уемыфэу санэ тIэкIуи ефэ дяпэкIэ.
[24]Языныкъуэ цIыхухэм я гуэныхьхэр нэрылъагъущ, Тхьэм хьэ-
кум* ятрищIыхьыну абы и тахътэм нэмыс щIыкIэ а цIыхухэр
къуаншэ мэхъу. Ауэ нэгъуэщI цIыхухэм я гуэныхьхэр я ужь
иту, иужькIэщ нэрылъагъу щыхъур. [25]Апхуэдэу, фIыщIагъэхэри
нэрылъагъущ. Нэрылъагъуу щымыт фIыщIагъэхэри щIэуфэ
хъунукъым.

## 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

УнэIутыгъэм и бжьыр зытелъ псоми я тепщэхэм щIыхь псори
яхуэфащэу ялъытэн хуейщ, цIыхухэм Тхьэм и цIэмрэ ди фIэ-
щхъуныгъэм дигъащIэ Iуэхухэмрэ ямыгъэулъиин щхьэкIэ. [2]ФIэ-
щхъуныгъэ зиIэ тепщэхэр зиIэ унэIутхэм, зэкъуэшу зэрыщытым

5:24 хьэкум – «суд» жыхуаIэрщ.

щхьэкIэ, абыхэм нэмыплъ иратын хуейкъым, атIэ нэхъри
нэхъыфIыжу яхуэлэжьэн хуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ялэжь
Iуэхум зи фIагъ къекIыр фIэщхъуныгъэ зиIэу фIыуэ ялъагъур
арщ. Мы Iуэхухэр унэIутхэм егъащIэ икIи яхуэгъэбыдэ.

*ЦIыху гуэрхэм адрей цIыхухэм ирагъащIэ Iуэху*
*пхэнжхэмрэ мылъкум щIэхъуэпсынымрэ теухуауэ*

3 Зыгуэрым Iуэху пхэнжхэр фигъащIэу, ди Зиусхьэн Хьисэ
Мэссихь и псалъэу дызыщыгугъын хуейхэм темытмэ, Тхьэм и
фIэлIыкI ди гум зэрилъыным теухуауэ ди фIэщхъуныгъэм ди-
гъащIэ Iуэхухэми темытмэ, 4 а цIыхум и щхьэм куэд трелъхьэ
икIи зыри зэхищIыкIыжыркъым. Ар зэныкъуэкъунымрэ зэдэуэ-
нымрэщ зыщIэхъуэпсыр. А Iуэхухэм кърикIуэр фыгъуэщ, зэ-
гурымыIуэнырщ, нэгъуэщI цIыхухэм IейкIэ тепсэлъыхьынырщ,
зым адрейм гурыщхъуэ хуищIынырщ, 5зи акъыл някъуэу, щып-
къагъэм пэжыжьэ цIыхухэм я зэщыхьэныру пщIэ зимыIэрщ.
Тхьэр гъэлъэпIэныр абыхэм фейдэ хэкIыпIэу къафIощI. Абыхэм
пэIэщIэ зыщI.

6Пэжыр жызоIэ, цIыху гуэр иIэмкIэ арэзымэ икIи Тхьэм и
фIэлIыкI и гум илъмэ, абы фIагъыу хэлъыр инщ. 7Дунейм ды-
къыщытехьэм, зыри къыздэтхьакъым, дунейм дыщытекIыжкIи
зыгуэр тетхын тлъэкIынукъым. 8Тшхынрэ щыгъынрэ диIэмэ,
абыкIэ арэзы дыхъун хуейщ. 9Ауэ бей хъуну хуейхэр гуэныхь
щIэным дезыгъэхьэх Iуэхум хохуэри, шейтIаным Iэрохуэ. ПщIэ
зимыIэ, зи ягъэ къэкIуэ хъуэпсэныгъэу, цIыхухэр зыгъэунэхъуу,
кIуэдыпIэм хуэзышэхэм яубыд ахэр. 10 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
бзаджагъэ псори къызыбгъэдэкIыр ахъшэм щIэбэгынырщ.
ЦIыху гуэрхэр, ахъшэм щIэхъуэпсурэ, фIэщхъуныгъэм и
гъуэгум текIри, гухэщI Iэджэ я щхьэм къыхуахьыжащ.

*ФIэщхъуныгъэм фIыуэ хущIэкъу*

11Ауэ уэ, Тхьэм и цIыху, а Iуэхухэм пэIэщIэ зыщI. Щыпкъа-
гъэр, Тхьэм и фIэлIыкI, фIэщхъуныгъэр, фIылъагъуныгъэр,
теубыдагъэр, гущабагъэр уи гум зэрилъыным хущIэкъу. 12ФIэщ-
хъуныгъэм фIыуэ хущIэкъу. МыкIуэдыжын гъащIэ зэгъэгъуэт;
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ щыхьэт куэдым я пащхьэм* фIэщхъу-

6:12 щыхьэт куэдым я пащхьэм – ар щыхъуар члисэ зэхуэсым и унафэщI къуэшхэм Тимофейр Тхьэм хуэлэжьэну щагъэувар арщ.

ныгъэ узэриIэм фIыуэ щыхьэт ущыщытехъуэм, а мыкIуэ-
дыжын гъащIэр бгъуэтыну Тхьэм укъыхуриджащ. [13]Тхьэуэ
псоми гъащIэ къезытым и пащхьэмрэ Мэссихь Хьисэу, Понтий
Пилат* зэхихыу, щыпкъагъэм щыхьэт техъуам и пащхьэмрэ
лъэщу унафэ щыпхузощI: [14]Зыри уи мылажьэу, зыми
узэригъэкъуэншэн лъэпкъ щымыIэу, ди унафэр гъэзащIэ, ди
Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь дунейм къыщыкIуэжыну махуэм
нэсыху. [15]Игъуэр къыщыскIэ, Тхьэм а махуэр къигъэлъэгъуэ-
нущ, – щIыхьышхуэрэ лъэкIыныгъэшхуэрэ зиIэ Тхьэ закъуэр
пащтыхьхэм я Пащтыхьыжщ, зиусхьэнхэм я Зиусхьэныжщ.
[16]Езы Тхьэ закъуэр арщ мылIэжынур икIи узэмыкIуэлIэфыну
нэхум хэтыр. ЦIыхухэм ящыщ гуэрми ар и нэкIэ зыми илъэ-
гъуакъым икIи илъагъун лъэкIынукъым. ЩIыхьышхуэри
мыкIуэдыжын лъэкIыныгъэшхуэри зейр Тхьэращ. Iэмин.

[17]Мы дунейм бей щыхъуахэм закъыфIэмыщIыжыну,
мылъку нэпцIым щымыгугъыну, атIэ Тхьэм нэхъ щыгугъыну
унафэ яхуэщI. Дызыгъэтхъэжыну псори куэду къыдэзытыр
Тхьэращ. [18]ФIы щIэным хэтыну, фIы щIэнымкIэ бей хъуну,
я мылъкум щымысхьу, яIэм щыщкIэ нэгъуэщI цIыхухэм
ягуапэу етэну унафэ яхуэщI. [19]Апхуэдэу ящIэмэ, мылъкушхуэ
зэхуахьэса мэхъу. МыкIуэдыжын гъащIэ зрагъэгъуэтын
щхьэкIэ, а мылъкушхуэр къэкIуэну дунейм лъабжьэ
щахуэхъунущ.

[20] Уэ, Тимофей, Тхьэм уи пщэм къыдилъхьа Iуэхум хуэсакъ.
Тхьэм и фIэлIыкI зыхэмылъ псалъэ мышыухэмрэ щIэныгъэ
нэпцI зыхэлъ пэпсэлъэнымрэ пэIэщIэ зыщI. [21]Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ, «щIэныгъэ диIэщ», зыхужаIэжурэ цIыху гуэрхэр фIэщ-
хъуныгъэм и гъуэгум текIащ.

Тхьэм и нэфI къыпщрехуэ. Iэмин.

---

6:13 Понтий Пилат – Рим цIыхухэм ящыщу, Хьисэ къэхъуа нэужь 26-36 гъэхэм Иудей, Самарие, Идумей хэкухэм я Iэтащхьэу щытащ. Понтий Пилатыращ Хьисэ укIын хуейуэ хьэкум тезыщIыхьар.



# АПОСТОЛ ПАУЛ ТИМОФЕЙ ХУИТХА ЕТIУАНЭ ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Паулщ. Тхьэм фIэигъуэти, Хьисэ Мэссихь ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, мыкIуэдыжын гъащIэ дгъуэтыну Тхьэм дыкъызэригъэгугъам и хъыбарыр цIыхухэм яхуэсIуэтэну Мэссихь Хьисэ и апостол сыхъуащ. [2] Уэ, фIыуэ слъагъу си къуэ Тимофейм,* мы тхылъыр ныпхузотх.

Тхьэуэ Адэ лъапIэмрэ ди Зиусхьэн Мэссихь Хьисэрэ къабгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэ, гущIэгъуныгъэ, гузэгъэгъуэ къыплърес.

*Тхьэм и хъыбарыфIым хуэпэжыну Паул Тимофей зэригъэгушхуар*

[3]Си адэжьхэм хуэдэу, сигукIэ мыхъумыщIагъэ лъэпкъ зыдэзмыщIэжу, сызыхуэлажьэ Тхьэм фIыщIэ хузощI. Тхьэм селъэIуу,

1:2 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

жэщи махуи зэпымыуиэ уи гугъу сщIыуэ, Тхьэм фIыщIэ хузощI.
[4]Уи нэпсхэр си гум къэкIыжу, си гум гуфIэгъуэ из хъун щхьэкIэ,
услъагъуну сыхуейщ. [5]Уи фIэщхъуныгъэ щыпкъэр си гум къо-
кIыж. Апхуэдэ фIэщхъуныгъэр уи анэшхуэу Лоидэрэ уи анэ
Евникэрэ я гум илъу щытащ нэхъапэм; иджы ар уи гум зэри-
лъым сыщогугъ. [6]Аращи, си Iэхэр ныззэрыптеслъхьамкIэ* Тхьэм
лъэкIыныгъэу къуитам и мафIэр къызэщIэбгъэнэн зэрыхуейр
уигу къызогъэкIыж. [7]Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэу ди гум кърилъ-
хьам ди гум шынагъуэ кърилъхьэркъым, атIэ лъэкIыныгъэр,
фIылъагъуныгъэр, зышыIэныгъэр ди гум илъ ещI.

[8]Ди Зиусхьэным умыдзыхэу щыхьэт хуэхъу. Сэри абы сызэ-
рыхуэлажьэм къыхэкIкIэ, лъэхъуэщым сызэрыщIадзам папщIэ
емыкIу сыкъыумыщI, хъыбырыфIым щхьэкIэ Тхьэм и лъэкIы-
ныгъэкIэ гугъуехь къыздэшэч. [9]Тхьэр арщ дымыкIуэду дыкъе-
зыгъэлыр икIи гукъабзагъэкIэ дыпсэуну дыкъыхуезыджар. Ап-
хуэдэу щIищIар езым ар и мурадти, и нэфI къызэрытщыхуарщ.
Ди фIыщIагъэхэм я Iуэху абы хэлъкъым. Мэссихь Хьисэ къы-
пкъырыкIыу Тхьэм и нэфI къыщытщыхуар лъэхъэнэ псоми япэ-
кIэщ, [10]ауэ иджы дымыкIуэду дыкъезыгъэл Хьисэ Мэссихь къы-
зэрылъэгъуамкIэ Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэр нахуэ къэхъуащ.
Хьисэ Мэссихь лIэныгъэр игъэкIуэдащ, хъыбарыфIымкIи
мыкIуэдыжын гъащIэ къытхуигъэнэхуащ. [11]А хъыбарыфIыр
цIыхухэм яхуэсIуэтэну, абы и апостол сыхъуну, хамэ лъэпкъхэм
ар езгъэщIэну Тхьэм сыкъигъэуващ. [12]Аращ мы гугъуехьыр щIэ-
сшэчыр, ауэ сыдзыхэркъым, фIэщхъуныгъэ зыхузиIэ Хьисэ Мэс-
сихь сощIэ, езыми си пщэм къыдилъхьа Iуэхум а махуэм* нэсы-
ху ар къыхуэсакъын зэрылъэкIынум сыщогугъри.

[13]Мэссихь Хьисэ уи псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, фIэщхъуны-
гъэмрэ фIылъагъуныгъэмрэ уиIэу, сэ къыжысIэу зэхэпха, узы-
щыгугъ хъуну псалъэхэр иригъуазэ абыхэм уатемыкI. [14]Тхьэм
уи пщэм къыдилъхьа Iуэхур Тхьэм и Псэ ЛъапIэу ди гум илъым-
кIэ хъумэ.

[15]Асие хэкум* ис псори, абыхэм Фигеллрэ Ермогенрэ яхэту,
зэрызэбгъэдэкIыжар уощIэ.

---

1:6 си Iэхэр ныззэрыптеслъхьамкIэ – Паул жыхуиIэр езымрэ адрей чыристан уна-фэщI къуэшхэмрэ я Iэхэр Тимофей и щхьэм тралъхьэу, Тимофей Тхьэм хуэлэжьэну зэрагъэувар арщ. Еплъ 1 Тим. 1:18; 4:14.

1:12 а махуэм – къемэтмахуэр арщ.

1:15 Асие хэкур – еплъ Ефес 1:1.

[16] Онесифор и унагъуэм гущIэгъу къыхурещI Зиусхьэным,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы си гур куэдрэ игъэзэгъащ, Iэпхлъэпх
сыщащIами и щIыб кэысхуигъэзэжакъым. [17]Ар Рим къалэ-
шхуэм къыщыкIуам, сыкъигъуэтыху, емышу сыкъилъы-
хъуащ. [18] Къемэтмахуэм Зиусхьэным гущIэгъу къыхурещI. Ефес
къалэм куэдрэ къыщыздэIэпыкъуу зэрыщытар уэ фIыуэ уощIэ.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэссихь Хьисэ фIыуэ хуэбанэ зауэлIыр*

Аращи, си къуэ, ди псэм щыщ Мэссихь Хьисэ и нэфI къызэ-
рыпщыхуэмкIэ уи гур гъэбыдэ. [2]Щыхьэт Iэджэм я пащхьэм сэ
щыжысIэу зэхэпха Iуэхухэр узыщыгугъ хъун цIыхуу нэгъуэ-
щIхэм ахэр езыгъэщIэн зылъэкIынухэм, я пщэм дэлъхьэ. [3]Хьисэ
Мэссихь и зауэлIыфIым хуэдэу гугъуехь къыздэшэч. [4]Дзэм емы-
пха Iуэхугъуэхэм зауэлIым зыдригъэхьэхыркъым – дзэ пашэм
и гум зригъэхьыну хуейщ. [5]Апхуэдэу зэрызэдэжэ хабзэм тету
къэмыжэм текIуэныгъэм и таж кърaтыркъым. [6]Iуэху гугъу
зыщIэ мэкъумэшыщIэм гъавэу кърахьэлIэжам щыщ и Iыхьэр
япэ кърaтын хуейщ. [7] Сэ жысIэм егупсыс. Зиусхьэным Iуэху
псомкIи зэхэщIыкI къуитынущ.

[8]Хьисэ Мэссихь уигу къэгъэкIыж; ар Даут пащтыхьым къы-
техъукIа цIыхухэм ящыщщ, Тхьэм ар лIахэм къахигъэтэджы-
кIыжащ. Аращ цIыхухэм езгъащIэ хъыбарыфIу, [9] гугъуехь
зыхуэсшэчу, бзаджащIэм хуэдэу Iэпхлъэпх къысщIралъхьар.
Ауэ Тхьэм и псалъэхэм Iэпхлъэпх иралъхьэн ялъэкIынукъым.
[10]Абы къыхэкIкIэ, Тхьэм къыхиха цIыхухэм си фIагъ езгъэкIын
щхьэкIэ, шыIэныгъэкIэ гугъуехь псори сошэч. Апхуэдэу, Мэс-
сихь Хьисэ я псэм зэрыщыщым папщIэ ахэри мыкIуэду къелы-
нущ, мыкIуэдыжын щIыхьышхуэ яIэ хъунущ.

[11] Мы псалъэхэр пэжщ:
Мэссихь дригъусэу дылIамэ,
дригъусэуи дыщыIэнущ.
[12] ТеубыдагъэкIэ гугъуехь тшэчмэ,
абы дригъусэу тепщэныгъэ диIэнущ.

«Абы и гъуэгу ирикIуэхэм дащыщкъым»,
жытIэмэ, езыми «Ахэр си гъуэгу
ирикIуэхэм ящыщкъым», къытхужиIэнущ.
13Дэ дигум щыпкъагъэ имылъми,
абы и гум щыпкъагъэ сыт щыгъуи илъынущ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ езым зыкъигъэпцIэжын
лъэкIынукъыми.

*Тхьэм хуэлажьэ цIыхуу и гум ирихьыр*

14А Iуэхухэр ягу къэгъэкIыж. Псалъэ зэпаубыдурэ зэмыдэуэну
Зиусхьэным и пащхьэм лъэщу щагурыгъаIуэ. Зэдэуэныгъэм фIы
къыдэкIуэркъым, абы едаIуэхэм я зэранщ къахухэкIыр. 15Зи
щыпкъагъэр Тхьэм игъэунэхуа цIыхуу, илэжьа Iуэхум щIытеу-
кIытыхьыжын лъэпкъ щымыIэу, щыпкъагъэм и псалъэхэр цIы-
хухэм пэжу езыгъащIэ цIыхуу Тхьэм дежкIэ узэрыщытыным и
ужь ит. 16 Тхьэм и фIэлIыкI зыхэмылъ псалъэ мышыухэм пэIэ-
щIэ зыщI. апхуэдэхэм яхэтхэр Тхьэм нэхъ пэжыжьэ хъу зэпыт-
щи. 17Лыших узым* хуэдэу, абыхэм цIыхухэм ирагъащIэ
Iуэхухэр цIыху куэдым ялъэIэсынущ. Именейрэ* Филитрэ а
цIыхухэм ящыщщ. 18А тIур щыпкъагъэм и гъуэгум текIауэ,
дэ, фIэщхъуныгъэ зиIэхэр, лIахэм дакъыхэтэджыкIыжауэ зэры-
жаIэмкIэ цIыху гуэрхэм я фIэщхъуныгъэр ягъэкIуэд. 19Ауэ
Тхьэм игъэува лъабжьэ быдэр сыт щыгъуи щыIэнущ.
Мыхъурым хуэдэу абы тедзащ: «Зиусхьэным езым и цIыхухэр
ещIэ», икIи «Зиусхьэным и цIэр зыщтэ дэтхэнэми и щIыбыр
бзаджагъэм и гъуэгум хурегъазэ».

20 Унэшхуэ гуэрым дыщэмрэ дыжьынымрэ къахэщIыкIа хьэ-
къущыкъухэм я мызакъуэу, пхъэмрэ ятIэмрэ къахэщIыкIа хьэ-
къущыкъухэри щIэлъщ. ХьэкъущыкъуфI дыдэхэри, къызэры-
гуэкI хьэкъущыкъухэри яхэтщ. 21Зыгуэрым и гур игъэкъэбзэжу,
мы Iуэху бзаджэхэм пэIэщIэ зищIмэ, хьэкъущыкъуфI дыдэм
хуэдэ хъунущ. А цIыхур, Зиусхьэным и IэмыщIэ зрилъхьауэ, и
фIагъ Зиусхьэным иригъэкIыурэ, фIыщIагъэ псоми хуэхьэзыр
хъунущ.

---

2:17 лыших уз – «рак» арщ.

2:17 Именей – еплъ 1 Тим. 1:20.

[22]Ауэ щIалагъэм и хъуэпсэныгъэ Iейхэм пэIэщIэ зыщI. Зиус-
хьэным гукъабзагъэкIэ елъэIухэм урагъусэу, щыпкъагъэм,
фIэщхъуныгъэм, фIылъагъуныгъэм, гузэгъэгъуэм я ужь ит.
[23]ПщIэ зимыIэ икIи щIэныгъэ зыхэмылъ зэдэуэныгъэхэм
пэIэщIэ зыщI. Абыхэм цIыхухэр зэрызэщагъыхьэр уощIэ.
[24]Зиусхьэным хуэлажьэ цIыхур зэщыхьэным хэт хъунукъым.
АтIэ цIыху псоми яхуэфIу, абыхэм щыпкъагъэр езыгъэщIэн
зылъэкIыу, зызымыгъэгусэ цIыхуу щытын хуейщ. [25]Езым къы-
пэувхэм гущабагъэкIэ ягуригъэIуэн хуейщ. Щыпкъагъэр ящIэн
щхьэкIэ, Тхьэм ахэри щIригъэгъуэжынкIи хъунущ. [26]Апхуэдэу
хъумэ, зыхуейр яригъэщIэну шейтаным иубыда нэужь, абы и
хъым къикIыфыжынущ ахэр.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мы дунейм и иужьрей махуэхэм щыпсэуну*
*цIыхухэр зыхуэдэ хъунур*

Мы дунейм и иужьрей махуэхэм зэман гугъухэр къызэры-
кIуэнур пщIэн хуейщ. [2] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхухэм езыхэм
фIыуэ залъагъужынущ, ахъшэри фIыуэ ялъагъунущ, закъыфIэ-
щIыжынущ, пэгэнущ, шхыдэрейуэ щытынущ, адэ-анэхэм
едэIуэнукъым, арэзыныгъэ яIэжынукъым, Тхьэр ягъэлъэпIэну-
къым, фIылъагъуныгъэ яIэжынукъым; [3] зэкIужыныгъэр зыхуэ-
дэр ящIэнукъым, нэгъуэщI цIыхухэм IейкIэ тепсэлъыхьынущ,
захуэшыIэжынукъым, гущIэгъуншэ хъунущ, фIыгъуэр фIыуэ
ялъагъужынукъым; [4]уащыгугъ хъужынукъым абыхэм, щхьэ-
псынщIагъэкIэ псэунущ, я пэр драгъэзеинущ; Тхьэр фIыуэ ялъа-
гъуным нэхърэ, загъэтхъэжыныр нэхъ къащтэнущ; [5]Тхьэм и
фIэлIыкI ягу илъ хуэдэу зыкъагъэлъагъуэнущ, ауэ Тхьэм и
лъэкIыныгъэр ядэнукъым. Апхуэдэ цIыхухэм пэIэщIэ зыщI.

[6]А цIыхухэм ящыщхэр унэхэм яфIыщIопщхьэ, зи гуэныхьхэм
текIуадэ цIыхубзу хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэ зэмылIэужьы-
гъуэхэм зыкърезыгъэшэкIхэр дахьэх. [7]А цIыхубзхэм Iуэхухэр
сыт щыгъуи зрагъащIэми, щыпкъагъэр къащIэн ялъэкIыркъым.

[8]Ианнийрэ Иамврийрэ* Мусэ бегъымбарым зэрыпэувам
хуэдэу, мы цIыхухэри щыпкъагъэм поув. Ахэр зи акъыл някъуэ
цIыхущ, фIагъ къызыпымыкI фIэщхъуныгъэщ яIэр. [9]Ауэ
абыхэм я Iуэхур куэдрэ къадэхъунукъым; Ианнийрэ Иам-
врийрэ я делагъэр цIыху псомкIи нэрылъагъу зэрыхъуам хуэ-
дэу, апхуэдэхэм я делагъэри цIыху псомкIи нэрылъагъу
хъунущ.

*Паул Тимофей иужьрей Iуэхуу хуигъэбыдар*

[10]Сэ цIыхухэм езгъащIэ Iуэхухэр, си псэукIэр, си мурадыр,
си фIэщхъуныгъэр, си шыIэныгъэр, си фIылъагъуныгъэр, си
теубыдагъэр уощIэ. [11]Антиохие, Иконие, Листрэ къалэхэм* цIы-
хухэм щызагъэшэча гугъуехьри, гугъуехь куэд зэрыщысшэчари
уощIэ. ГугъуехьышхуэхэрсагъэшэчащI, ауэ Зиусхьэным а псоми
сакъыхихыжащ. [12]Тхьэм и фIэлIыкI зи гум илъу, Мэссихь Хьисэ
зи псэм щыщу псэуну хуей дэтхэнэми цIыхухэм гугъуехь ира-
гъэшэчынущ. [13]ЦIыху бзаджэхэми гъэпцIакIуэхэми я бзаджа-
гъэм хагъэхъуэнущ; абыхэм нэгъуэщI цIыхухэр дахьэх, езыхэми
я щхьэр къагъэпцIэж. [14]Уэ зэбгъэщIа, узыщыгугъ Iуэхухэм сыт
щыгъуи тет, ахэр зэхозыгъэщIыкIа цIыхухэр уощIэри. [15]Абы
нэмыщI, уи сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ Тхьэм и псалъэ тха
лъапIэхэм* хэтыр зэбгъэщIащ. Мэссихь ХьисэкIэ уиIэ фIэщхъу-
ныгъэмкIэ умыкIуэду укъызэрелынур а тхылъхэм къыбгура-
гъэIуэн ялъокI. [16]Тхьэм и псалъэ тха лъапIэ псори Тхьэм и Псэ
ЛъапIэм деж къикIащ. ЦIыхухэм щыпкъагъэр ебгъэщIэнкIи,
уегиинкIи, бгъэдэIуэнкIи, щыпкъагъэр зыхэлъ псэукIэр еб-
гъэщIэнкIи щхьэпэщ а псалъэхэр. [17]Тхьэм хуэлажьэ цIыхур
дэтхэнэ IуэхуфIми хуэхьэзыру икIи хуэгъэпсауэ щытынущ ап-
хуэдэ щIыкIэкIэ.

---

3:8 Ианнийрэ Иамврийрэ – Мысырым щыщу, удыгъэм хэт лIитIу Мусэ бегъым-барым пэуву щытахэр арщ. Еплъ 2 Мусэ 7:22; 9:11.

3:11 Антиохие, Иконие, Листрэ къалэхэр – еплъ Апостол. 13:14-14:20; 16:1-5.

3:15 Тхьэм и псалъэ тха лъапIэхэр – журтхэм я тхылъ лъапIэхэр арщ: Торэт хабзэр, Сабурыр, бегъымбархэм ятха тхылъхэр икIи нэгъуэщIхэр.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Тхьэм и пащхьи, псэухэмрэ лIахэмрэ хьэкум ятезыщIыхьыну
ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и пащхьи, Мэссихь дунейм къы-
зэрыкIуэжынумкIи, абы тепщэныгъэу иIэмкIи быдэу унафэ
ныпхузощI: [2] Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм егъащIэ, игъуэу щы-
щытми щыщымытми ахэр ебгъэщIэным хэт. ЯгурыгъаIуэ,
егъэдэIуэ, ущий, шыIэныгъэ псомкIи щыпкъагъэр егъащIэ. [3]Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ ди фIэщхъуныгъэм дигъащIэ, дызыщыгугъ
хъуну Iуэхугъуэхэр цIыхухэм щамыдэну зэманыр къэкIуэнущ.
ЦIыхухэм я тхьэкIумэхэм псалъэ дыгъэлхэр ирагъаIуэурэ, я
гур зыщIэхъуэпс Iуэхухэр езыгъэщIэн егъэджакIуэхэр къагъуэ-
тынущ. [4]Щыпкъагъэр зэхахыну ямыдэу, гъуэщауэ, шыпсэ
гъэщIэгъуэнхэм едэIуэнущ. [5]Уэ, дауэ хъуми, зышыIэ. Гугъуехь
шэчи, хъыбарыфIыр цIыхухэм яхуэзыIуатэм и Iуэхур лэжь,
Тхьэм уи пщэм къыдилъхьа Iуэхур нэсу гъэзащIэ.

[6]Сэ къурмэныпхъэ сыхъуу, дунейм сехыжыну си зэманыр
къэсащ. [7]ХъыбарыфIым фIыуэ сыхущIэкъуащ, къэзжынур къэ-
зжащ, фIэщхъуныгъэр схъумащ. [8]Иджы Зиусхьэным щыпкъа-
гъэм и тажыр схуигъэхьэзыращ. А тажыр щыпкъагъэм тету
хьэкум зыщIэ Зиусхьэным къемэтмахуэм къысхуигъэфэщэнущ,
ауэ сэ си закъуэкъым, ар дунейм къызэрыкIуэжынум щыгуфIы-
кIа псори сэ сщIыгъущ.

### *Паулрэ Тимофейрэ я щхьэ я Iуэхухэм теухуауэ*

[9]Си деж щIэхыу укъызэрыкIуэным хущIэкъу. [10]Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Димас* мы дунейр фIыуэ илъэгъуати, сэ сыкъигъанэ-
ри, Фессалоникэ къалэм* кIуащ. Крискент Галатие хэкум кIуащ,
Тити* Далмацие хэкум* кIуащ. Си деж къэнар Лука* закъуэщ.
[11]Марк* къыздэши, къакIуэ, абы и дэIэпыкъуэныгъэ си Iуэхум-

4:10 Димас – еплъ Кол. 4:14.

4:10 Фессалоникэ къалэр – еплъ 1 Фесс. 1:1.

4:10 Тит – Паул дэлажьэу, и гъусэхэм ящыщу щытащ. Еплъ Гал. 2:1.

4:10 Далмацие хэкур – Иллирик хэкум щыщу и ипщэ Iыхьэу щытащ. Ар иджырей Кроатиерщ.

4:10 Лука – еплъ Кол. 4:14.

4:11 Марк – еплъ Кол. 4:10.

кIэ сыхуейщи. [12] Тихик* Ефес къалэм згъэкIуащ. [13] Троадэ къалэм* Карп деж къэзгъэна цейри тхылъхэри, псом хуэмыдэу фэм къыхэщIыкIа тхылъхэр, укъыщыкIуэкIэ къыздэхьыж.

[14]ГъуаплъащIэ Александр леишхуэ къызихащ. Зиусхьэным абы и Iуэхухэм яхуэфащэр иригъэпшыныжынщ. [15]Уэри абы ухуэсакъын хуейщ, ди псалъэхэм лъэщу ар япэувыжащи.

[16]ХеящIэм и пащхьэм зыщызгъэхеину япэ дыдэ сыщыхэтам,* зыри дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуакъым, псоми сыхыфIадзэжащ. КъызащIар Зиусхьэным ярыремыгъэпшыныж. [17]Хамэ псоми зэхахын щхьэкIэ, езым и хъыбарыфI псори яхуэсIуэтэну Зиусхьэныр къызбгъэдыхьэри къару къызитащ. Аслъэным и жьэм сыкъыжьэдихыжам хуэдэщ ар. [18]Зиусхьэным бзаджагъэ псоми сыкъыхихыжынущ икIи сыкъихъумэурэ, езым и Тепщэныгъэшхуэу уафэм щыIэм сыщIишэнущ. МыкIуэдыжын щIыхьышхуэр зеир Зиусхьэнырщ. Iэмин.

### *Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[19] Прискиллэ, Акилэ,* Онесифор и унагъуэм фIэхъус схуехыж. [20] Ераст Коринф къалэм къыдэнащ. Трофим Милит къалэм* сымаджэу къыщызгъэнащ. [21] ЩIымахуэр* къимыхьэ щIыкIэ укъызэрыкIуэным хущIэкъу. Еввул, Пуд, Лин, цIыхубз Клавдие сымэ икIи къуэш псоми фIэхъус къуахыж.

[22] Зиусхьэныр уи псэм гъусэ хурехъу. Тхьэм и нэфI къыфщрехуэ. Iэмин.

---

4:12 Тихик – еплъ Кол. 4:7.

4:13 Троадэ къалэр – кхъухь тедзапIэ иIэу, Эгейскэ хым (иджырей Тыркум и къухьэпIэ хы Iуфэр аращ) Iуту, Мисие хэкум щыщащ.

4:16 хеящIэм и пащхьэм зыщызгъэхеину сыщыхэтам – тепщэныгъэ зиIэ рим цIыхухэм я пащхьэм.

4:19 Прискиллэ, Акилэ – еплъ Апостол. 18:2-3, 18-19.

4:20 Милит къалэр – кхъухь тедзапIэ иIэу, Ефес къалэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ Эгейскэ хым Iутащ.

4:21 щIымахуэм – щIымахуэм кхъухькIэ кIуэныр шынагъуэт.



# АПОСТОЛ ПАУЛ ТИТ ХУИТХА ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Паулщ. Тхьэм сыхуолажьэ, Хьисэ Мэссихь и апостолуи
сыщытщ. Апостол сыщIэхъуар Тхьэм къыхиха цIыхухэм фIэ-
щхъуныгъэ яIэ сщIын, Тхьэм и гъуэгум теухуа щыпкъагъэр ез-
гъэщIэн щхьэкIэщ. [2]МыкIуэдыжын гъащIэ зэрагъуэтыным щы-
гугъыурэ пэплъэнущ ахэр. А мыкIуэдыжын гъащIэр цIыхухэм
яритыну щыпкъагъэ зиIэ Тхьэм лъэхъэнэ псоми япэ игъэгугъащ.
[3]Сэ цIыхухэм ялъэзгъэIэс хъыбарыфIымкIэ Тхьэм и хъыбарыр
игъуэ дыдэм нахуэ ищIащ. ДымыкIуэду дыкъезыгъэл Тхьэм а
хъыбарыфIыр си пщэм къыдилъхьэри, цIыхухэм ар яхуэсIуэ-
тэну унафэ къысхуищIащ.
[4] Уэ, Тит,* мы тхылъыр ныпхузотх. Зы фIэщхъуныгъэ зэры-
диIэм щхьэкIэ си къуэ пэжым хуэдэ ухъуащ.

Тхьэуэ Адэ лъапIэмрэ дымыкIуэду дыкъезыгъэл Хьисэ
Мэссихьрэ къабгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ
къыплърес.

---

1:4 Тит – еплъ 2 Кор. 2:13.

*Члисэ зэхуэсым хуэлажьэ унафэщI къуэшхэр зэрыщытын хуейр*

[5]Крит хытIыгум укъыщIытезнар Iуэху ныкъуэщIэхэр нэб-
гъэсын икIи, сэ унафэ зэрыпхуэсщIам тету, дэтхэнэ къалэми
нэхъыжьхэр* члисэ зэхуэсхэм яхуэбгъэувын щхьэкIэщ. [6]Нэхъы-
жьыр зыми зэригъэкъуэншэн лъэпкъ зыбгъэдэмылъу, зы фыз
фIэкI зимыIэ лIыуэ* щытын хуейщ. И бынхэми фIэщхъуныгъэ
яIэн хуейщ. Ахэр мыхъумыщIэ псэукIэкIи мыдэIуэныгъэкIи
къуаншэ хъу хъунукъым. [7] Тхьэм и Iуэхур члисэ зэхуэсым и
Iэтащхьэм* и пщэм зэрыдэлъым щхьэкIэ, ар зыми зэригъэ-
къуэншэн лъэпкъ зыбгъэдэмылъ лIыуэ щытын хуейщ: ерыщу
икIи губжьыгъуафIэу, ефакIуэуи, цIыху Iэлуи, мылъкум щIэ-
хъуэпсуи щыт хъунукъым. [8]ХьэщIэхэр зыгъэлъапIэ, фIыр фIыуэ
зылъагъу, гулъытэ зиIэ, захуагъэ, гу къабзагъэ, шыIэ зыхэлъ
лIыуэ щытын хуейщ. [9] Iуэху пэжу фэдгъэщIахэм быдэу тетын
хуейщ. Апхуэдэмэ, ди фIэщхъуныгъэм дигъащIэ, дызыщыгугъ
хъуну IуэхухэмкIэ цIыхухэр игъэгушхуэн лъэкIынущ абы, а
Iуэхухэм пэув цIыхухэми зэрымызахуэр ягуригъэIуэн лъэкIы-
нущ.
[10]ЦIыху мыдаIуэ куэд щыIэщ, псом хуэмыдэу сунэт ящIахэм
ящыщу. Псалъэ пщIэншэхэр зэпымыууэ къыжаIэ, нэгъуэщI цIы-
хухэри дахьэх. [11]Абыхэм я жьэр ебгъэубыдын хуейщ. ЦIыхухэм
ирамыгъэджапхъэ Iуэхухэм ирагъаджэурэ, напэншагъэкIэ ахъ-
шэкIэ нэпсейуэ, унагъуэхэр зэрыунагъуэу ягъэунэхъу. [12]Абыхэм
ящыщ тхакIуэ гуэрым* жиIащ: «Крит хытIыгум щыщхэм зэпы-
мыууэ пцIы яупс, хьэкIэкхъуэкIэ бзаджэхэм хуэдэщ, хуэмыхущ
икIи ныбаблэщ». [13]А тхакIуэм жиIэр пэжщ. Аращи, ткIийуэ
ягурыгъэаIуэ фIагъ къызыпыкI фIэщхъуныгъэ яIэ хъун [14]икIи
журтхэм я шыпсэхэми, щыпкъагъэм зи щIыбагъыр хуэзыгъэ-
захэм я унафэхэми емыдэIуэн зэрыхуейр. [15]Зигу къабзэ цIыху-
хэм я дежкIэ псори къабзэ мэхъу, ауэ зигу мыкъабзэ цIыхухэм
я дежкIи, ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ зимыIэхэм я дежкIи къабзэ
зыри щыIэкъым. Я акъылри ныкъуэщ. Ягухэми ери фIыри зэха-

1:5 нэхъыжьхэр – еплъ 1 Тим. 4:14.

1:6 зы фыз фIэкI зимыIэ – е зэ фIэкI къэзымышауэ.

1:7 члисэ зэхуэсым и Iэтащхьэ – еплъ 1 Тим. 3:1.

1:12 тхакIуэ гуэр – Епименидщ.

гъэкIыфыркъым. [16]Тхьэр ящIэу жаIэ, арщхьэкIэ ялэжь Iуэхухэмкlэ Тхьэр зэрамыщIэр IупщIу къагъэлъагъуэ. Ахэр цIыху гущыкIыгъуэщ, жыIэмыдаIуэщ, сыт и лъэныкъуэкIи фIагъ лъэпкъ къапыкIыркъым.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Ди фIэщхъуныгъэм дигъащIэ, дызыщыгугъ хъуну Iуэхухэр*

Ди фIэщхъуныгъэм дигъащIэ, дызыщыгугъ хъуну Iуэхухэм утету цIыхухэр бгъэIущын хуейщ. [2] ЛIы нэхъыжьхэр ущий зашыIэну, щIыхь яхэлъу псэуну, гулъытэ яIэну икIи фIагъ къызыпыкI фIэщхъуныгъэр, фIылъагъуныгъэр, теубыдагъэр зыхалъхьэну.

[3]Фызыжьхэри ущий Тхьэм и бзылъхугъэ лъапIэхэм яхуэфащэу псэуну, нэгъуэщI цIыхухэм IейкIэ ятемыпсэлъыхьыну, фадэм зыдрамыгъэхьэхыну икIи фIыр зыхуэдэр цIыхухэм ирагъащIэну. [4,5]ИтIанэ, Тхьэм и псалъэхэм Iей лъэпкъ хужамыIэн щхьэкIэ, а фызыжьхэм цIыхубз ныбжьыщIэхэм гурагъэIуэн хуейщ ялIхэмрэ я бынхэмрэ фIыуэ ялъагъуну, гулъытэ яIэну, гукъабзагъэкIэ псэуну, я унагъуэхэм фIыуэ якIэлъыплъыну, фIыуэ щытыну икIи ялIхэм яхуэIурыщIэну.

[6]ЩIалэхэми ягурыгъаIуэ гулъытэ яIэн зэрыхуейр. [7]ФIы зэрыпщIэмкIэ нэгъуэщI цIыхухэм сыт и лъэныкъэукIи щапхъэ яхуэхъу. ГупцIанэкIэ, щыпкъагъэ пхэлъу, Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм ягурыгъаIуэ. [8]Зыгуэрым узэригъэкъуэншэн лъэпкъ щымыIэу, узыщыгугъ хъуну хъыбархэр цIыхухэм егъащIэ, къытхужаIэн Iей ямыгъуэту, уэ къыппэув цIыхухэр укIытэжын щхьэкIэ.

[9]УнэIутхэри я тепщэхэм псомкIи яхуэIурыщIэну, ягу зрагъэхьыным хущIэкъуну икIи япэмыпсэлъэжыну ущий. [10]Абы нэмыщIу, мыдыгъуэну икIи я щыпкъагъэр сыт щыгъуи къагъэлъэгъуэну ягурыгъаIуэ. Апхуэдэу хъумэ, дымыкIуэду дыкъезыгъэл Тхьэм теухуауэ ди фIэщхъуныгъэм дигъащIэ Iуэхухэм цIыхухэм щIыхь хурагъэщIынущ абыхэм ялэжь IуэхухэмкIэ.

[11]ЦIыху псори мыкIуэду къригъэлын щхьэкIэ, Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэ къигъэлъэгъуащ. [12] Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэм

дигъащIэ Iуэхухэр мыхэращ: Тхьэм и фIэлIыкI зыхэмылъ псэукIэми, мы дунейм и хъуэпсэныгъэ мыхъумыщIэхэми ди щIыб
яхуэдгъэзэныр, гулъытэрэ щыпкъагъэрэ диIэу, Тхьэм и фIэлIыкI
ди гум илъу, мы зэманым дыпсэуныр. [13]Апхуэдэу дыпсэун
хуейщ ди Тхьэшхуэу, дымыкIуэду дыкъезыгъэл Хьисэ Мэссихь
и щIыхьышхуэр къыщылъэгъуэну махуэм дыпэплъэурэ. А
гуфIэгъуэ махуэр къызэрыкIуэнум дыщыгугъыу дыпоплъэ.
[14]Мэссихь и псэр дэр щхьэкIэ итащ. И псэр щIитар бзаджагъэ
псоми дыхишыжу, ди щхьэхэр ищэхужын щхьэкIэщ икIи фIы
щIэным дигурэ ди псэкIи дыхэту, езым и лъэпкъ дыхъун папщIэ, ди гур игъэкъэбзэжын щхьэкIэщ.

[15]А Iуэхухэращ цIыхухэм ебгъэщIэн хуейр. Тепщэныгъэу уиIэ псомкIи цIыхухэр гъэгушхуэ икIи абыхэм яущие. Зыми нэмыплъ зрумыгъэт.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### *ФIы зэрыпщIэным хущIэкъу*

Уи цIыхухэм ягу къэгъэкIыж Iэтащхьэхэмрэ тепщэныгъэ зиIэхэмрэ яхуэIурыщIэн, едэIуэн, фIы щIэн дэтхэнэми хуэхьэзырын
зэрыхуейр. [2]Абы нэмыщIу, ягу къэгъэкIыж IейкIэ зыми темыпсэлъыхьын, шхыдэрейуэ щымытын, Iэсагъэрэ гущабагъэкIэ
адрей цIыхухэм яхущытын зэрыхуейри.

[3]ЗэхэщIыкI димыIэу, Тхьэм демыдаIуэу дыпсэууэ щытащ
дэри. Дыгъуэщауэ щытащ, ди гур зыщIэхъуэпса Iуэху мыхъумыщIэ куэдымрэ дызыгъатхъа Iуэху мыхъумыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ драпщылIащ. Бзаджагъэрэ фыгъуэныгъэкIэ дыпсэууэ, гущыкIыгъуэу, дызэрылъагъу мыхъуу щытащ. [4]Ауэ дикъегъэлакIуэ Тхьэм и фIыгъуэмрэ абы цIыхухэм яхуиIэ фIылъагъуныгъэмрэ къыщытхуигъэнахуэм, [5]дымыкIуэду дыкъригъэлащ. Щыпкъагъэ зыхэлъ Iуэхуу дэ длэжьахэм я Iуэху абы
хэлъакъым, атIэ Тхьэм дымыкIуэду дыкъыщIригъэлар гущIэгъуныгъэ зэриIэм щхьэкIэщ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм ди гур къызэригъэкъэбзэжамкIэ щIэрыщIэу дыкъалъхужауэ дищIащ, ди гурылъхэри зэблихъуащ. [6]ДымыкIуэду дыкъезыгъэл Хьисэ Мэссихь Тхьэм и унафэкIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэр уэру къытхури-

гъэхащ. 7Тхьэм дымыкIуэду дыкъыщIригъэлар и нэфI щыхуэны-
гъэкIэ щыпкъагъэ диIэу дилъытауэ, мыкIуэдыжын гъащIэу
дызыщыгугъыурэ дызыпэплъэр IыхьэфIу къытлъигъэсын
щхьэкIэщ. 8А псалъэхэр пэжщ. ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэр
фIы щIэным хэтын щхьэкIэ, а Iуэхухэм уи нэIэ ину тебгъэтыну
сыхуейщ. А Iуэхухэр фIыщ, я фIагъ цIыхухэм йокI.

9ПщIэ зимыIэ зэдэуэным, лъэпкъ зэтепщIыкIхэм, Торэт хаб-
зэм теухуа зэгурымыIуэными зэщыхьэными защыхъумэ, апхуэ-
дэ Iуэхухэм фIагъ лъэпкъ къадэкIуэркъым, пщIэи яIэкъыми.
10ФызэгурызымыгъаIуэ цIыхум зэрэ тIэурэ еущие, къомыдаIуэ-
мэ, пэIэщIэ зыщI. 11А цIыхум и акъыл зэрыныкъуэр, ар зэрыгуэ-
ныхьыщIэр уощIэ. Езым и щхьэкIэ зигъэкъуэншэжащ апхуэдэм.

*Иужьрей псалъэхэр*

12Артемрэ Тихикрэ* уи деж ныщызгъакIуэкIэ, си деж Нико-
пол къалэм* псынщIэу укъызэрыкIуэным хущIэкъу. ЩIымахуэр
абы щизгъэкIыну си гум илъщ. 13Хабзэхъумэ Зинэрэ Апол-
лосрэ* я гъуэгу щытехьэжкIэ, зыхуэмыныкъуэнIауэ гъуэгумкIэ
дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу. 14Ди цIыхухэм фIы щIэным зрагъэсэн
хуейщ, щыщIагъэшхуэ зиIэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун щхьэкIэ.
ФIагъ къызыпымыкI цIыху иремыхъу.

15 Си гъусэ псоми фIэхъус къуахыж. ФIэщхъуныгъэ зиIэу
фIыуэ дызылъагъухэм фIэхъус схуехыж.

Тхьэм и нэфI фэ псоми къыфщрехуэ. Iэмин.

---

3:12 Тихик – еплъ Кол. 4:7.

3:12 Никопол къалэр – Ахаие хэкум щыщу, Адрие хым Iутащ.

3:13 Аполлос – Апостол. 18:24-19:1 икIи 1 Кор. 3:1-9 зи гугъу ящIар арагъэнкIи мэхъу.




# АПОСТОЛ ПАУЛ ФИЛИМОН ХУИТХА ТХЫЛЪ

*ФIэхъус*

Сэ сы-Паулщ. Хьисэ Мэссихь сызэрыхуэлажьэм щхьэкIэ,
лъэхъуэщым сыщIадзауэ сыщIэсщ. ФIыуэ тлъагъуу, къыддэ-
лажьэ Филимон, члисэ зэхуэсым щыщу уи унэм щызэхыхьэхэм,
2 ди шыпхъу Апфие, Мэссихь щхьэкIэ дэ къыддэлажьэ Архипп
сымэ мы тхылъыр ныфхузотх, ди къуэш Тимофей* си гъусэу.
3 Тхьэуэ ди Адэ лъапIэмрэ Зиусхьэну Хьисэ Мэссихьрэ
къабгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къыфлърес.

*Паул Тхьэм щIыхь зэрыхуищIыр икIи зэрелъэIур*

4 Тхьэм сыщелъэIукIэ, уи гугъу зэпымыууэ сощI икIи си Тхьэм
щIыхь хузощI.
5 Зиусхьэн ХьисэкIэ уиIэ фIэщхъуныгъэмрэ Тхьэм и цIыху
лъапIэ псоми яхууиIэ фIылъагъуныгъэмрэ я хъыбарыр зэхэс-
хащ. 6 Дэ диIэ фIэщхъуныгъэмкIэ гъусэ укъытхуэхъуащ. Мэссихь
ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, Тхьэм фIыуэ къытхуищIэ псори
уэрэ дэрэ зэхудиIэ благъагъэм нэхъыфIу къыдгуригъэIуэну со-

2 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

лъэIу. [7]Уи фIылъагъуныгъэмкIэ ину сыбгъэгуфIащ икIи си гур
бгъэзэгъащ, си къуэш, Тхьэм и цIыху лъапIэхэм я гур бгъэзэ-
гъащи.

*Онисим щхьэкIэ Паул Филимон зэрелъэIур*

[8]Аращи, Мэссихь ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ, блэжын
хуеймкIэ унафэ пхуэсщIыну сытегушхуэ пэтми, [9]итIани фIылъа-
гъуныгъэкIэ сынолъэIумэ нэхъ къызощтэ. Сэ, Паул, лIыжьыр,
Хьисэ Мэссихь зэрыхуэлажьэм щхьэкIэ, лъэхъуэщым щIадзауэ
щIэсыр, [10]си къуэ Онисим щхьэкIэ сынолъэIу, лъэхъуэщым
сыздыщIэсым ар си къуэм хуэдэ хъуащи. [11] Япэм Онисим уэркIэ
сэбэпу щытакъым*, ауэ ар иджы уэркIи сэркIи сэбэпщ.

[12]Си псэм хуэдэу фIыуэ слъагъу хъуа а цIыхур иджы ныпху-
зогъэкIуэж. [13]ХъыбарыфIыр цIыхухэм зэрезгъащIэм щхьэкIэ,
лъэхъуэщым сыщIэсыху, ар уи пIэкIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэ-
хъун щхьэкIэ, си деж щызгъэIэну сыхуейт, [14]ауэ уэ хуит сумы-
щIауэ ар сщIэну сыхуеякъым, уэ уи фIыщIагъэм хэгъэзыхь хэ-
мылъу, ар уи гуапэу пщIэн щхьэкIэ. [15]Тхьэм Онисим пIалъэкIэ
ппэIэщIэ щIищIар [16] унэIутым хуэдэу мыхъужу, атIэ унэIутым
нэхърэ нэхъыфIыжу, фIыуэ плъагъу къуэшым хуэдэу, игъа-
щIэкIэ бгъуэтыжыну арагъэнкIэ хъунщ. СэркIэ куэду лъапIэщ,
уэркIи нэхъ лъапIэжщ, цIыху хуэдэу икIи Зиусхьэныр зи псэм
щыщ къуэшым хуэдэу ар зэрыщытыр.

[17]Сэ сыбдэлажьэу сыплъытэмэ, сэ уэ укъызэрыспегъуэкIынум
хуэдэу, абыи пегъуэкI. [18]ЗыгуэркIэ и ягъэ къокIауэ щытмэ, е уи
щIыхуэ телъмэ, сэ си деж щылъагъу. [19]Сэ сы-Паулщ, щIыхуэр
сэ уэстыжынщ, си IэкIэ сотх, ауэ Мэссихь уи псэм зэрыщы-
щым щхьэкIэ си щIыхуэ уэ зэрыптелъыр ныбжесIэн хуейкъым.
[20]Аращ, си къуэш, Зиусхьэным щхьэкIэ уи фIагъ къызэгъэкI.
Зиусхьэнир уи псэм зэрыщыщым щхьэкIэ си гур гъэзагъэ.
[21]УкъызэрызэдэIуэнум шэч лъэпкъ къытезмыхьэу ныпхузотх.
СынызэролъэIум нэхърэ нэхъыбэ зэрыпщIэнури сощIэ.

[22]НэгъуэщI гуэркIи сынолъэIу: ХьэщIэщ къысхуэгъэхьэзыр;
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм фызэрысхуелъэIуам папщIэ Тхьэм
сынывитыжыну сыщогугъ.

11 сэбэпу щытакъым – Онисим псалъэм къикIыр «сэбэпщ».

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[23]Мэссихь Хьисэ зэрыхуэлажьэм щхьэкIэ лъэхъуэщым щIа-
дзауэ къыздыщIэс Епафрас* фIэхъус къуехыж. [24]Сэ къыздэлажьэ
Марк*, Аристарх, Димас, Лука* сыми фIэхъус къыуахыж.
[25] Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и нэфI къыфщрехуэ. Iэмин.

23 Епафрас – еплъ Кол. 1:7.

24 Марк – еплъ Кол. 4:10.

24 Лука – еплъ Кол. 4:14.